12+

12

2016





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Зам. гл. редактора, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2016

# МАХ ДУГ

12

2016

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ



**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Сæйраг редакторы хæдивæг, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, ХОДЫ Камал



Дзæуджыхъæу, 2016

## НОМЫРЫ ИС:

### ЧЕХОЙТЫ СÆРÆБИ: 100 АЗЫ

*ДЗАСОХТЫ Музафер.* **Разныхас.** Цыбыртæгондæй 7

*ЧЕХОЙТЫ Сæрæби.* **Æмдзæвгæтæ** 9

*БИЦЪОТЫ Гриш.* **Ставд-Дуртæ.** Документалон уацау. Дарддæр 15

*ХЪÆЦМÆЗТЫ Азæ.* **Æртæ æмдзæвгæйы** 95

*ÆЛБОРТЫ Беллæ.* **Царды ныфсæй.** Æмдзæвгæтæ 97

*ДЫГЪУЫЗТЫ Тенгиз.* **Мæ уды æрхæндæг.** Æмдзæвгæтæ 99

### НОГ ТÆЛМАЦТÆ

*Фазиль ИСКАНДЕР.* **Уæрæсейыл хъуыдыгæнæг æмæ америкаг** 105

### ЦАРДЫ ЗИЛДУХÆНТЫ

*РУБАЙТЫ Барис.* **Йæ цырт йæхæдæг сæфтыдта** 110

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ 115

### ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

**Стихи вне времени** 124

АРВИСТОН 128

**«Мах дуг» 2016 азы ныммыхуыр кодта** 138

*Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы*

Ærхæндæг мын мæ уд æвзоны, царды уынæртæ хъусгæйæ. Куыд æмтъеры, æнæсæрфат, æгъатыр сты, æвæдза, уыдон! Куыд мæ рæхойынц, цы æвирхъау рис мыл æфтауынц! Куыст мын æвдадзы хос бæргæ фесты, фæлæ дзы исдугмæ куы фæиппæрд вæййын, уæд та зæрдæ ногæй ныммæтъæл вæййы. Гъæй-джиди, æдзæрæг быдырмæ кæнæ хъæдмæ фæлидз!

Æмæ ныр адæм алы ран дæр, æппæт аргъуанты дæр æмæ æппæт къабакты дæр хъæлæсыдзагæй куы ныхъхъæр ласынц «Боже, царя храни!», уæд мæн та, мæ цæссыгтæ тыхтæ-фыдтæй уромгæйæ, фæфæнды мæхимидæг базарын: «Боже, храни бедный народ, бедную Россию!»

Чырыститæ кометæтау стæм хатт фæзынынц, фæлæ Иудæтæ къогъотæй уæлдай не сты – бæз-бæз кæнынц алы рæтты.

***Васили Ключевский***

# ЧЕХОЙТЫ СÆРÆБИ: 100 АЗЫ



* * *

...Кæд искуы чиныджы сæргонд фæрæстмæ, уæд уыдоны номхыгъды ис Чехойты Сæрæбийы «Æргом зæрдæ» дæр, уымæн æмæ поэты сфæлдыстадон къæбицмæ дæгъæлы хуызæн у, ирдæй йын æвдисы йæ сæйраг миниуæг.

Сæрæби æцæгæйдæр уыдис æргом зæрдæйы хицау. Иуæй, цы бамбæхстаид, уый йæм нæ уыд, иннæмæй та йæм исты сусæгдзинад куы уыдаид, уæддæр æй кæмæй бамбæхстаид, ахæм адæймаг не ссардтаид...

...Хæст стыр фæд ныууагъта Сæрæбийæн канд йæ зæрдæйы нæ, фæлæ йе сфæлдыстады дæр. Бирæ æмдзæвгæтæ ныффыста тохы цæхæры, бирæ ныффыста хæсты фæстæ дæр...

Поэты курдиат уæлдай ирддæрæй райхæлд хæсты фæстæйы азты. Уарзондзинадыл цы уацмыстæ ныффыста, уым тæлфы лирикон хъæбатыры æнæхин æмæ сыгъдæг æнкъарæнтæй дзаг зæрдæ. Сæрæби йæ фыццаг къахдзæфтæй фæстæмæ дæр тырныдта цыбыр ныхæсты стыр æмæ арф хъуыдытæ бавæрынмæ æмæ уыцы хъуыддаджы йæ къухы бафтыд зынгæ æнтыстдзинæдтæ... Йæ бирæ æмдзæвгæтæн æрмæст сæ фыццаг рæнхъытæ ранымайгæйæ дæр бамбарæн ис, арфхъуыдыджын æмæ бирæ цæуылдæрты дзурæг кæй сты, уый: «Æз бæлас гуыппы тыххæй нæ калын», «Цардæй æз лæвар хæрзтæ нæ домын», «Мæн цы фæндыд, уый мæнæн нæ бантыст», «Ды лауызау æнцон фæлдахæн дæ», «Дæуæн кæрды дыууæрдæм дæр дæ цæвæг», «Мæ фыстыты мын ды рæстдзинад агур» æмæ афтæ дарддæр. Æлвæст хъуыдытæ, зæллангæнаг рæнхъытæ иу æмæ дыууæ нæй поэты сфæлдыстады:

*Ис амонд адæмы æхсæн,*
*Уый мах нæ иудзинадæй хатæм.*
*Æз уымæн амондджын куы дæн,*
*Кæй ысты амондджын нæ адæм.*
*Лæг цардæй хæс фæдары, хæс,*
*Æмæ æз бузныг дæн гъеуымæй:*
*Кæй цæрын адæмимæ æз,*
*Кæй цæрынц адæм дæр мæнимæ.*

...Чехойы-фырт бирæ азты куыста æмдзæвгæтæй фыст роман «Цæр!»-ыл. Уымæй хицæн сæргæндтæ мыхуыргонд æрцыд газет «Рæстдзинад» æмæ журнал «Мах дуджы».

Сæрæби, хъыгагæн, бирæ нæ фæцард... Æртындæс æмæ йыл дыууиссæдз азы дæр æххæст нæма цыд, афтæмæй 1969 азы æрдæгыл аскъуыд йæ цард, йæ хъуыры фæбадтысты йæ бирæ фæндтæ, фæлæ йын бакæнын цы бантыст, уыдон ын йæ ном рох кæнын нæ бауадздзысты, ирон литературæйы йын уыдзæн йæхи сæрмагонд бынат.

...Йæ иу æмдзæвгæйы поэт фыста:

*Кæд мæ фæллой фидæн бонтæм афтдзæн,*
*Кæд мæ ном æлгъыстаг ном нæ уа,*
*Кæд мæ зарæг сомбон дæр хъæуа,*
*Хур мæ уæд мæ ингæнмæ дæр тавдзæн.*

Хъæуы Сæрæбийы зарæг абон, йæхæдæг сомбон кæй хуыдта, уыцы дуджы; хъæудзæн фидæны фæлтæрты дæр, уымæн æмæ поэт йе ‘мдугонты хуызæн рæзгæ фæлтæртæм дæр ныфсджын æмæ сæрыстырæй сидти:

*Гъæй-джиди, ‘мæ ноджы тынгдæр базмæл!*
*Уый цæй цыд у?! – ме ‘мцыд ма кæнут!*
*Æз цæуын ыстыр санчъехтæй размæ,*
*Цыма дуне иууылдæр мæн у!*

...Цард æнæфæугæ у, кæд дзы алы адæймаджы цардæн дæр йæ кæрон æрхæццæ вæййы, уæддæр. Æнусон нæу фыссæджы цард дæр. Æнусон сты, адæмы зæрдæмæ фæндаг цы уацмысты фæрцы ссардта, арф бынат дзы цы сфæлдыстадон бынты фæрцы бацахста, уыдон. Чехойты Сæрæби ирон литературæйæн зæрдиагæй фæлæггад кодта. Йæ хъарутыл никуы бацауæрста. Цы бирæ уацмыстæ ныффыста, уыдоны хуыздæртæ адæмы зæрдæйы æвзæрын кæндзысты рухс хъуыдытæ, амондджын бæллицтæ, рæсугъд æнкъарæнтæ.

***Дзасохты Музафер***

*ЧЕХОЙТЫ Сæрæби*

# МÆЛÆТÆН ÆЗ НÆ БАСАСТÆН

* * *

Мæ цæстытыл уайынц нæ хæхтæ,
Нæ цъиititæ, адæгтæ, ком
'Мæ ноджы мæ дурæфхæлд къæхтæ –
Зымæг дæр-иу чи уыди гом.

Ныр дæр мæ нæма вæййы рохы,
Цыдæриддæр кодтон, куыстон:
Уæрыччытæ, рæзгæйæ, хохы
Иликъоты саппыл хызтон.

Æрфæнды мæ ногæй сæ хизын,
Нæма зæгъын уымæн æгъгъæд...
Нæ зыдтой мæ сау къæхтæ риссын
Сæ фæстæ чъыллиппытæй уæд.

## ЗЫМÆГОН ÆХСÆВ КРАСНОГОРЫ

Уазал бон баизæр. Бахсæв.
Хъæубæстæ сабыр лæууы.
Хъæддзауты уæрдæтты къæс-къæс
Дардæй кæцæйдæр цæуы.

Ницыуал хъуысы мæ сыхæй
(Ничи дзы бады мæ бæрц),
Рацыдтæн уынгмæ. Йæхиуыл
Урс хъæццул бамбæрзта æрдз,

Ахæм рæсугъд ирд æхсæвы
Бæлæстæ сабыр лæууынц.
Ранæй-ран уасджытæ уасынц,
Фаллаг сых куыйтæ рæйынц.

Цъититыл уалæ æнцайы
Сабыр, æнæ змæлгæ, мигъ.
Хъæумæ сызгъæрин мæй арвæй
Мидбылты худгæ ныдджих.

* * *

Тæхудйаг, йе 'мбисыл ыскъуыдæй
Кæмæн нæ баззайы йæ зард,
Æмæ йæ мæлæты æрцыдæй
Нæуæгæй чи ссары йæ цард.

Тæхудйаг, арæхдæр кæй мысынц
Нæ адæм, ку' амбырд вæййынц, уæд,
Æмæ кæй цыртыл дæр ныффыссынц:
«Нæй амæн мах æхсæн мæлæт».

* * *

Æз нæ дæн, нæ, арвæй чи 'рхауд, ахæм,
У мæнæн зæххон низтæй мæ низ...
Адæм се 'ппæт иухуызон хорз не сты –
Алкæмæ дæр исты аипп ис.

Ис мæнмæ та ахæм аипп царды:
Алкæмæ дæр худæндзастæй кæс,
Алкæй дæр мæхи хуызæн кæй хонын,
Стæй мæхи та – алкæй хуызæн æз.

Чи зоны, цы мæ фæзæгъынц адæм,
Хорз сæ æз куы фæхудын кæнын.
Адæмы æз хъæлдзæг дарон хъуамæ,
Фæлæ искæй ма кæнон кæуын.

Хорз адæмтæ, уадзут-ма мæ уемæ!
Галиумæ мын ма ‘мбарут мæ низ.
Адæм се ‘ппæт иухуызон хорз не сты –
Алкæмæ дæр исты аипп ис.

* * *

Цардæй æз лæвар хæрзтæ нæ домын,
Хъуамæ уал ын бафидон йæ хæс.
Цардæн йе ‘мбæрц н’ ацæрдзынæн, зонын,
Фæлæ йе ‘мцыд акæндзынæн æз.

* * *

Фæцæф та дæн, мæ тугæй мит ыссырх и.
Йæ бауромын нæу мæхи бон, нæу!
Хæссы мæ зæрдæ, цæсгомыл – мæ сур хид.
Æвзæр у цæф! Мæ удхæссæг, фæлæуу!..

Мæ цурты згъорынц ме ‘мбæлттæ æд гæрзтæ,
Нæма сæ ‘вдæлы а сахат мæнмæ.
Фæзынд хæстон хо уыдонæн сæ фæстæ...
Бæтты мæ цæф, ыстæй фысдзæн хъæмæ...

«Нæ фервæздзæн...» Æмæ йæ æз æмбарын...
Мæ ком ныххус, зæгъин ын: «Дарддæр тæх!»
Уæд хъусын ног: «Дæ цæсгом дæр ныттар и,
Къæбæлдзыгсæр, дæу суазæг кæндзæн зæхх...»

Æндæр æппындæр нал бамбæрстон ницы...
Мæнæй мæ мæлæт абон дæр ма лидзы!

* * *

Нæ ивгъуыдыл мын ма зар,
Нæ фидæныл мын зар.
Уыди нæ ивгъуыд уазал,
Уыдзæн нæ фидæн хъарм.

Бынтон нæ мæлы хорз лæг...
Куы ‘рцæуы уый ныгæд,
Вæййы ма ‘гас йæ хорзæх
Нæ адæмы ‘хсæн уæд.

* * *

Æз нæ дзурын алыхатт мæ низтыл.
Махмæ низтæн ницы у сæ бон.
Мæн фæфæнды афт’ амæлын искуы:
Хъуамæ ма æз уый фæстæ цæрон.

Кæд мæ куыст у арфæйаг, – фæзæгъын, –
Ис ма уæд мæлæты фæстæ цард!
Æз нæ уыдтæн иу заманы зæххыл,
Афтæ та æз нал уыдзынæн тагъд.

Фæлæ абон уый тæссæй нæ тайын...
Хъуамæ уон мæ мæлæтæн мæлæт.
Æз куы кусон адæмы пайдайæн,
Æз бынтон нæ амæлдзынæн уæд.

Æз куы кусон адæмы хорзæхыл,
Циу, зæгъут-ма, уæд мæнæн мæ низ?
Нæй лæгæн æнусмæ цæуæн зæххыл,
Фæлæ йын æнусмæ цæрæн ис.

Ничи бæллы а зæххыл мæлынмæ –
Цардыл мæ хуыздæр хъæуы фыссын.
У æнцон æвзæр уæвын, мæ лымæн,
У бæгуыдæр хорз лæг уæвын зын.

Кадмæ,номмæ искæйтау нæ бæллын.
Кæд мæлон, уæд – адæмы сæрыл.
Цъаммар лæг дыууæ хатты фæмæлы,
Хорз лæг та дыууæ хатты цæры.

* * *

Нал мæ нымайынц кæстæрыл, –
Цæсгомыл хæст у бæрæг.
Урсытæ рауад мæ сæрыл,
Хæсты зæронд кæны лæг.

Н’ ауæрстон уым æз мæ удыл,
Туг дæр дзы акалын хъуыд.
Мачи мæ домæд рæсугъдыл, –
Тымыгъты фесæфт мæ уынд.

Дзурæд дын алчи: «Зæронд у»,
Нал вæййы сногæн фæрæз.
Й’ амонд нæ алкæмæн конд у,
Хæсты фæзæронд дæн æз.

Ме стæг дзы тухæнты фендон.
Туг дæр дзы бахсыст, куыннæ!
Урс хилтæ карз хæсты федтон,
Фæлæ зæронд лæгтæ – нæ!

* * *

О уалдзæг, уалдзæг, иу цъус-ма фæлæуу!
Кæдæм фæцæуыс? Мемæ дæр-ма ацæр!
Цы тагъд кæныс, фæдис, мыййаг, куы нæу? –
Æрдз мын æнæ дæу ногдзинад нæ ратдзæн.

Ды ногæй-ногдæр алы аз кæныс,
Æз та кæнын зæронддæрæй-зæронддæр.
Нымад цæмæ сты, бамбар мын мæ рыст,
Æвзонгдзинады уыцы уарзты бонтæ?

Куы æрцæуыс – ысног вæййын æз дæр,
Æмæ та демæ байдайын æрттивын.
Æдде – зæронд, ныллæгуын ис мæ сæр,
Мæ зæрдæйы уаг мидæгæй нæ ивын.

Æрыгонæй æнæхай уыдтæн зондæй,
Æвзонгдзинад нæ фаг кæны зæрондæй.

* * *

Фæзæронд дæн. Нынцъылдтæ сты мæ рустæ,
Ныггæмæх и мæ сæрастæу бынтон.
Мæныл мæ цард гъе уымæн кодта бустæ,
Цæмæй хъæддых зындзинæдтæн лæууон.

Мæлæтæн æз нæ басастæн, мæ хуртæ.
Цы у мæлæт? Цы у йæ кой æниу?
Мæнæн мæ фæрстæ дуртæй ысты, дуртæй.
Æз хох дæн, хох, раст айнæгау мæ риу.

Мæлæн мын нæй. Кæд мын æнтысы исты,
Кæд базыдтон нæ цардимæ цæуын,
Уæд-иу ныззарут хъæлдзæгæй мæ хисты,
Уæд мыл нæ хъæуы, хорз адæм, кæуын.

Кæут-иу ууыл, хахуыргæнæг чи уыд,
Æдзух фыд-зæрдæ чи хæссы йæ риуы!

*БИЦЪОТЫ Гриш*

# СТАВД-ДУРТÆ*

*Документалон уацау*

## РАЗАМОНÆДЖЫ ХЪЫСМÆТ

Рухс фидæн аразæг дзыллæтæн хъуыди разамынд дæттын, сæ разæй цæуын, хи удæй атона кæнын... Цал хатты-иу бахъуыди разамонæджы кусæджы зæрдæхудты бацæуын, æртхъирæнтæ кæнын, æвзидын. Разамонæгæй-иу адæмы æхсæн сæвзæрди стыр быдыр, фыдæх æмæ изгард ахастытæ...

АЙЛАРТЫ ГАЦЫРЫ 1929 азы фыццаг равзæрстой колхозы сæрдарæй. Уæдæй 1957 азмæ бæрнон бынæтты фæкуыста. Хъуыды ма кæнын: цыдтæн кæстæр кълæстæй кæцыдæрмæ. Хъæууон библиотекæйæ чиныг æрхастон, фæлæ... Урокты фæстæ куыддæр хойраджы хъæстæ фæдæн, афтæ мæм-иу æмбæлттæ æрбадзырдтой: «Хъазынмæ рацу!» Æмæ чиныг æнæкастæй лæууыд. Иу бон мæ чиныгимæ цæхæрадоны нартхоры хуымы бамбæхстæн, зæгъын, кæсынæй мæ мондæгтæ суадзон. Уайтагъд мæм æрбахъæр кодтой. Ныхъхъус дæн. Æнхъæлдтон, ацыдысты æмæ кæсыныл фæдæн. Иу рæстæджы нартхоры сыфты сыр-сырмæ фесхъиудтон. Мæ уæлхъус алæууыдысты ме 'мбæлттæ. Æз хорзау нал фæдæн, цыма

* Дарддæр. Райдайæн кæс ацы азы 5-æм номыры.

мæ хуыснæджы мигæнгæ æрбаййæфтой. Сегасы бæсты дæр сæ иу афтæ бакодта: «Гацыры хуызæн стыр лæг суæвын æй фæнды!» Колхозы сæрдар æппæты стырдæр лæгыл нымад цыди мах хъуыдымæ гæсгæ.

Гацыр Хетæггаты Къостайы районæй Сурхахийы хъæуæй йæ бинонтимæ Ставд-Дуртæм куы æрлыгъди, уæд ма йæ чызг Зарæ саби уыди. Уæддæр-иу, уый ауынгæйæ, чидæртæ иуварс азылдысты, алхыскъ-иу æй кодтой: «Дæ фыд нæ ахуырмæ нæ уагъта».

Мæхъхъæл сæ хъæутæм куы сыздæхтысты, уæд Гацыр йæ бинонтимæ фæстæмæ Ставд-Дурты кæм æрцардаид, хъæуы ахæм къуым нæ разынди. Колхозы бæхдоны иу кæрон ныссыгъдæг кодтой æмæ дзы дыууæ уаты сарæзтой... Гъе, уыцы къуымтæ куы цæттæ кодтой, уæд фыд йæ чызг Зарæйы барвыста уæды колхозы сæрдар Саулаты Додтимæ, хъæдмæ нын бричкæ авæр, зæгъгæ. Чызг сæрдарæн бамбарын кодта йæ фыды курдиат. «Куыстæй нæ хъуырмæ стæм æмæ хъæдмæ не 'нтысынц бæхтæ», – загъта сæрдар. Чызг уыцы дзуапп сæмбæлын кодта йæ фыдыл. Ырхæндæг ис Гацыр, йæ сæр æруагъта, йæхимæ ныхъхъуыста, стæй чызгæн бафæдзæхста: «Цу, æмæ йын зæгъ: искуы дæу дæр мæ уавæрмæ хъæуы æмæ-иу дæ дæ ацы боны ныхæстæ ма ферох уæнт».

Хъуыддаг саразынмæ, æмбырдты ныхас кæнынмæ дæсны хуыдтой Гацыры, фæлæ ныр смадзура... Йæ фыццаг усæй кæй ахицæн, уый тыххæй йæ партийæ аппæрстой æмæ йæ нал райстой. «Йæ цардвæндаг бæллиццаг кæмæн вæййы, мæ фыд уыдонæй уыди, – дзырдта Зарæ. – Йæ ныхæстæ, йæ фæдзæхстытæ мын царды зонды хос уыдысты. Мастимæ лæджы дзыкка дæр нæ хъæуы-иу загъта. Æнæ мастæй дон баназ æмæ дур дæ нывæрзæн бакæн».

Зарæ скъоладзауты бригады уæнг куы уыди, уæд тынг æнувыдæй куыстой, нæ хуымæй иу æфсир дæр ма фесæфа, зæгъгæ-иу æхсæв дæр ацыдысты сæ хуымтæ хъахъхъæнынмæ... Цæуылдæрты æууæндыд фидарæй, фæлæ цард рауади вазыгджындæр. Фыны дæр уæвæн цæмæн нæ уыди, уый федта бонрухсмæ... Ахуыргæнæг нартхор базгъæлста, йæ хызыны сæ ныккодта æмæ сæ йæ хæдзармæ ахаста... Чызг йæ цæстытыл нæ бауæндыди, бауæнда, уый йæ нæ фæндыди. Ахуыргæнæджы раз балæууыди æмæ йæм бауæндыди: «Давын хорз нæу! Ды цæмæн давыс?» Хъуыддаг хурмæ хаст æрцыди. Скъоладзауы сæвæрдтой зылынгæнæджы бынаты. Уый фæстæ радзур-бадзуртæ... чызгæн-иу бауайдзæф кодтой:

«Цæуыл тох кæныс? Дæхицæй цы аразынмæ хъавыс?..» Йæ зæрдæ сæнкъуысти... Йæ дзыккутæ æвзийын байдыдтой...

Абоны зонд нæ æвронг хатдзæгтæм æркæны. Ис бамбарæн Зарæйæн дæр... Ахуыргæнæгæн дæр... Цыбыркъух уыди, къæбæры сагъæс адæймаджы куырм кæны... Къæбæрæй хъуаг кæй æййæфтой, æрмæст уый нæ уыди рæстæджы мæгуирадæн æвдисæн. Ахуыргæнæг æмæ скъоладзау дæр кæрæдзиуыл ардыд кæй цыдысты, уый у æппæты стырдæр мæгуирады нысан.

Гогыцаты Дадетти 6-æм къласы дыууæ мæйы куы сахуыр кодта, уæд Гацырмæ бацыди æмæ балæгъстæ кодта: «Прицепщикæй мæ быдырмæ ауадз». «Ацу æмæ дæ ахуыры куыст кæн», – загъта йын сæрдар. Ахæм зондыл хæст дæр-иу уыди. Фæлæ уæддæр хицауад карзæй куы домдтой, хъæуæй æддæмæ макæй уадзут, зæгъгæ, уæд фæсивæдæн цæлхдуртæ æвæрдта. Нывондæн хаст цыдысты уæды бæрнон кусджытæ, сæ фарс хæцæн дæр нæй, сæ сæрыл радзурæн дæр... Гацыр уарзта чиныг кæсын, фæлæ йæ уымæ дæр зæрондæй равдæлди. Æхсæны хъуыддæгтæй сæ сæхи цардмæ никуы равдæлди. Гацыр амарди 1975 азы, уæд ыл цыди цыппарыссæдз азы.

* * *

ТАБОЛТЫ БЕТЪРЕЙЫ чидæриддæр зыдта, уыдон æй хуыдтой фæрнджын, рæстзондыл хæст, гъе, Хуыцауы сконд лæг кæмæй фæзæгъынц, ахæм.

Бетъре хъæусоветы сæрдарæй куы куыста, уæд хъæуы сæмбæлди мæскуыйаг уазджытæ, Бетъре сæ сæхимæ бахуыдта. Женя, хæдзары æфсин, бакатай кодта: мæ мæгуыр фынг сын æрæвæрдзыстæм, фæлæ нæм фæтæгены цъыртт куынæ ис, уæд уазджытæ куырмæджы куыдтæ кæндзысты, зæгъгæ. Мæрзойты Сериффæ хъæусоветы секретарæй куыста, Женя йын ракодта йæ хъаст». «Хъæусоветæн иу литр райстам æмæ дын дзы авæрдзынæн», – загъта Сериффæ. Женя фæтæгены цъыртт куы фæцæйхаста, уæд Бетъре, йæ цардæмбал йæ размæ фæци. Фæтæген фæстæмæ бахæссын кодта. Женя ма сфæрæзта: «Уазджытæ куырмæджы куыд комдзæгтæ кæндзысты?» «Мах куыд хæрæм, уыдон дæр-иу афтæ бахæрæнт», – загъта Бетъре.

Æлбегаты Алыксандр дуканийы куыста. Фæрынчын æмæ Бетърейæн бафæдзæхста: мæ бæсты товартæ ауадз. Уыцы рæстæг дуканимæ хуыйæн машинætæ æрластой. Женя ссыд дуканимæ,

йæ мойæн алæгъстæ кодта: иу дзы нæхицæн райсæм. Бетъре загъта: кæд дзы баззайа, уæд дзы райсдзыстæм. Женя йæ цæссыгтæ згъалгæ аздæхти сæхимæ, афтæмæй йыл сæмбæдди Алыксандр. Хабар бамбæрста æмæ сын нырвыста хуыйæн машинæ...

Къубалты Кипылы хæстмæ кодтой уазал бон. Бетъремæ бæлццон æгæр рогарæзт фæкасти, райхæлдта йын йæ басылыхъ, йæ къæхтæй фелвæста йæ фæсмын цъындатæ æмæ йын сæ радта.

Немыцы алыгъды фæстæ Беккуызарты лæджы мард Бæрæгъуынмæ ластой. Сау тырыса йын цæмæй скодтаиккой, уыйбæрц хъуымацы гæбаз не ссардтой. Бетъре йæ хæлафы сау сатин дзыппытæ слыг кодта æмæ уыдонæй бахуыдтой марды тырыса...

Хъантеты Масо-иу Бетърейы ныхæстæ арæх афæзмыдта. Æрæмбырд, дам, нæ кодта æмæ нын ныффæдзæхста: «Уæ лæгтæ хæсты быдыры сæ риутæ нæмгуытæм дарынц, сæ удтæ сæ армы хæссынц æмæ сын сæ сæртæ ма фæчъизи кæнут».

Дзенкъордзуаны хабар хистæртæй чи нæ хъуыды кодта, ахæм нæ разынд. Бетърейы чызг Зинæ афтæ бакодта: «Нæ фыды хабæрттыл нын цыдæр къæдзилтæ афтауынц». Мæрзойты Хуысинæйы бинойнаг Мазурхан сæм бадзырдта: «Цом, Женя, дзенкъордзуан». Миты бынæй фæкъахтой стæм дзенкъортæ. Фæйнæ дзæкъулы сæм бамбырд ис. Æрбахаста Женя дзенкъортæ æмæ сæ тъæпæнæджы ныккалдта. Ныр хъæусоветмæ та ахæм ныхас схаста чидæр: «Нартхорыл фæхæлоф кодтой». Къанторы кусджытæ æмæ дружинæйы уæнгтæ афæдис сты, хабæрттæ сбæлвырд кодтой, сæрдарæн загътой: «О, дзенкъордзуан фæкодтой æмæ дæ ус дæр семæ уыди». Лæг сæхимæ æрцыди, цæхгæр бафарста йæ бинойнаджы: «Кæй æрбахастай, уыцы нартхор кæм ис?» Женя йын сæ бацамыдта. «Ныртæккæ сæ ахæсс силосы кæртмæ, – тызмæгæй загъта Бетъре. – Закъон ис, уый нæ зоныс, процент дæттын хъæуы...» Лæг гæрзифтонг уыди æмæ бинойнаг хæцæнгарзмæ ацамыдта: «Маргæ мæ куы кæнай, уæддæр сæ не схæсдзынæн. Дзенкъортæ тачкæйы сластой сæ дыууæ лæппуйы. Гæлæуты Ахберд скълады хицауæй куыста. Хабар куы бамбæрста, уæд йæ сæр ныттылдта, ома, йæ бинонты хъуыры комдзаг никуы ауадздзæн, зæгъгæ. Голлаг байдзаг кодта æмæ сабитæн ныффæдзæхста: «Рæвдздæр æй аласут. Куыннæ уæ фена, ууыл бацархайут». Йæхи дæр æмæ йæ бинонты дæр нывондæн чи æрхаста, уыдонæй уыди Таболты Дзасейы фырт Бетъре.

* * *

ÆЛБЕГАТЫ БОЛА дæр уыди Советон дуджы хъæуы æнувыддæр æхсæны кусджытæй. Йæ карзы койтæ йын арæх кодтой.

Хъæуы лæгтæй иу йæ налогтæ нæ фыста, сæударæй-иу фестади æмæ-иу быдырмæ афардæг, хæдзармæ дæр æнафонты здæхти. Æхсæны лæгтæй йæ иуахæмы иу бæхыл асырдта, йæ быны йæ скодта, ныхъхъæртæ йыл ласта: «Налог фиддзынæ æви нæ?!» Чи зоны, мысæггаг хабар мын радзырдæуыд, фæлæ мæ бауырныдта. Гъе, æмæ уыцы бæрнон лæгтæм цы зæрдæ хъуамæ дардтаиккой æфхæрд адæм?

Гогыцаты Алыксандр Ставд-Дурты скъолайы директорæй куы куыста, уыцы рæстæгæй ахæм хабар радзырдта: Таболты Ирбег æрæгвæззæджы бахуым кодта адæмы цæхæрадæттæ. 12 хайы иу бонмæ афæлдæхта. Сæлфынæг кодта, уæддæр йæ куыст нæ ныууагъта. Ирбег Алыксандрмæ бацыд æмæ йын рахъаст кодта: «Нæ мæ уадзынц хуым кæнын. Цалдæр æрвысты мæм скодтой, ныууадз, дам, науæд дын хорз нæ уыдзæни». Уымæн йæ дыккаг бон Алыксандр базыдта, Ирбеджы колхозæй кæй аппæрстой, уый. Æлбегаты Болайы бафарста: «Таболты лæппу æвзæрæй цы сарæзта?» Сæрдар уæлдайхуызон дæр нæ фæци æмæ уæд Алыксандр загъта: «Æз райкоммæ цæуын, Ирбеджы сæрыл сдзурдзынæн». Ирбеджы æфхæрын нæ бауагътой, уый тыххæй Бола йæ сæрылдзурæгмæ фæхæрам.

Хъæуы уæгъд цæхæрадæттæ сбирæ сты. Колхозы хицаумæ-иу бахатыдысты: уæддæр зæрæстонæй куы лæууынц, бауадз нæ æмæ сæ бахуым кæнæм. Нæ сæ лæвæрдтой... Ираны хъæды Гогыцатæ æмæ Фæрниаты Мæхæмæт иу æрдузмæ базылдысты æмæ дзы хъæдур дзæбæх æрзади. Сæ хъæдуры кæрддзæмтæ куы æрбацæйластой, уæд сæ Бола базыдта æмæ сын сæ акалын кодта.

Суанты Марат дзырдта: «Зæрай Болайæн бафæдзæхста: куы амæлон, уæд-иу ныззар мæ хисты. Зæрайы æвæрæн бон Бола ныззарыди. Уый тыххæй дæр æм адæм фæхæрам сты».

Æрмæст ацы хабæрттæ дæр фаг сты, цæмæй Бола мæрдтæм дæр азимаггонд цæуа. Фæлæ адæймагæн йæ дæргъ дæр æмæ йæ уæрх дæр зонын хъæуы. Фыдæх æм чи у, ахæмы цæстæй йæм чи кæса, уый фæрæдидзæн. Хъуыды кодтон: ау, æндæр хуызы зæгъджытæ дзы нæ фæуыдзæн?

Насхъидаты Иранбег фермæйы куыста, Бола та дзы хицау уыди. Иранбегæн бафæдзæхста: «Уæрдоны дыууæ рæтæнагъдаджы мын

ærbalas». Иранбег бавдæлд æмæ сын бæхуæрдоны дзаг суг баласта. Йæ бинойнаг Нинæ ныддис кодта: «Нæ лæгыл ацы хатт цы зæд атахт?! Куыд фæрæдыди?» Хъæддзауы хорз суазæг кодта. Уый фæстæ бон йæ куыстмæ ныццыди Иранбег æмæ йæ Бола адæмы раз дзæбæх бафхæрдта: «Æз ын, дыууæ æрæфы слас загътон, ай мын æнæхъæн уæрдон баласта. Ацу, æмæ сугтæ фермæмæ æрлас». Уый лæппуйы цæсгом нæ бахъæцыди, æппын ницы, фæлæ йæ Болайы бинойнаг Нинæ хорз уæддæр федта. Æнæхъæн къуыри йæ куыстмæ нал фæзынди Иранбег. Бола йæм ссыди хæдзармæ æмæ йæ æрхуыдта, бартхъирæнтæ йæм кодта, афтæ макуал бакæн, зæгъгæ.

Гогыцаты Алыксандр Боламæ æвзæр зæрдæ нæ бадардта, æмбæрста: цард æй афтæ скодта. Бæрнон бынаты кусæгæн æндæр хуызы кусæн нæ уыди. Иуырдыгон сæ чи уыди, уый фыццаджыдæр йæхицæй домдта. Æмæ йæхицæн чи нæ хатыр кодта, йæхи удæн чи ницы фæци, уый кæмæн цы сойтæ смæрзын кодтаид? Афтæ загъта Алыксандр: «Хæсты фæстæ азты Бола колхозы сæрдарæй куы куыста, уæддæр ма дæрзæг, карз уыди, фæлæ фæстагмæ, хъæуыхицау куы сси, уæд сфæлмæн, хъазæн ныхас хауын дæр байдыдта йæ дзыхæй».

Цымæ уæд Бола царды тыххæй цы хатдзæгтæм æрцыди? Йæ зæрдæ-иу ын цавæр судзаг хъуыдытæ фæцагайдтой?..

Йæ фæстаг бон ын чи саив кодта, уыдонимæ уыди Гогыцаты Алыксандр дæр. Цалдæрæй йæ нынннадтой. Дзаумæттæ йыл скæнæм, зæгъгæ, сын сæ шифанер байгом кодтой. Болайæн дзы разынди æрмæстдæр иу дзаума – урс штапель хъуымацæй хуыд иударон китель. Æндæр ницы! Йæ уæлдзарм хъусджынхуд ныззæронд, ныддæвдæг. Бынæй лагъз раластой – дыууæ цырыхъхъы дзы. Уыдон дæр ныссæфтæг сты, фæцархайдтой, фæлæ къæхтыл не скуымдтой. «Æндæр ын ницы ис?» – бафарстой йæ бинойнаг Нинæйы. «Ницы».

Алыг кодтой цырыхъхъы хъустæ æмæ йын сæ йæ къæхтыл стъыстой, йæ зæронд дарæстæ йыл скодтой. «Сæ гоны къуымы разынди мæнæуы тæпп, – дзырдта Алыксандр. – Фосæй сæм – иу хъуг, цыппар фысы... Адæм та-иу æй æлгъыстой, Бола цардæй тъæпп хауы, зæгъгæ, æнхъæлдтой».

Бола фермæйы хицауæй куы куыста, – йæ фæстаг бынат уыди, – уæд байраг йæхиуыл сахуыр кодта. Кæдæмфæнды цæуæд, байраг дæр-иу йæ фæдыл фæраст. Тынг æнувыд ыл уыди сæ

хъуынджын куыдз дæр. Болайы фæстаг бон куыдз йæ чырыны бын хуыссыди, байраг йæ уæлхъус лæууыд æмæ йæ цæссыгтæ згъæлдта. Куыдз дæр, байраг дæр уæлмæрдтæм йæ фæдыл ацыдысты. Куыдз нал æрбаздæхт сæ кæртмæ, уым амарди...

Тæрхоны лæджы бæрн райсон, уыцы бар мæхицæн нæ дæттын. Мæ хæсыл нымадтон рæстæджы бæллæхтæн сæ гуырæнтæ, се 'фсæнттæ ссарын. Ис иу стыр рæстдзинад – ХУЫЦАУЫ РÆСТДЗИНАД. Уыцы фарны бæрзæндмæ адæймаг цæргæцæрæнбонты тырны, фæлæ йæм никуы ничи фæхæццæ... Уыцы Рæстдзинад зæрдыл даргæйæ куы аразиккам цард!..

Рæстæг æхсæны бæрнон кусджыты йæхи джиппы фæуагъта, йæхи куыройы фыдтæй сæ ссадта... Ахæм рæстæджытæ скодта æмæ, кæрæдзимæ чи сфыдæх, уыдонæн фæци маст райсыны, искæуыл бандзарыны фадат.

Дзеркæ мын нымадта йæ цардæмбал САУЛАТЫ ДОДТИЙЫ сабибонты тухæнтæ. Сидзæртæй баззадысты. Сæ мад куы амарди, уæд Додтийы кæстæр æфсымæр Микъала дзидзидай уыди. Сæ хо – æнахъом, бандоныл лæугæйæ-иу сын кæрдзын скодта. Дыууæ æфсымæры сæ хохы амарди.

Додти хæстмæ ацыди 1941 азы. Райкоммæ йæм хъуыддаджы фæдыл фæдзырдтой æмæ йæ уырдыгæй акодтой. Йæ уацары кой скодтон раздæр. Коллективизацийы рæстæг куыд арвыста, уыдæттæ дæр загътон. Уацары кæй бахауд, уый тыххæй йæ партийæ аппæрстой. Фæфыста Мæскуымæ æмæ йæ срасткодтой, йæ билет ын фæстæмæ радтой.

Дзеркæ загъта: «Хæдзар цы у, уый нæ зыдтой æхсæны кусджытæ. Махмæ æгæр-мæгуыр пысунæ дæр нæ уыди. Иухатт нæм æфсæрмыйаг уазджытæ сæмбæлд æмæ стыхстæн: нæхи куыд сраст кæндзыстæм? Æрæджиау æрхъуыды кодтон, сыхæгтæй не 'хсæн быру нæ уыди æмæ сын зæгъдзынæн: нæ дыууæтæн иу пысунæ ис».

Фæсарæйнаг паддзахæдты цардæй æмбисæндтæ æрхæссынц. Кæмдæрты, зæгъынц, бæрнон бынатмæ не 'взарынц, йæ бинонты цард аразын чи нæ зоны, ахæмты, ома, ахæм адæмæн æппын ницы сараздзæн!

Дзеркæ нымадта: Додти схъомыл кодта йæ сидзæр æфсымæр æмæ дыууæ хойы. Йæ кæстæр æфсымæр Микъалайæн баззад æртæ лæпцуйы æмæ чызг. Уыдоны дæр схаста. Фæсхæст барæвдыдта сæ сидзæр хæрæфыртты æртæйæ – сæ мад сæ ныууагъта æмæ мой скодта.

Партийæ аппæрстой ÆЛБЕГАТЫ МИСАЙЫ дæр... 1937 аз. Миса хуынд уыди районы партактивы æмбырдмæ. Уыди «адæмы знæгтæ» агурæн рæстæг. Миса дзырды бар ракуырдта æмæ йæ ныхас афтæ райдыдта: «Æмбæлттæ, Троцкий, Бухарин æмæ Зиновьев...» Дзырд «æмбæлттæйы» фæстæ паузæ не скодта æмæ йæ афтæ бамбæрстой, цыма сæ Миса йæхицæн æмбæлттæ хоны».

Уыдæттæ бакастæн, 1993 азы 31 декабры, «Хистæрты фарн нæ сæфы», зæгъгæ, «Рæстдзинад»-ы Мисайы чындз Ælбегаты-Гокъоты Надяйæн цы уац рацыди, уым. Тынг нымайы йæ тиуы Надя, зæгъы: уæд Мисайы сраст кодтой, суанг ма дзы хатыртæ дæр ракуырдтой.

Ælбегаты Мисайæ чидæртæ загътой: «Зондджын лæг уыди. Адæмимæ кусын зыдта». Фæрниаты Данел дæр æй æрымысыд: «Миса-иу хицау куы уыди, уæд адæм æфсæст уыдысты. Зæххы куыстмæ дæсны уыд. Бацамыдтаид-иу: уæртæ уыцы хуым абон куыстгонд куынæ 'рцæуа, уæд ын райсом байрæджы уыдзæн. Хуымгæнæнты фыццаг ауæдз йæхæдæг кодта æмæ-иу топпы фатау рауади... Колхозы фос адæмыл уый уынаффæмæ гæсгæ уæрст æрцыдысты».

Ælбегаты Биткойы фырт Миса райгуырди Сечеры 1903 азы. Партийы рæнхъытæм бацыди 1926 азы. 1927 – 1928 азы уыди хъæууонхæдзарадон æмбалад «Ставд-Дурты» сæрдары хæдивæг. Уый фæстæ куыста колхоз «Юный культурникы» сæрдарæй, уыди Змейкæйы Пашковскийы номыл колхозы парторг, Ставд-Дурты Ленины номыл колхозы сæрдар. 1933 азы каст фæци Грознайы хъæууонхæдзарады Æппæтцæдисон коммунистон уæлдæр скъола.

Змейкæйы йæ бинойнаг Кискамæ æвæрд уыдысты йæ хъуыддаджы гæххæттытæ. Афæлдæхтон ын йæ «Æфсæддон билет». Кæсæм дзы: «Мобилизован 18 сентября 1941 года, стрелковый полк – стрелок. С 27 июля 42 г. по 10 сент. 1941 г.– эвакогоспиталь. Уволен по ранению 10 сент. 1942 г. Тяжело ранен в грудную клетку в июле 42 г». Миса иуахæмы хæсты рæстæг хъæуы куы фæзынди, уæд дзы загъдæуыди: хæстæй ралыгъди. Хуыдæлты Темырсолтаны чиныг «Северная Осетия в Великой Отечественной войне 1941–1945 гг». III фарсыл кæсæм: «1942 азы 25 сентябры ÆК(б)П-йы Цæгат Ирыстоны обком æмæ Орджоникидзейы горком сарæзтой ÆК(б)-йы Цæгат Ирыстоны сусæг обком, секретарæй йын равзæрстой Гæззаты С., йæ уæнгтæ

уыдысты Реуазты Г., Æккæлаты А., Ефременко В. æмæ Мамсыраты А». Сусæг куыстгæнджытæ кæм фæзынди, уыцы горæттæ æмæ хъæутимæ нымайы Ставд-Дурты хъæу дæр. Зæгъы: «ам актовон сусæгкуыстгæнджытæ уыдысты Æлбегаты Миса æмæ Токаты Гуыдзи». Мисайы гæххæттытимæ разынди:

«КОПИЯ»

Кировскому райкому КПСС

Подтверждаю, что член КПСС тов. Албегов М. Е. был оставлен на временной оккупационной немцами территории в сел. Ставд-Дорт в период ВОВ в октябре 1942 г. на подпольной работе для связи с партизанскими отрядами.

Бывший секр. Северо-Осетинского обкома КПСС по кадрам и комиссар объединенных отрядов Северо-Осетинской АССР».

Немыц æй старостæйæ куы равзæрстой, уæд Миса йæ партион билет кæй сæвдыста, уый бирæ хъуыдытыл бафтауы. Быхсдзысты уал æй, ууыл йæ зæрдæ дардтаид, фæлæ уыцы рæстæг бирæ кæй нæ ахастаид, партионты хъысмæт сæхирдыгонау кæй лыг кодтой, уый дæр æнæ 'мбаргæ нæ уыдаид. Æниу ног цардарæзты тыххæй Миса цы хъуыды кодта, уый чи зоны? Иугæр адæймаг партион билет йæ дзыппы сæвæрдта, уæд-иу цыма роботæй агæпп ласта, афтæ хъуыдыгæнджытæ дæр уыди. Нагъ, партионтæ сегас роботтæ не систы, цы бæллæхтæ цæуы, уый сæ иутæ тынг хорз æмбæрстой. Æмбæрстой уый дæр æмæ, рæстдзинад дзурын зæй риуæмбæрцæй уромæгау кæй у. Уыцы зонджын лæгтæ цыфæнды уавæрты дæр арæхстысты. Рæстдзинады сæраппонд «асайын» дæр зыдтой. Кæмæдæрты куыд касти, Æлбеджы-фырт афтæ æнцон зонæн нæ уыди, йемæ бирæ зæгъинæгтæ ахаста.

Миса сусæг куыст кæнынмæ хъæуы уагъд кæй æрцыд немыцы рæстæг, уый тыххæй йæм ахæм гæххæттытæ-æвдисæнтæ баззади партийы Кировы раздæры секретартæ Елойты Ладенг æмæ Баситы Д. йæ дæр.

Киска мысыди, Æлбегатæм куы æрцыди, уыцы рæстæг: «Уыди сæм хъæмпынсæр сара, колхозтæ аразыны рæстæг ын йе 'мбис радтой. Сæ уатмæ-иу къæвда рæстæг дон лæдæрсти. Зæгъын, иу хъæмпы уæрдон æрбалас æмæ йæ бамбæрз, – йæ цæсгом нæ бахъæцыд. Сæ асинæн астæуккаг къæпхæн нæ уыди æмæ дзы хъавгæ хызтысты, фæйнæджы гæбаз ын хъуыди, фæлæ уый ссарын дæр

йæ бон нæ уыди. Змейкæйы цæргæйæ-иу бидаркæ кæртмæ никуы батардта – зæгъдзысты, дам, цыдæртæ баласта». Реуазты Агуыбе дзы загъта: «Найгæнæнæй, тауæнæй – алцыдæр Мисайæ базыдтон. Цымыдис фæрстытæ-иу æй кодтон æмæ мын хорз амыдта. Агрономæй куыста, æмæ-иу фыццаг хахх куы кодтон, уæд мæ разæй цыди». Таболты Хазби: «Хæсты фæстæиу колхозы хортæ фæстаг гагайы онг паддзахад ассыфта. Миса арæхсти æмæ хорæй æмбæхста. Иуахæмы та паддзахады æвастæй хор адæмæн радта, æмæ йæ банымыгъдæуыд. Районы минæвæрдтæ колхозы хордæттæ федтой – æмæ афтид. Миса йæ куыстæй фæхаудаид, фæлæ хъæуæй бацыдысты, йæ сæрыл сдзырдтой æмæ йæ бынаты баззад».

Хи хæдзары сагъæстæ ныллæг чи æвæрдта, уыцы бæрнон кусджытæй уыди Сарахъаты Владимир. Цасдæр рæстæг Ставд-Дуртæн колхозæн сæрдар нæ рæстмæ кодта, хъæумæ æрбацыди Кировы райкомы 1-аг секретарь Сарахъаты Владимир, иумæйаг æмбырды фæдзырдтой, уыцы бынатмæ кæй нысан кодтой, уыцы кандидатурæтыл, фæлæ дзы колхозонтæ никæуыл схъæлæс кодтой, бахатыдысты Сарахъайы-фыртæн йæхимæ: «Дæхæдæг нæм рацу». Владимир йæ бæрнон бынат ныууагъта æмæ райдыдта сæрдарæй кусын. Сарахъаты Владимир Басайы фырт райгуырди 1908 азы чысыл хохаг хъæу Æхсæуы. Скъолайы ахуыр кодта æнувыдæй, 1924 азы бацыди комфæсивæды рæнхъытæм. Стыр хæсты фæци райдианæй кæронмæ. Ставд-Дурты, сæрдарæй кусгæйæ-иу рувæнимæ æрлæууыди колхозонты фарсмæ. Хъомгæстæй исчи фæрынчын – йæ бæсты-иу ацыди хъомгæс. Дзугкойты Хъазджери радзырдта: «Иуахæмы правленийы раз лæууыдыстæм цалдæрæй. Нæ разы фæурæдта рог машинæ, рахызти дзы партийы райкомы фыццаг секретарь Сарахъаты Владимир, нæ къухтæ нын райста æмæ нæ афарста: «Лæппутæ, цы кусут?» Загътам: «Гъеныртæккæ ницы». Сбадын нæ кодта йæ машинæйы, аласта нæ Кировы къанауы райдианмæ, афистæг кодта йæхи æмæ кусынмæ февнæлдта. Мах дæр базмæлыдыстæм. Хус быдыртæ донæй æфсæстам. Хабар байхъуыст хъæумæ æмæ колхозы разамонджытæ уым балæууыдысты. Уыдон дæр æргуыбыр кодтой. Бон-изæрмæ фæкуыстам, Сарахъайы- фырт негасæй æвнæлдта æнувыддæрæй». Цардæй ахицæн 1986 азы. Баззадысты йæ мысинæгтæ, мыхуыргонд æрцыдысты «Рæстдзинад»-ы 1996 азы февралы мæй.

Йæ хъынцъымтæ, йæ сагъæстæй, цæлхдурæвæрæн ын цы кодта, уыдæттæй ницы радзырдта – йæ мысинæгтæ фыста, царды ауæтты кой кæнæн куынæма уыди, уыцы рæстæг. Уый дæр та йемæ ахаста йе 'цæг зæрдахаст æмæ хорз фæндиæгтæ.

* * *

Дзугкойты Юри Ставд-Дурты колхозы сæрдарæй кусын райдыдта 1972 азы. Н. С. Хрущевы заман парти лæвæрдта разамынд алцæмæн дæр. Уæле дæлæмæ æруадзгæ амынддзинæдтæм гæсгæ арæзта йæ куыст колхозы сæрдар дæр. «Хрущевы рæстæг гигантоманийæ садыстæм, – дзырдта Дзугкойы-фырт. – Пълан нæм æрвыстой æмæ-иу дзы амынд уыди, цавæр хорæй кæм цас байтауын хъæуы, уыдæттæ. Бардзырдты хуызæн уыдысты уыцы пълантæ, фæлæ æдзух сæ коммæ нæ кастыстæм. Уыдон куыд домдтой, афтæмæй ивгæтыд (севооборот) пълан кæнæн нæй. Махмæ хуымзæххытæ ис 1502 гектары, уыдонæй-иу алы аз дæр 300 гектары хъуамæ баулæфыдаиккой. Фæлæ нын хицауад ахæм фадат нæ лæвæрдтой. Мах дæр сайдтам: уæ домæнтæм гæсгæ байтыдтам нæ быдыртæ, зæгъгæ-иу гæххæтт сарæзтам. Мæ рæстæджы алы колхозонæн дæр радтам иу гектар, пъланæй уæлæмæ цы æрзайын кæнай, уымæн йе 'мбис – дæхи. Уыди нæм нæл æмæ сыл нартхор. Сыл мыггагæн лæвæрдтам, нæл нартхор уагътам нæхицæн. Уæлæмхасæн æфтиаг дæр истой колхозонтæ, хъæллæгъ дæр сын лæвæрдтам... Гъе, уыцы гигантомани цы зиантæ æрхаста, уый тыххæй ма иу æвдисæн. Змейкæ, Иран æмæ Ставд-Дуртæй иу колхоз сарæзтой. Разамонджытæ бауынаффæ кодтой: Змейкæйы зæххытыл саразæм дыргъы дон лæмарæн æмæ варенæтæ фыцæн куыстуат. Хъуамæ фæфылдæр уыдаид дыргъдон. Бавдæлдысты æмæ зæхх бахуым кодтой 35 см. æрфæн, ома, хъæздыг зæхх фæбынæй уа æмæ бæласы уидаг сой цъира. Æнæуи хуым кæнынц 22, Ставд-Дурты зæххытæ та 15–18 см. æрфæн. Дыргъдон дзы саразæм, зæгъгæ, Дубинæйы зæххытæ сфæйлыдтой. Цард йæ кæнонтæ кодта, ахицæн сты колхозтæ æмæ дыргъдоны койгæнæг нал разынд. Дубинæйы зæххыты дур никуы уыди, ныр хуыр фæуæле æмæ дзы ницуал зайы. Сомбон цы уыдзæн, ууыл уæле дæлæмæ пъланyадзджытæ нæ хъуыды кодтой...

Хъæлæбатæ дæр нæм-иу рауади... Иу рæстæджы нæм Республикæйы Министрты Советы сæрдар æрцыди. Карзæй домдта:

«Фосы нымæц ма къаддæр кæнут!» Уыди нын алы аз дæр стуртæй 12 проценты сбрак кæныны бар – базæронд-иу сты æмæ сæ дзидзамæ лæвæрдтам. Ныр нын уыцы бар нал лæвæрдтой. Æз стыр хицауæн загътон: «Брак дзы ма скæнæм, уымæн уæвæн нæй». «Дæумæ гæсгæ зæронд устыты цæгъдын хъæуы?» – сдзырдта стыр хицау. «Гъемæ бавдæлут æмæ зæронд устыты ныййарын кæнут æмæ ноггуырдты дзидзийæ дæр æфсадæнт...» – загътон ын æз. Ахæм хицæуттæ нæм-иу фæзынди æмæ къух дæр нæ истой. Æлдарæй цы кæныс! Ирыстонæн кад скодтаиккой, ахæм æрыгон специалистты размæ нæ рауагътой. Иу хатт нæм республикæйы разамонджытæй иу æрæфтыд. Йæ «Волгæ» уынджы æрурæдта, æрхызти... Правленийы никæй баййæфта – алчи хъуыддаджы лæуд уыди. Скълады хицау Бицъоты Дзибо бынаты разынди. Хицау ын салам дæр нывыл нæ радта, куыйтæм ацамонгæйæ йыл сбустæ кодта: «Адон уын цы сты?» «Нæ сæ уыныс? Куыйтæ сты». «Æмæ уый куыд у? Колхозы кæртæй куыдздон цæмæн сарæзтат?» «Нæ бынтæ нын хъахъхъæнынц...». «Цал куыдзы уæм ис?» «Дыууиссæдз ма сты». «Санитарийы домæнтæ уæ фыны дæр нæ федтат. Фесафут сæ, эпидеми уыл сыстдзæн!» – бардзырд радта хицау. «Хъус-ма! – фæрæвдз æм Дзибо, – Чи дæ? Кæд дæ бон исты у, уæд нæм дохтыр нæй æмæ нын æрæрвит. Куыйтæн нæхæдæг исты кæндзыстæм»...

Æхсæны лæгтæ æмзонд, æмархайд кæй нæ уыдысты, алчи дæр сæ йæхи уæлдæр æвæрыныл кæй архайдта, уый уæлдай тынгдæр банкъардтон, колхозы сæрдар æмæ хъæуыхицауы æхсæн цы ныхæстæ рауад, уыдон мын куы афæзмыдтой, уæд. Чи сæ цæй тыххæй бæрнджын у, уый фæдыл сæм ныхас арæх уади, фæлæ ницæуыл фидыдтой. Æмæ уæд колхозы сæрдар загъта: «Колхозонтæ быдыры куы вæййынц, уæд мæн адæм сты, хъæумæ куы æрбаздæхынц, уæд та дæу адæм сты...»

Уæвгæ та сæ дыууæйы дæр иу сагъæс хъуамæ æндæвтаид, фæллойгæнджыты сæраппонд фарны хъуыддæгтæ аразыныл хъуамæ хардз кæниккой æмзондæй сæ хъарутæ. Фæлæ сын азымы бадарæн нæ уыд – сæрибар нæ уыдысты, сæ уæле бадæг хицауады дзыхмæ кæсгæйæ арæзт цыди сæ куыст.

Дзугкойты Юри сæрдар куы уыди, уæды рæстæгæй ма иу хабар. Нартхор байтыдтой 1-æм апрелы. Колхозы разамонджытæ сæхи зондæй равзæрстой тауыны уыцы æмгъуыд.

Хабар суанг хъæууон хæдзарады министрадмæ дæр сыхъуысти. Хъæумæ æрцыд ахуыргонд селекционер, бартхъиræн кодта сæрдармæ, ома, уазалты æвзартæ куы басийой, уæд... Сæрдары амондæн хъарм рæстæг ахаста, 14 апрелы иннæ колхозтæ тауынмæ бавнæлдтой, Ставд-Дурты быдырты та æвзартæ скастысты. Уалдзæджы зæхх цалынмæ уымæл вæййы, уæдмæ æвзартæ куы суайынц, уæд сын сæрды дзæгæрæггæнаг хур афтæ нал батых кæны.

Алы зæххæн дæр йæхи зонынджын лæг ис, йæхи профессор, иу хъæуæй иннæмæ нæ, фæлæ иу сыхæй иннæмæ дæр зæхх æндæр хуызæттæ вæййы. Хистæртæ-иу загътой: зæхх уырзгай у. «Зæхкусæг зæххæй фæиртæст, – дзырдта Дзугкойы-фырт. – Мах хуымты рувæнимæ куынæ ацæуай, уæд нартхор не сгуыхы. Алы дуры бын гербецид нæ ныккæндзынæ. Хæмпæлгæрдæг сфардæг вæййы, æвзар мæлдзойæ баззайы. Иу гектары уаллæттæ хъуамæ уа тоннæйы бæрц. Гербецидтæ флорæ амардтой. Зæхх амарди. Фыдæлтæ-иу афтæ дзырдтой: зæхх сулæфыди, ома, мæраразæг бактеритæ дзы цæрынц, змæлынц æмæ йæ дзулау схæмпус кæнынц».

1974–1983 азты колхозы партбюройы секретарæй куыста Гогыцаты Зауыр. Афтæ загъта: «Тыхмитæ æмæ пропагандисты зондамонæн ныхæсты руаджы ницуал аразæн уыди. Колхозонты куыстмæ разæнгардгæнæн уыди, цы æфтиаг сæм цæуы, уый сын афоныл фидыны руаджы. Хъæмпы рагъ ссыгъди – фæдисæтты разæй тындз, фосгæстимæ хохы бахсæвиуат кæн. Гъе, фæлæ райкомы æмбырдтæй фæлмæцыдтæн. Бон мæм-иу дыууæ хатты дæр фæдзырдтой. Загътон: хъæуы мæ фæстæ хъуамæ исчи баззайа. Нæ клуб æмæ нæ правленийы агъуыстæй зæрдæ мæгуыр кодта. 1976–1978 азты нæ ног клуб æмæ правленийы арæзтады тыххæй нæ республикæйы уæлдæр хицæуттæм 22 хатты ссыдтæн. Æдзух – лæгъстæтæ, табута. Загътой-иу: «Ставд-Дуртæ перспективон хъæу нæу. Цæй клуб æмæ цæй цыдæрты кой кæнут?» Рагагъоммæ арæзт пъланты нæ хъæуы клубы кой никуы скодтой. Ома, уæ хъæуæн фидæн нæй, уæ сæрæн исты хос кæнут. Æмæ загътон: нæй йын ныууадзæн...»

Цæгæраты Ахболат 1974 азы Ташкенты каст фæци автомобильзонæн институт. Акуыста Алагиры. 1976 азы йæ Кировы районы хъæууонхæдзарадон хайад Ставд-Дуртæм æрбарвыстой колхозмæ сæйраг инженерæй. «Колхозы хъуыди хъæдæрмæг,

агуыридур, æфсæн æрмæджытæ, хъæууон хæдзарадæй цы цыди, уый-иу хъуамæ афоныл истаиккам. Куыннæ стæй! Айсæрдын хъуыди товартæм дæсны лæджы, скълады хицауы, æндæр кæйдæрты... Иуахæмы истам хæдтулгæ кæрдæн машинæ Э-281. Уайтагъд мын цæлхдуртæ авæрдтой, нымадæй, дам, сты цалдæр æмæ дзы стыр хæдзарадты разæй сымахмæ ницы æрхаудзæн. Уый фæстæ мын аивæй бамбарын кодтой, иучысыл, дам, сæ айсæрд æмæ машинæ уæхи у. Хъуыддаджы лæджы хæдзармæ хуыгист баластон æмæ кæрдæн машинæ нæхи баци...»

Змейкæ, Иран æмæ Ставд-Дурты хæдзарадтæ иу колхоз куы рахуыдтой, уыцы рæстæг Гуылымты Валентин зоотехник уыди. Колхозты сарæх сты бруцеллезæй рынчын стуртæ. Партийы Кировы райкомы бюро уынаффæ рахаста: рынчын стуртæ æмбырдгонд æрцæуæнт иу ранмæ. Змейкæ æмæ Ираны сахъат стуртæ Ставд-Дуртæм æрбатардтой æмæ сæ амы низджынтимæ фæиу кодтой, ардыгæй атардтой æнæниз фос. Фосдарыны куыстадон фæткмæ гæсгæ низджын фос хъуамæ лæвæрд цыдаиккой паддзахадмæ дзидзайы хæсмæ. Фæлæ уыцы фæтк хæлдтой, уымæн æмæ алы хæдзарадæй дæр карзæй домдæуыд, цæмæй йе 'хсыры хæслæвæрдтæ афоныл æххæстгонд цыдаиккой. Низджын стурты æхсыр пастерилизацигондæй паддзахадмæ лæвæрдтой. Фæлæ цымæ æхсыр хъæстæйæ никуы ахæццæ рынчынтæм, сабитæм, дуканитæм?.. Мæ фыдыл фермæйы стуртæй ныххæцыди бруцеллез æмæ куыд утæхсæн кодта, уый мæ никуы ферох уыдзæн. Гуылымты Валентин загъта: «Фосы низ мыл бахæцыд. Дохтыртæ мæм фæзылдысты, фæлæ дзы бынтон не ссыгъдæг дæн. Мæ организм куы фæцуды, уæд та низ йæхи равдисы, буар барæсийы. Мæ цонджы фæтасæнты стджыты конд аивта. Хъугдуцджытæй дæр иукъорд фæрынчын уыцы низæй».

* * *

Дубинæйы цы тыллæг истой хæсты размæ, мæ мад-иу уый кой æхсызгонæн кодта. Йæ насæн сисæнтæ нæ уыди, афтæ нæрсти. Картоф куыд тынг сгуыхти!

Ставд-Дурты æрдз куыд рæдау уыди, уый хорз хъуыды кодта Гогыцаты Алыксандр: «Æрæфы доны æртæ раны хыз бадар æмæ-иу бедра кæсагæй айдзаг. Донæй 150 метры бауай æмæ атагъайы аныгъуылдтæ. Кæркмисындзæг, тырты, дурвæткъуы, уагъылы, какон, хъæддаг кæрдо, хъæддаг фæткъуы æмæ

ӕндӕртӕн ныккӕнӕн дӕр нӕ уыди. Иу, иннӕ ранӕй-иу фегуырдысты хъӕддаг кӕрчытӕ ӕмӕ уасджытӕ, бӕрзонд фӕсалы-иу уайтагъд цыдӕр ӕрбаисты. Ӕниу дзы тӕрхъус куыд арӕх уыди. Закаты Закар-иу изӕрыгон атагъайӕ сахатмӕ 3-4 тӕрхъусы мардимӕ сыздӕхт... Ставд-Дурты зади цайгӕрдӕг дӕр. Перевалы дӕлбыл ӕй байтыдтой, цӕвӕгӕй йӕ ныккарстой ӕмӕ йӕ колхозы фӕйнӕгпъол уаты ныккодтой. Мах, скъоладзауты, уырдӕм уынӕг бахуыдтой. Йӕ тӕф афтӕ карз уыди ӕмӕ дзы расыг кодта адӕймаг».

Фыццаг скъолайы кӕрты бӕмбӕг кӕй тыдтой, уый хъуыды кодта Фӕрниаты Сафарби, загъта: «Нӕ хӕдзары дуарӕй-иу кастӕн скъолайы кӕртмӕ; бӕмбӕг-иу хурмӕ тӕмӕнтӕ калдта. Хӕстӕг-иу бацыдтӕн хуымы цурмӕ, куыд хӕлдысты, уый-иу уыдтон».

Адӕм-иу хос карстой канд хъӕугӕрӕтты нӕ, фӕлӕ уынгты дӕр.

Балгӕсаг, хуыдзых уалдзӕджы голджытӕй хастой, уый мӕхӕдӕг дӕр хъуыды кӕнын... Бутаты Аксо ӕмӕ йе 'мбӕлттӕ Ӕрӕфы къабаз бацауӕзтой... Иу малгонды ӕнахуыр цыдӕр дон сфӕйлыдта. Дон ӕй нал ӕмбӕрзта ӕмӕ уӕлӕмӕ дӕр зынди ӕмӕ йӕм нӕ бауӕндыдысты бацӕуын. Хъантеты Налыхъы фырт Гобӕ йӕ ӕрцахста ӕмӕ разынди... кӕф! Ставд-Дурты зӕхх хъацӕн ӕмӕ донӕфсӕст уа, ӕндӕр дзы алцыдӕр зайы. Реуазты Ладиккойы цӕхӕрадон фыццаг хатт 1991 азы федтон. Уӕдӕй фӕстӕмӕ йӕ алы сӕрд дӕр абӕрӕг кӕнын. Иуахӕмы йын бакой кодтон, зӕгъын, дыргъӕй, халсарӕй, цъӕххалӕй дӕм цы зайы, уыдон мын фенын кӕн. Цадӕггай зылдыстӕм цӕхӕрадоныл. Уыди йӕм дыууӕ хуызы кабачкитӕ, иуы ном – Цуккеша, иннӕйы ном – Цуккини. Зӕххы зайгӕ ӕхсӕр-арахисы мыггагӕй йӕм уыди Чуфа, хуыдта йӕ африкӕйаг культурӕ. Стахис – зайы картофы хуызӕн зӕххы норстӕй, у сӕтӕлӕгхъузджы хуызӕн, сӕкӕрнизӕй рынчынтӕн ӕй амонынц хосӕн. Ревень – гӕнгӕлыйы хуызӕн, йӕ зӕнг ын хӕрынц хомӕй, йӕ сыфтӕй йын кӕнынц компот ӕмӕ къуымӕл. Хрень – уый алчидӕр зоны. Татран – пайда дзы кӕнынц хрены бӕсты. Батун – хъӕдындзы хуыз, иу сагъд ӕй ныккӕн ӕмӕ цалдӕр азы дӕтты тыллӕг. Порей – хъӕдындзы хуыз, уый дӕр у цалдӕразыккон. Культурон ӕхсӕвӕрӕг. Джонджолия – ссӕуы къутӕрӕй, ис ын цупал дидинджытӕ, кӕнынц сӕ цӕхджын. Тмин – халсар, адджын киндзи. Хонынц ма йӕ басгӕрдӕг дӕр. Любисток – кӕны пет-

рушкæйы ад, пайда дзы кæнынц петрушкæйы бæсты. Ссæуы лæгбæрзæндæн. Иу ран зайы 15 азы бæрц. Артишок – у хæрæгсындзы хуызæн, йæ дидинæг ын хæрынц цæхджындоны фыхæй. Ис ын афтæмæй сурфых кæнæн дæр. Климатис – кæны хилгæ, калы стыр дидинæг. Адретæ – немыцаг картоф, йæ апп у бур, хъæздыг у каротинæй. Батат – адджын картоф. Саудеборао – бразилийаг халсар, у нығæнгæ пъæмидоры хуызæн. Черий – америкаг пъæмидор. Уыдис æм ананасхуыз бур пъæмидор. Гигантела – стыр æрыскъæф, Кристина – карчы айчыйас æрыскъæф, садзынц æй, рæгъæй рæгъы æхсæн 70 см. куыд уа, æвзарæй æвзары æхсæн та 30 см. Цы рихитæ ауадзы, уыдонæй садзынмæ бæззынц фыццаг дыууæ. 3–4 азы фæстæ йын йæ бынат хъæуы ивын. Йæ гага цæмæй зæххыл ма æнцайа, уый тыххæй йын алюмин телæй къæлæттæ скæнынц. Гагадыргътæй йæм уыди сауцъуй. Сау хъæлæрдзы – йæ бæлас ын хъæуы зулаив садзын, уæд къалиу суадзы. 6–7 азмæ сау кæнын байдайынц йæ къалиутæ, уыдоны хъæуы лыг кæнын. Гагадыргътæй ма йæм уыди культурон цым, хъалгъæн, хъæлæрдзы, мæнæргъы. Хус кæнын чи райдайы, уыцы зæнг та хъæуы лыг кæнын. Жимолость – нығæнгæ сæнæфсиры хуызæн ын ис сбирæ кæнæн. Китайаг гагадыргъ – лимонник, хилы сæнæфсирау. Дыргътæй йæм уыди фæткъуытæ цалдæр сорты, афтæ чылауи бæлæстæ дæр, культурон æхсæр, мыртгæ. Нығæнгæ сæнæфсир æм уыди 4 хуызы. Куы йæ садзай, уæд ракæн къалиу, фондз цæсты йыл куыд уа, афтæмæй, æртæ дзы фæдæлсыджыт кæн, дыууæ цæсты уæлзæхх аззайæнт. Цæджындзтæ рæгъæй ныссадз, уыдоныл тел ауадз, сæнæфсир уырдæм сараз æмæ ахилдзæн. Урс сæнæфсир – хонынц æй «дамский палец». Уыди ма йæм æндæр дыргъбæлæстæ дæр. Æз не скодтон йæ бирæ халсарты кой, нæ ранымадтон йæ алы адджындæф, иуæй иннæ рæсугъддæр дидинджытæ. Нæ дарæг зæхх куыд хъæздыг, куыд рæдау у, уый кæй нæ зонын, афтæмæй мыл царды бонтæ кæй ивгъуыйынц, ууыл дис кодтон.

* * *

Æнусты тарæй рухс фидæнмæ фæндæгтæ чи амыдта, ивгъуыды уыцы стыр лæгты кой куы рацыди, уæд-иу загътой Герцены ном дæр. Йæ чингуытæ цыдысты, библиотекæты уыдысты, скъолаты, институтты йæ ахуыр кодтам æмæ афтæ хъуыды кодтам, цыма йæ зонæм... Рацæй-рабон æмæ йын йæ ахсджиагдæр хъуыдытæ,

куыстытæ рæгъмæ на хастой, дуарæхгæдæй сæ дардтой. «Письма в будущее», зæгъгæ, уым фыссы: «Социализм разовьется во всех фазах своих до крайних последствий, до нелепостей. Тогда снова вырвется из титанической груди революционного меньшинства крик отрицания, и снова начнется смертная борьба, в которой социализм займет место нынешнего консерватизма и будет побежден грядущею, неизвестною нам революцией...»

Цымæ уæддæр цæуылнæ фæцыдысты Герцены зæрдæмæ социалисттæ? Уыцы фарстæн ахæм дзуапп дæтты: «Глухое брожение, волнующее народы, происходит от голода. Будь пролетарий побогаче, он и не подумал бы о коммунизме...» Æмæ ма ноджыдæр социализмы тыххæй: «Возьмите табун диких лошадей, – совершенная свобода и равное участие в правах, полнейший коммунизм, зато развитие невозможно... Человек серьезно делает что-нибудь только тогда, когда делает для себя».

## ЦАЛ СКЪОЛАЙЫ УЫДИ СТАВД-ДУРТЫ

Газет «Рæстдзинад»-ы 1927, 1928 æмæ 1930 азты номырты Ставд-Дурты скъолайы тыхст уавæрты тыххæй бакастæн 10 уацы. Скъолайы хицау æмæ хъæуы разамонджытæ уæлдæр хицауадæн æмбарын кодтой: хъæуы цæрджыты нымæц сбирæ æмæ утæппæт скъоладзаутæн уынгæг скъолайы фезмæлæн нал ис. Скъолайы иунæг кълас йедтæмæ нæ уыди. Райдианты сын лæвæрдтой иу дзуапп: цы скъола уæм ис, уый уал уын фаг у. Токаты Алæг 1927 азы майы мæй фыста: «Сечерæй куы æрлыгъдыстæм, уæд хъæуы адæм къаддæр царди... Ныр нæ адæм бабирæ сты алы рæттæй æрлидзджытæй, ноджы ма нæм бафтыдтой, хохæй Ног Дыгурмæ чи æрлыгъдис, уыцы хъæу дæр».

Хъæуы астæу – стыр рæсугъд фæз. Ам æрбынатон сты скъола, хъæусоветы къæнцылар æмæ клуб. Фæз райдианы сæхгæдтой зæронд каутæй, фæлæ уыдон бирæваг не систы æмæ хъæуы фос фæзмæ ирвæзтысты. Ног быру саразын къухы не ‘фтыди æмæ уæд хъæусовет бауынаффæ кодта: алы скъоладзау дæр æрбаласæд уисы уæрдон. Хæдзæрттæй та бадомдтой: скъолайы быруйæ алчидæр сбийæд сардзин. Уалынмæ сæм фæзынди фæзы алыварс сис самайыны хъуыды. Дуртæ æрбаластой, æндæр сын ницы бантысти. Зæронд скъола фыццаг хатт цалцæггонд æрцыди 1928 азы. Æмæ йыл схардз кодтой 6 туманы. Рауади ма

цасдæр рæстæг, æмæ скъола бынтондæр ныдздзæллаг. 1930 азы мыхуыргонд уацы кæсæм: скъолайы сæрстытæ æрызгъæлдысты, йæ бандæттæ – сæстытæ. Фæзы алыварс цы быру скодтой, уый хъæусоветы сæрдар бакъæртт кодта æмæ йæм йæ родты бауагъта. Скъолайы ахуыр кæнын «байдыдтой дыууæ дихæй» – иутæ райсомæй, иннæтæ – фæссихор. Уыцы аз августы мæй газеты фæзынди фæдисон уац: «Ставд-Дурты æппындæр скъола нæй. Агъуыст ныл куы ныккæла, зæгъгæ, ахуыргæнджытæ тæссæй фæризынц урокты рæстæг. Уацхæссæг хъусын кодта: «хицауад радта 45 мин сомы скъола саразынæн», фæлæ хъуыддаг нæ рæзы хъæусовет æмæ партчыры секретары аххосæй.

Гъе, уыцы уавæрты колхозы къанторы уæтты байгом кодтой «Силосы скъола». Къæлæстæ гом кæнын байдыдтой хæдзæртты дæр. Ног скъолайы байгоммæ ма уыди 10 азы. 1930 азы 9 январы газеты «Скъолатæй хъуысы», зæгъгæ, сæргонды бынмæ – иунæг хъуыдыйад: «Ставд-Дурты скъолайы ахуыргæнджытæ ирон æвзаг ахуыр кæнын нæ уарзынц». Цымæ уымæй цы зæгъынмæ хъавыдысты? Уыцы зонд æрцыдаид, ирон æвзаг Æрджынарæгæй дæлæмæ нæ хъæуы, зæгъгæ, чи загъта, ахæмы сæрмæ. Ставд-Дурты хъæу Æрджынарæджы дæле кæй æрæнцад, уый тыххæй афтæ хъуыды кодтаиккой, æви ног царды хъæр ирон дзыхæй дзурæгмæ дзæбæх куынæ хъуыса, уымæй тарстысты?

Хъæуы фыццаг скъола куыд фæзынди, уый тыххæй радзырдтой Токаты Георги, Токаты Дзандар, Дзугкойты Уæсмæн, Саулаты Дзеркæ, Гогыцаты Алыксандр, Фæрниаты Барысби æмæ Закаты Ануси.

Хуыдтой йæ «Сечеры скъола», уымæн æмæ йæ уырдыгæй æрластой. Токаты Дзандар афтæ радзырдта: «Сечеры скъолайыл ирæттæ æмæ дыгурæттæ кæрæдзи марынмæ æрцыдысты. Уым чи зади, уыдон скъола нæ лæвæрдтой. Лидзгæ чи кодта, уыдон скъолайы сæрмæ схызтысты æмæ йæ халын райдыдтой. Уæд сæ иннæтæ уæлæмæ дуртæй æхсын байдыдтой. Милицæ ссыдысты æмæ, куынæ сабыр кодтой, уæд тæрсæн æхст фæкодтой. Рай-хæлдтой скъола, раластой йæ Ставд-Дуртæм. Ам æй сарæзта къухæй дæсны Æфсæнты Бечыр». Дзугкойты Уæсмæн радзырдта: «Скъола уыди хъæдæлхынцъ хæдзар. Уым чи зади, уыдон æй нæ лæвæрдтой, уæддæр Ставд-Дуртæм ласт æрцыд».

Токаты Георги загъта: «Сечеры скъола уыди аргъуаны фарсмæ. Æз дзы мæхæдæг ахуыр кодтон. Фæрниаты Къоста-

имæ (фæстæдæр сси фыссæг – Фæрнион) иу рæстæджы бацыдыстæм ахуырмæ. Уыди нын тынг хорз ахуыргæнæг – Акъоты Уæлинка. Хуыцауы закъон та нын амыдта сауджын Баситы Гадæкко. Уыди æртæкъласон скъола. Ставд-Дуртæм æй æрластой, æмæ кусын байдыдта 1925 азы. Хуыцауы закъон дзы нал уыди».

Дзугкойты Уæсмæны хъуыдымæ гæсгæ та Ставд-Дурты фыццаг скъола кусын райдыдта 1924 азы. Уыди дзы иу ахуыргæнæг – Фæрниаты Батырбег. Скъолайы уыди иу уат, уыцы иу рæстæг дзы бадтысты фыццаг æмæ дыккаг къæлæсты ахуырдзаутæ. Уæсмæны Батырбег райста фыццаг къласмæ. Исгæ та сæ афтæ кодта: гæххæтты сыфыл фыстытæм бацамонгæйæ-иу афарста: «Мæнæ ай цавæр дамгъæ у?» Фылдæр дамгъæтæ чи базыдта, уыдон бакодта дыккаг къласмæ. Фыццаг къласы Уæсмæнимæ ахуыр кодтой Гатеты Уæсмæн, Цыдаты Бимболат, Дзанæгаты Савели, Цогойты Миса, Бутаты Гадæцци, Токаты Гогки, Цыдаты Илья, Закаты Закар, Æлбегаты Бола æмæ Сослæмбег, Фæрниаты Сослан æмæ Хъазджери, Бицъоты Дзибо, Цыдаты Госæнагъуæ... Ахуыргæнæг къæлæстæн амыдта радыгай.

Гогыцаты Алыксандр куыд загъта, афтæмæй зæронд скъола байгом нодкжы фæстæдæр. Йæхæдæг фыццаг хатт скъолайы къæсæрай куыд бахызти, уый мæм фæкасти цымыдисæн дзуринагау. Йе 'мцахъæн сабитимæ хъæуы сæр хъазыдысты хæрæгджелдыйæ. Сæ цыппæртыл лæугæйæ-иу арæгъ сты. Æппæты фæстаггиу сегасы сæрты дæр агæппытæ кодта æмæ-иу æппæты разæй йæ цыппæртыл алæууыд. Сæ хуыздæр хъазæнтæ уыдысты хъисын пурти, хъæдын къори, хъæл æмæ лæдзæг...

Гъе, сæ тæккæ хъазгæйæ уыдысты, афтæ сæм æрбацыд тыппыртæарæзт лæг. Иуварсæй сæм фæкасти, йæ мидбылты худти. Лæппутæ йæм сæ хъус куы æрдардтой, уæд сæ бафарста: «Скъоламæ цæуын уæ нæ фæнды?»

Джихæй кæсгæйæ йæм баззадысты, ома, цы нын зæгъыс, нæ дæ æмбарæм. «Рацæут мемæ æмæ фенут скъола, – загъта та худæндзаст лæг æмæ сабыргай араст ис. Йæ уæлæ уыди, арæх сæ нæ уыдтой, ахæм дарæстæ – йæ хæлафы фадгуытæ – итувæрд, йæ дзабырты уæлфæдты онг æххæссыдысты. Йæ гуырыл – пидджак, йæ фæдджитæ уæрджытыл æндзæвыдысты. Йæ хæдон сыгъдæг, æхсызгон рухс цыма кодта. Лæппутæ йæм дзагъулгæстытæ кодтой, йæ фæдыл цыдысты. Сæ сæртæ хæсгардæй чъепсæлвыдтытæ, сæ бæгъæввад къæхтæ – скъуыдтæ.

Скъолайы къæсæрæй бахызтысты, сæ улæфт ныуурæдтой, афтæмæй. Цыдисты æнæуынæр къахдзæфтæй, хъуызæгау. Партæты дæр хъавгæ сбадтысты æмæ сæ алчи йæ бынаты нындзыг ис. Сæ зæрдæты цæфтæ дзæбæх хъуыстой. Чи сæ æрбахуыдта, уый сæ алкæй дæр бафарста йæ мыггаг, йæ фыды ном æмæ йæхи номæй, йæхимæ сæ ныффыста. Фыццаг хатт фехъуыстой уыцы бон чиныг, тетрад, кърандас, ручкæ æмæ æндæр диссаджы дзырдтæ. Алчи сæхицæй цас æхца хъуамæ æрбахæсса, уый дæр сын загъта. Бамбарын сын кодта: «Æхца куы æрхæссат, уæд уын ратдзынæн чингуытæ æмæ тетрæдтæ».

Сæ хæдзæрттæм куы фæцыдысты, уæд базыдтой: уыцы худæндзаст лæг ахуыргæнæг Фæрниаты Батырбег кæй уыди. Чингуытæ æмæ сын тетрæдтæ куы радта Батырбег уыцы бон дæр сæм диссаджы аргъауы хуызæн фæкаст. Чиныгæн – æмхуызон фæрстæ, цыдæр æнахуыр нысантæ дзы арæгъытæ сты. Æхца чи арбахаста, уыдонæн ахуыргæнæг радта чингуытæ, тетрæдтæ æмæ сæ цæсгæмттæй хуртæ ракасти, иннæтæ фенкъард сты, хæлæджы цæстæй сæм кастысты. Уæд ахуыргæнæг уыдонæн дæр радта чингуытæ æмæ тетрæдтæ æмæ сын бафæдзæхста: «Уæхимæ сæ равдисут, сæ аргъ сыл фыст у æмæ уыйбæрц æхца æрхæсдзыстут».

Иу къласмæ фарастаздзыдтимæ цыдысты, йæ æвддæс азы йæхи кæмæн фесты, ахæмтæ дæр. Уыцы къласы æппæты кæстæр ахуырдзаутæ уыдысты Цогойты Æхсарбег, Гогыцаты Алыксандр, Сохиты Хадæхц. Фыццаг къласы ахуыргæнгæйæ чындзы чи ацыди, ахæм чызджытæ дæр дзы цыди.

Скъолайы дыккаг ахуыргæнæг уыди Турчанинова. Уый фæстæ дзы ахуыргæнджытæй куыстой Джелыты Михал æмæ Байцаты Амырхан. Гæгкуыты Дзеркæ куы ахуыр кодта, уæд дзы ахуыргæнджытæй куыстой Фæрниаты Батырбег æмæ Мария Ивановна Соловьева. Ахуыр кодтой ирон, уырыссаг æвзæгтæ æмæ математикæ, æндæр предметтæй сын уроктæ нæ кодтой. Дзеркæимæ дæр иу къласмæ цыдысты алы кары сывæллæттæ. Се ‘гъдау уыди тынг хорз.

Фæрниаты Бечмырзæ Ставд-Дурты зæронд скъолайы ахуыр кæнын райдыдта 1926 азы. Уæд ыл цыди 14 азы. Скъола иуты ныхасмæ гæсгæ уыди æртæазыккон. Бечмырзæ загъта: уыди цыппаразыккон.

Фæскуадзæн Бечмырзæйæн йæ мад афтæ: «Хуын дын

скæндзынæн, ахуыргæнæгæн æй бахæсс æмæ ахуыр кæнын райдай». Скодта мад æртæ чъирийы, сæ уæлæ сын сæвæрдта карчымард, даргъхъуыр æртæлитруат авг бæгæныйæ байдзаг кодта æмæ æд хуын скъоламæ арвыста йæ фырты. Бечмырзæ хуын бахаста къласмæ, уырыссаг ахуыргæнæг Турчаниновайы раз сæ стъолыл æрæвæрдта æмæ æнцад слæууыди. Цалынмæ урок фæци, уæдмæ нæ сызмæлыд. Ныр æм ахуыргæнæг сдзырдта: «Цом». Систа та йæ хуын æмæ араст йæ фæдыл. Уый царди скъолайы иунæг цæрæн уаты. Лæппу хуын уырдæм бахаста. Уыцы бонæй фæстæмæ скъоламæ цæуын байдыдта Фæрниаты Бечмырзæ.

Дзго, Бечмырзæйы мад, йæ сабимæ йын ахуыргæнæг хуыздæр цæстæй кæса, уый тыххæй не скодта хуын – скъолайы къæсæрæй фыццаг хатт хызти æмæ йын сæ кувинæгты хуызы рарвыста... Уырыссагау ын зын ахуыргæнæн уыди – æгасæй цалдæр дзырды йедтæмæ нæ зыдта. Уæд бавдæлди æмæ-иу чиныгæй дунейы текст рафыста, кæд дзы исты бахъуыды кæнин, зæгъгæ.

Чысиаты Анусийы рæстæг зæронд скъолайы уыди æртæ къласы. Зымæг-иу арт æндзæрстой цæнгæт пецы, фæлæ кълас нæ хъарм кодта. Чызджытæ айдагъ къабаты бадтысты æмæ-иу ихæнæй басыдысты. Сæ иуы ма Зырзыраг дæр рахуыдтой. Æмæ йыл уыцы ном баныхæст. Ануси æнцонæй ахуыр кодта, йæ хистæрты фæзмгæйæ сæ хæдзары кæсын, фыссын раджы базыдта.

Созæты Андрей скъоламæ зымæг цасдæр рæстæг бæгъæввадæй фæцыди. Уыциу згъорд-иу акодта сæ хæдзары къæсæрæй, къласы-иу фæмидæг, пецы дзыхмæ абадт, йæ къæхтæ-иу пецы фæцавта. Бандæвтой-иу къæхтæ æмæ-иу фыррыстæй йæ уд сцæйхауди. Фæсурокты дæр та хæдзармæ згъоргæ. Педучилищейы ахуырдзау куыд сси, уый дæр диссаг у. Сыхаг чызджытæй йæ иуимæ лæугæ федтой æмæ йæ мæстæй марын байдыдтой. Сфæлмæцыди сæ æмæ хъæуæй ацæуыны зондыл ныллæууыди. Фехъуыста: горæты ис, ахуыргæнджытæй кæцæй рацæуынц, ахæм скъола. Голладжы нывæрдта нартхоры кæрдзын æмæ, æхсæвæрæй чи баззади, ахæм æдцъарфых картофтæ æмæ æмпъызтытæ дарæсты Ставд-Дуртæй горæтмæ фистæгæй фæцыди. Бахызти училищейы тыргътæм æмæ æргъæвст каркау слæууыди. Дыуузæ чызджы йæ уæлхъус алæууыдысты, афарстой йæ, цы дæ хъæуы, зæгъгæ. «Ахуыр кæнынмæ ссыдтæн», – загъта Андрей. Бакодтой йæ директор Галуаты Микъалайы размæ. Андреймæ гæххæтт дæр нæ уыди æмæ йæ рарвыста директор,

скъола каст куы фæуай, уæд нæм-иу ссу, зæгъгæ. Хъæуы уыди цыппаразон скъола, Андрей дзы каст фæци 3 къласы. Иу аз ма фæуа хъæуы, уый йæ нал фæндыд æмæ хъæусоветмæ бацыди, Уырымты Теккайæн загъта ахуыргæнджытæ уадзæн скъоламæ кæй цæуы, уыцы хъуыды. Текка хъуыддаджы гæххæттытæ аразæг уыди. Сыгъдæг сыф ын радта æмæ загъта: «Скъолайы мыхуыр æмæ дзы штамп сæвæрын кæн æмæ дын гæххæтт сараздзынæн». Æвдæлон бон бацыди Андрей скъоламæ, хъалагъур иурæстæджы кæдæмдæр куы ацыди, уæд бауади мидæмæ, мыхуыр æмæ штамп сæвæрдта гæххæтты сыфыл æмæ йæ бахаста хъæусоветмæ. Теккайы арæзт гæххæтмæ гæсгæ Андрей каст фæци хъæуы скъола кæронмæ, йæ азтæ дæр фæфылдæр сты. Фæндаггæгтæ та авæрдта голладжы къуымы æмæ та фистæгæй фæцыд горæтмæ. Училищейы директор ыл бадис кодта: «Лæппу, мæ ныхас мын нæ бамбæрстай, куы та схæццæ дæ?» Андрей йын йæ разы æрæвæрдта йæ гæххæтт. Директор æм фæкаст, стæй телефонæй адзырдта. Андрей фæтарст, æфхæрдзæн мæ, зæгъгæ. Цæвиттон, директор ныхас кодта Теккаимæ. Уый йæ бауæндын кодта, гæххæтт раст лæвæрд кæй у, ууыл, æмæ Андрей ахуыр кæнын райдыдта. Училище каст фæци 1937 азы.

* * *

Фæрниаты Батырбег «Сечеры скъолайы» райдианты уыди иунæг ахуыргæнæг. Æнæмæнг бафиппайын хъæуы: ахæм ахуыргæнæг-иу уыди директор дæр, завуч дæр, завхоз дæр... Гъе, уымæ гæсгæ йæ скъолайы бындурæвæрæг хонын хъæуы.

1950 азы Батырбег йæхи къухæй кæй ныффыста, уыцы автобиографийы кæсæм: «1920 азы мын облæсты оргбюро бахæс кодта канд Цыколайы нæ, фæлæ æгас районы дæр коммунистты чыртæ саразын. Уыцы фæдзæхст куы сæххæст кодтон, уæд та мын адæмон ахуырады облæсты хайады хицау мæ бæрны бакодта ногæрлидзæг хъæутæ Мустыздæх, Æхсæрысæр, Хæзныдон æмæ Ставд-Дурты райдиан скъолатæ саразыны куыст». Хабæрттæ мын фæбæлвырд кодта Батырбеджы фырт Сафарби: «Иу хъæуы-иу фæкуыста скъола саразыныл. Кæм-иу æй ног агъуыст аразын бахъуыд, кæм та зæронд хæдзармæ бындуронæй базилын. Бацагуырдта-иу ахуыргæнджытæ, хæдзæрттыл æрзилгæйæ-иу сарæзта, скъоламæ чи цæудзæн, уыцы ахуырдзауты номхыгъд. Цæмæй хъомыл лæппутæ æмæ чызджытæ чы-

сылтимæ иу къласмæ цæуыныл сразы уыдаиккой, уый тыххæй сæ-иу бахъуыди баразæнгард кæнын. Скъола-иу кусын куы байдыдта, уæд та-иу æй æндæр хъæумæ аивтой».

Æмæ уæд, цæвиттон, Фæрниаты Батырбег уыди цыппар скъолайы бындурæвæрæг. Йæхи къухæй фыст биографийы кæсæм: «1924 азæй 1944 азмæ куыстон Ставд-Дурты скъолайы раздæр хицау æмæ завучæй, уый фæстæ та директорæй».

Ставд-Дурты фыццаг скъола кусын райдыдта 1924 азы.

Фæрниаты Тотыры фырт Батырбег райгуырди 1892 азы. Урсгвардионтæ сын Æхсæрысæры сæ хæдзар басыгъτой æмæ бинонтæ уынджы къæйыл баззадысты. Уырдыгæй ралыгъдысты Сечермæ. Батырбеджы фыд Тотыр къухæй арæхстджын уыди, куыста скъолайы, рæвдзытæ йæ кодта. Йæ мад та йæ æфснайгæ кодта. Батырбег йæхæдæг куыд фыста, афтæмæй йæ ныййарджытæ нымад уыдысты рæстæгмæ цæрджытыл, нæ сын уыди зæххæй пайда кæныны бар, æмæ-иу куы кæй хæдзары куыстытæ кодтой, куы кæй. Ахуырмæ йæ нæ райстаиккой, фæлæ йæ мадæн æххуыс кæй кодта, уый тыххæй йæ ахуыргæнджытæ бауарзтой æмæ йын сарæзтой ахуыр кæныны фадат. Райдиан скъола каст фæуыны фæстæ 1904 азы райдыдта ахуыр кæнын Æрыдоны семинары. Исгæ та йæ ракодтой Хуыцауы Закъонамонæг ахуыргæнæг, сауджын Боциты Георгийы фæрцы – йæ хæрæфырт æй рахуыдта. Хабар рабæрæг дыккаг аз æмæ лæппуйы семинарæй ацух кодтой. 1908 азæй 1913 азмæ æххуырсты куыста Сечеры цæрæг хæдзæртты, цыди фыййау. Цы æхцайы капеччытæ-иу бакуыста, уыдонæй æлхæдта чингуытæ, рафыста-иу журналтæ «Самообразование» æмæ «Гимназия на дому». Изæрыгæтты сæ-иу нæзы цырагъы рухсмæ касти. Цы базыдта, уыдон-иу дзырдта хистæртæн æмæ йæм хъусынæй не 'фсæстысты. Сечерæгтæй искæмæ исты гæххæтт æрбацыд – Батырбегмæ-иу æй хастой кæсынмæ. 1914 азы Батырбег райста райдиан кълæсты ахуыргæнæджы æвдисæндар æмæ кусын байдыдта скъолайы. Февралы революцийы фæстæ 1917 азы сси «Кермены» партийы уæнг. Сырх партизантимæ баст кæй уыди, уый тыххæй сын урсгвардионтæ сæ хæдзар басыгъτой.

Сафарби мын радта, Батырбег телеэкранæй радзурынæн кæй ныффыста, уыцы æрмæджытæ. Афтæ зæгъы: «Тынг мæ фæндыд ахуыргæнæгæй кусын, æрмæстдæр мæгуырты сывæллæтты кæй ахуыр кæндзынæн, уый тыххæй. Паддзахы заманы куыстон

Цыколайы æмæ Æхсæрысæры. Цыкола уæд уыд стыр хъæу, фылдæр хæдзæрттæ – хъæмпæй æмбæрзт... Æхсæрысæр дæр тынг мæгуыр хъæу уыди. Уырдæм паддзахы заманы æрæмбырд кодтой, «временнытæ» кæй хуыдтой æмæ хъæуты æххуырсты чи цыди, ахæмты. Хъæды астæу фæз ран бæлæстæ акалдтой, ссыгъдæг æй кодтой æмæ дзы хæдзары къуымтæ сарæзтой. Бонджынтæ ам сарæзтой дыууæ стыр хырхæйфадæны. Уыдон уыдысты Цорæты Мазан æмæ Тæгка, Хосроты Сандр æмæ Тæкъоты Дзандар. Адæм сын уыдысты лæгъстæйаг. Иу хатт хъæуы цæрджытæ хъæздыг фынг сарæзтой, цуаны сæм чи фæзынд, ахæм инæларæн, сæ мæгуырдзинад ын фæдзырдтой, куырдтой дзы æххуыс. Уый сын афтæ: «Хуымзæхххъуаг стæм зæгъут, фæлæ уæ фынг уый нæ амоны». Сæ фынгарæзтыл фæфæсмон кодтой хъæуы мæгуыртæ».

Сафарби хорз хъуыды кæны: йæ фыд-иу кæцæйдæрты æрбахуыдта æнæхæдзар, æвæгæсæг сабиты. Скъолайы хъуыддæгты фæдыл-иу Змейкæмæ, Елхотмæ кæнæ Дзæуджыхъæумæ арæх афтыд æмæ-иу уыцы сыдæймард сывæллæттæй искæй йемæ æнæ æрбакæнгæ нæ фæци. Чи сæм-иу афæдз фæцард, чи дыууæ азы. Батырбеджы цардæмбал-иу куы батыхсти цытæ сын кæндзынæн, зæгъгæ, уæд-иу уый афтæ бакодта: «Амæлттæ кæнын хъæуы. Арвæй зæххы æхсæн сæ куыд ныууадзæм?»

1939 азы районы центрæй æрбадзурæг бацагуырдта Фæрниаты Батырбеджы æмæ йын бамбарын кодта: «Цæуын дæ хъæуы Мæскуымæ æмæ дæхи бацæттæ кæн. Рухсады хуыздæр кусджытæн М. И. Калинин Кремлы дæтдзæн ордентæ».

Сафарби мын радта, Калинин Фæллойы Сырх Тырысайы ордентæ йæхи къухæй кæй риутыл бакодта, уыдонимæ иумæ ист къам. Бинаг рæгъы галиуырдыгæй кæронæй бады Батырбег. Йæ урс хæдоны риуыл тар дары йæ хæрзиуæг. Иннæтæй хъауджыдæр Батырбег айдагъ урс хæдоны цæмæн рацыд къамисæджы размæ, зæгъгæ, бафарстон Сафарбийы æмæ мын загъта: «Йæ пиджак ихсыд уыди æмæ йæ уыцы бон не скодта».

Токаты Гогки уыцы рæстæг куыста Жуковскийы ном хæссæг Хæстон-уæлдæфон академийы аэродинамикæйы лабораторийы хицауæй. Уæд ыл цыди 25 азы. Гогки бацагуырдта Батырбеджы, фæарфæтæ йын кодта æмæ йын загъта: «Ме 'мбæлттæн зæрдæ бавæрдтон, мæ ахуыргæнæгимæ уæ базонгæ кæндзынæн, зæгъгæ, æмæ дæм нæхимæ æнхъæлмæ кæсынц». Токаты фатеры

ӕрӕмбырд сты зындгонд ахуыргӕндтӕ, Гогкийы иузӕрдион хӕлӕрттӕ. Фысым йӕ уазджыты Батырбегимӕ куы зонгӕ кодта, уӕд загъта: «Мӕнӕ мӕ фыццаг ахуыргӕнӕг, абетӕ мын чи бацамыдта...» Гогки балӕвар кодта Батырбегӕн йӕ наукон куыстытӕ чингуыты уагъдӕй. Хӕсты рӕстӕг фесӕфтысты.

Фӕрниаты бинонтӕ Дзӕуджыхъӕуы куы цардысты, уыцы азты Батырбег цалдӕр хатты дзырдта телеэкранӕй. Йӕ ныхӕстӕ къухфыстӕй баззадысты. Иу ран дзы ахӕм ныхӕстӕ бакастӕн: «Зӕронд заманы ныры хистӕртӕ базыдтой цардӕн йӕ тӕккӕ фыдад ӕмӕ уыдон уарзонӕй кӕрӕдзиуыл куынӕ хӕцыдаиккой, уӕд, ӕвӕццӕгӕн, сӕ фыдгулты фӕндиаг фӕуыдаиккой». Паддзахы заман Батырбег Цыколайы ахуыргӕнӕгӕй куыста ӕмӕ уым цы ӕгъдӕуттӕ ӕмӕ хӕрзвӕтк уыди, уыдон тыххӕй та афтӕ загъта: «Расыг лӕг дзы никуы федтон. Сӕ сылгоймаг уыд ӕгъдауджын, нӕлгоймӕгты цӕсты кадджын. Сӕ цин, сӕ зианы уыд стыр ӕгъдау».

Ӕгуыстӕй бадын нӕ фӕрӕзта Батырбег. Дзӕуджыхъӕуы 13-ӕм скъолайы фарсмӕ цардысты Фӕрниатӕ, Батырбег-иу алы изӕр дӕр скъолайы кӕртмӕ бацыд ӕмӕ-иу ын ныхас бацайдагъ скъоладзаутимӕ. Ахуыргӕнджытӕ уый ӕнӕ бафиппайгӕ нӕ фесты ӕмӕ-иу ахуырдзауты афарстой: «Уый чи у?» Базыдтой йӕ ӕмӕ йӕ ахуыргӕнджыты уатмӕ бахуыдтой. Батырбег уый фӕстӕ сарӕзта, цауддӕр чи ахуыр кодта, уыцы ахуырдзауты номхыгъд, ныхас кодта сабитимӕ, базыдта-иу сын сӕ царды уавӕртӕ, сӕ ныййарджыты. Чи адзӕгъӕл, уыцы фыдуӕгты цӕсгомӕй базыдта. Лӕмбынӕг бӕрӕг кодта, сабитӕй уыцы уавӕрмӕ чи цӕмӕн ӕрцыд, уыдӕттӕ, ӕххуыс кодта ныййарджытӕн йӕ зонды ныхасӕй. Немыцы рӕстӕг хъӕуы цӕмӕн баззадтӕ, зӕгъгӕ, йӕ 1943 аз партийы рӕнхъытӕй аппӕрстой.

Немыц Ставд-Дуртӕ нӕма бацахстой, уӕд Батырбегӕн бӕхуӕрдон радтой ӕмӕ йӕ бинонтимӕ алыгъд Текъаты хъӕумӕ (Дзӕгъиппарзмӕ). Се 'рцыдмӕ немыц хъӕу бацахстой ӕмӕ Батырбег загъта: «Цы уӕлдай ма нын у. Цӕуӕм фӕстӕмӕ Ставд-Дуртӕм». Немыц ӕй сӕхимӕ кусынмӕ хуыдтой, фӕлӕ нӕ бакуымдта. Уӕлдӕр загътон Чысиаты Дзамболат иу изӕр Фӕрниатӕм кӕй фӕзынди ӕмӕ аивӕй Батырбегӕн кӕй бамбарын кодта: «Сафинаг кӕй сты, уыцы номхыгъды дӕ ӕппӕты уӕле ныффыстой ӕмӕ дӕхи хъахъхъӕн».

Афтӕ мын радзырдтой: «Фӕрниаты Батырбегыл чидӕртӕ

ныффыстой, йæ орден пысунæйы ныппæрста, зæгъгæ. Зæронд ахуыргæнæджы хъустыл æрцыдысты уыцы дамтæ æмæ йæ хæрзиуæг бонрухсмæ рахаста».

Фæрниаты Данелимæ ныхас кодтон Алагиры, сæ хæдзары. Уый мын дзырдта: «Батырбеджы æнæхъуаджы бафхæрдтой æмæ мæрдтæм зæрдæрыстæй бацыди. Ставд-Дурты уæллаг уæлмæрдты цур царди, скъола чи самадта, уыцы уырыссаг лæг йæ бинойнагимæ. Батырбег немыцы заман хæцæнгарзæй цæуылдæриддæр хæст кодта, уыдон уырыссаджы хæдзары æмбæхста. Хæдзары хицау бакъуырма æмæ йыл, ома, ничи фæгуырысхо уыдзæн. Немыцы фæстæ нæхионтæ куы æрбацыдысты, уæд сын сæ радта. Ацы хабар исчи зыдтаид, уый æнхъæл нæ дæн».

Нал сраст кодтой Батырбеджы, йæ зæрдæйы хъæдгом нæ байгас, афтæмæй мæрдтæм бацыди 1970 азы.

* * *

Хъæуы цæрджыты нымæц фылдæр кодта, зæронд скъола скъуындæг æмæ фæзынди «Силосы скъола», кълæстæ гом кæнын байдыдтой цæрæн хæдзæртты дæр. Скъола байгом хъæуы бын Ахъиты хæдзары. Ахъиты размæ уым цардысты Цомайты Налыхъы бинонтæ, скулак сæ кодтой æмæ сæ ахастой. Ардæм ахуыр кæнынмæ цыди Зæнджиаты Хъасболат. Афтæ радзырдта: «Уыдысты 18 лæппуйы. Ахуыр нæ кодта Æлбегаты Дрис. Предметтæ дæр нын амыдта, политехнизацийы уроктæ дæр нын кодта, фæстæдæр сæ хуыдтой фæллойы уроктæ. «Лæппутæ, хорз куы ахуыр кæнат, уæд уæ уалдзæджы горæтмæ ахондзынæн. Бæх кæй ласы, ахæм трамвай фендзыстут», – ахæм зæрдæтæ нын-иу авæрдта Дрис. Мах æрхъæцмæ нал хъæцыдыстæм, кæд нæ балцы æмгъуыд тагъддæр æрцæуид, зæгъгæ, къалиндары сыфтæ фæтыдтам æмæ нæ ахуыргæнæгæн загътам: «Уалдзæг ралæууыд æмæ нæ горæтмæ алас». «Нагъ, лæппутæ, – бахудти Дрис. – Горæтаг къæлиндармæ гæсгæ зымæгæн йе 'мбис дæр нæма фæци». Уроктæ дæр диссаг куыннæ уыдысты, фæлæ дзы скъолайы æрмадзæн æмбал нæ уыди. Тагъд фæцалх стæм зырнæйзилæджы дæсныйадыл, нæхæдæг аразын райдыдтам зырнæйзылд сынтæджытæ æмæ авдæнтæ. Саст авдæнтæ дæр цалцæг кодтам. Бацамыдта нын, цавæр куысты тыххæй цас æхца исын хъуыди, уый дæр. Стъолы лагъз сæхгæдта ахуыргæнæг, чысыл зыхъхъыр дзы ныууагъта æмæ æфтиаджы æхцатæ уырдæм

æппæрстам. Лагъз куы байдзаг, уæд нæм Дрис дæгъæл радта æмæ нын ныффæдзæхста: «Æхцатæ мæнмæ схæссут». Капекмæ дæр нæ бавнæлдтам, афтæмæй сæ ахуыргæнæгыл сæмбæлын кодтам. Уæды рæстæг сайын йæ фæсонæрхæджы дæр никæмæн уыди». Уыцы скъолайы Хъасболат афтæ сарæхстджын æмæ сæ кæрты сарæзта, хохы цæргæйæ кæй федта, ахæм ауыгъд телын фæндаг. Чысыл вагæттæ йыл æрцауыгъта, змисæй сæ байдзаг кодта, сæхæдæг-иу фæфæлдæхтысты, змис-иу æркалди. Иуахæмы сæм диссæгтæ уынынмæ æрцыдысты дунейы сабитæ... Хъасболат йæхи къухтæй сарæзта, æрмæстдæр нывы кæй федта, ахæм велосипед. Йæ цæлхытæ – бандоны чъилтæй, йæ къæбæлтæ – телтæй. Æртæйæ йыл Змейкæмæ бацыдысты. Фæстæмæ цæугæйæ сын асасти...

Зæнджиаты Тотыр радзырдта: «Дыууæ къласы каст фæдæн Ахъиты хæдзары. Уый фæстæ нæ аивтой «Силосы скъоламæ». Уым фæдæн 4-æм кълас. Фæндзæм къласмæ та бацыдтæн Сечеры скъоламæ. Æвдæмтæ та каст фæдæн ног скъолайы. Ахъиты хæдзары мæ ахуыргæнджытæ уыдысты Санайты Дзантемыр, Токаты Натаскæ, Æлбегаты Нинæ...» «Ахъиты хæдзары æз дæр ахуыр кодтон, – дзырдта мын Гæгкуыты Маня. – Нæ ахуыргæнæг уыди Хъантемыраты Георги. Хæдзæрттыл-иу разылди æмæ-иу йемæ скъоламæ ныццыдыстæм. Ногуард миты-иу афæд кодта. Фæндзæм къласмæ та цыдтæн Цæгæраты Аккериты хæдзармæ». «Зæронд скъола куы нал фаг кодта, уæд нæ бахуыдтой, Хъантетæй кулак кæй скодтой, уыдоны хæдзармæ, – ацы хабар та мын фехъусын кодта Гогыцаты Алыксандр. – Уым ахуыр кодтой Куыдзиаты Разамет, Цогойты Æхсарбег, Илаты Женя, Зæнджиаты Уæлычкæ, Æлбегаты Костя, Дзуццаты Боря...»

Золойты Валодя ахуыр кæнынмæ бацыди «Силосы скъоламæ». Мит æруарыны онг скъоламæ бæгъæввадæй фæцыди, уырдыгæй суанг уалдзæгмæ фæбадти хæдзары. Иуахæмы сæм фæзынди Фæрниаты Батырбег, йæ ахуыргæнæг. «Цы фæци мæ лæппу, мæ хуыздæр ахуыргæнинаг? – дзургæ бацыди уынгæй... Нæ фæхуыздæр сты сабийы уавæртæ, 3-аг къласмæ куы цыди, уæддæр. Ахуыр бæргæ хорз кодта, фæлæ ныгъуылдхуызæй цыди. Йæ уæлæ уыди йæ фыд Знауыры æфсæддон бур къурткæ. Йæ фæдджитæ фадхъултæм æххæссыдысты, йæ астæу – бæттæнæй æлвæст. Хæлаф ыл нæ уыди, æмæ йыл исчи куы фæгуырысхо уа, зæгъгæ-иу йæ бынатæй уæлæмæ нал стади. Уыцы уæнгтæ-

баст рæстæг ын ахаста æртæ мæйы... Таболты Хазби цыди, Реуазты Портоты хæдзары кæй байгом кодтой, уыцы къласмæ. Хорз бæрæггæнæнтæ чи иста, уыдонæн-иу лæвæрдтой тырысатæ, æвзæр бæрæггæнæн кæмæн бацыди журналмæ, уымæн та-иу радтой цъолоби голлаг, ома, худинаг уын уæд! Ахæмты мæстæй мардтой, сæ фæдыл æхситт кодтой.

* * *

1937 азы колхозы æххуысæй аразын райдыдтой ног скъола. Кусын райдыдта 1939 азы. Фæрниаты Данел куыд дзырдта, афтæмæй скъола самадта уырыссаг къуырма лæг. Александройскы станицæйæ скъолайæн бричкæты ластой агуыридур, Æрæфы-иу æй дыууæ бæхы нæ фæрæзтой æмæ ма дзы-иу сифтыгъттой иу цæд. Гуырдзиæгты баххуырстой тымбыл хъæдтæ фадынмæ, æндæр фæйнæг кæм уыди.

1940 азы онг скъола уыди авдазон. Ставд-Дурты астæуккаг скъола каст фæуыны тыххæй ахуырдзаутæ фыццаг хатт цæттæдзинады аттестаттæ райстой 1943–1944 ахуыры азы.

Немыц скъолайæ сарæзтой госпиталь. Басыгътой йын йæ партæтæ, йæ рудзгуытæ, йæ пъолтæ... Немыц куы лыгъдысты, уæд скъолайыл бандзæрстой. Куыд æй хуыссын кодтой, уыцы хабар цалдæр хуызы радзырдтой. Токаты Гуыдзийы мысинæгты кæсæм: «Иу бон быдырæй æрæгмæ æрбацыдтæн, æмæ дохтырты дзаумæттæй нæ уаты ницыуал уыди. Æз афарстон: «Цы фесты?» Æмæ мын загътой: «Афардæг сты...» Уæд дыккат бон скъола уынынмæ ныццыдтæн æмæ федтон: иу къласы пъол дзы басыгътой æмæ йæ хуыссын кодтой Уарзиаты Беслæн, Токаты Хъырым æмæ Фæрниаты Добыттæ. Æз дæр ма сын фембал дæн æмæ йæ ахуыссын кодтам». Золойты Валодя загъта: «Скъола хуыссын кæнынмæ æппæты разæй йæ бедратимæ фæзынди Фæрниаты Батырбег, хъæр кодта: нæ фæллой сæфы! Йæ хъæрмæ æрбазгъордтой адæм».

* * *

Дзугкойты Уæсмæн фронтæй сæхимæ сыздæхти лæдзджыты æнцæйтты. Скъолайы ахуыргæнджытæ фаг нæ уыди æмæ йæм хæдзармæ ссыдысты. Кусынмæ рацу, зæгъгæ, йæм бахатыдысты. Æдæрсгæ цæуæн æй нæма уыди æмæ нæ разы кодта. Зæрдæтæ йын бавæрдтой, бидаркæйы дæ ласдзыстæм, зæгъгæ.

Фæлæ уыцы ныхас фæмæнг ис. Æлбегаты Миса сын загъта: «Нæй нæм бидаркæ». Мит арф ныууарыди æмæ Уæсмæн йæ ныфс нæ бахаста фистæгæй цæуынмæ. Сæрды каникулты рæстæг Уæсмæнмæ фæдзырдтой Кировы райкоммæ, рахабар ын кодтой: «Уæ директор цæуы йæ куыстæй æмæ дæ йæ бынаты æвæрæм». «Мæ бон нæу, – цæхгæр дзуапп радта Дзугкойыфырт. – Мæ хъару нæ амоны». Куы ницы ком сын лæвæрдта, уæд æм бартхъирæнтæ кодтой: «Уæдæ партийы æууæнчы аккаг нæ дæ æмæ дæ йæ рæнхъытæй æппарæм». Райдыдта Уæсмæн директорæй кусын. Скъолайы фыццаг уæладзыджы-иу сæрды хъомтæ ривæд кодтой. Дыккаг уæладзыг дæр хуыздæр уавæры нæ уыди. Нал дуар, нал пец... Цæмæн сразы дæн, зæгъгæ, фæфæсмон кодта Уæсмæн. Бацыди хъæусоветмæ, баййæфта дзы хъæуыхицау Таболты Бетърейы. «Скъолайæн уæм сметæ конд ис?» – бафарста йæ Уæсмæн. Хъæуыхицау сметæйæн ницы зыдта. Районы ахуыры хайады хицауы курдиатмæ гæсгæ сметæ сарæзта Уæсмæн йæхæдæг. Скъола снывыл кæныны тыххæй йæ хъуыди 30 мин сомы. Гæххæттытæ йын сарæзтой æмæ сæ горæтмæ ахаста. Бахызти рухсады министры кусæн уатмæ. Министр гæххæттытæм фæкасти æмæ уазалзæрдæйæ загъта: «Æмæ ныронг кæм уыдтæ? Æхцатæ байуæрстам, резерв нæм нæй...» Уæсмæн ын бамбарын кодта, къуыри йедтæмæ нæма кусын, зæгъгæ. Дыууæ лæдзæджы æнцой лæууыди æмæ æнхъæлмæ касти дзуапмæ. Уый загъта: «Цæмæн ма лæууыс?» Уæсмæн куынæ фезмæлыд йæ бынатæй, уæд ыл фæтъæлланг ласта: «Убирайся вон!» Уæсмæн йæ лæдзæг министрыл æруагъта. Уый йæхи фæсайдта æмæ лæдзæджы цæф стъолыл æруади. Уæсмæн ныццудыдта æмæ пъолыл адæргъ ис. Йæ цæфты хуыдтытæ атыдтой, уатæй йæ рахастой... Тагъд æххуысы машинæ йæм æрбахæццæ... Фæстæдæр Уæсмæны хъустыл æрцыди: Æгкацаты Владимир министры йæ куыстæй атардта.

Скъола сцалцæг кæнынæн ын радтой 20 мин сомы. Министрады инспектортæ йын зæрдæтæ бавæрдтой, фæкæсдзыстæм дæм, зæгъгæ.

Колхозимæ бадзырд сарæзта скъолайы директор. Колхозонтæ хъæдтæ хырхæй фазтой, фæйнæг дзы ауагътой. Къæстæ чъырæй сцагътой. авг сæвæрдтой рудзгуытæн æрмæстдæр сæ уæллаг дыгай цæстытыл. Бинаг цæстытæ самандуртæй самадтой. Авгæн ссарæн нæ уыди. Баххуыс сын кодта арæзтады хицау Цыдаты

Сослæмбег. Авгæн æргом æрласæн нæ уыди æмæ сын бацамыдта: хъæмпы бын сæ бамбæхсут æмæ сæ æхсæв аласут, авг æрласта Хъæрджынты Сослан. Алмасийæн йæ кой дæр нæ уыди æмæ йæ лыг кодтой схондуры тигъджын къæрттытæй. Ахуыргæнджытæ æмæ скъоладзаутæ сыфцæй хъæдæй кæркмисындзæджы сындз фæластой æмæ сæхгæдтой сæ бырутæ. 1945 азы 3-æм сентябрьмæ скъола сцæттæ.

Фæсхæст скъолайы директор цы уавæрты куыста, уый тыххæй Гогыцаты Алыксандр афтæ радзырдта: «Скъолайы нæ мел уыди, нæ тетрад. Уæсмæн-иу йæ цырыхъхъ куы скодта, уæд-иу йæ уæлфад собау, къуылых-къуылых-иу фистæгæй Елхотмæ бирæ хæттыты фæцыд. Колхоз дæр сын ницы æххуыс кодта. Тменаты Барисы рæстæг скъолайы фæзынд галуæрдон. Суг ыл ластой сæхæдæг. Районы ахуыргæнджыты æмбырдмæ дæр-иу директор галуæрдоны цыди. Галуæрдоныл куыста Закаты Уытти.

«Хæсты фæстæ скъолайы алыварс ныссагътам дыргъбæлæстæ, – радзырдта Таболты Ким, уæды скъоладзау. – Æнæбыру цæхæрадоны бæлæстæй цы пайда ис, æмæ атагъайы хъæдæй æккойæ цæджындзæгтæ фæхастам, бырутæ скодтам. Хорз дыргъдон дзы сæнтысти. Скъолайы цæхæрадоны ма харбыз дæр тыдтам...»

Фæрниаты Алыксандр уæд ахуыр кодта 4-æм къласы. Скъолайы дыргъдоны алы бæласыл дæр фанеры гæбаз баст, фанерыл, бæласмæ чи зылди, уыдоны нæмттæ фыст. Сæ бынтæ сын къахтой, сæ кæрдæг сын тыдтой, дон сыл кодтой. Алы бæласмæ дæр зылдысты дыууæйæ.

Фæсхæст-иу скъоладзаутæ сæ хæдзæрттæй семæ æрбахастой бандæттæ. Тетрад кæм уыди æмæ-иу «Нарты кадджыты» чиныг кæй къухы бафтыд, уый сæнæмæт, джиппæйфыст рæнхъыты æхсæнты æдæрсгæ фыссæн уыди. Ахуыргæнæн чингуытæй мæхимæ уыди æрмæстдæр «Рагон дунейы истори». Чернилæйы бæсты пайда кодтам саубагайы кæнæ тулдзы цъары ахорæнтæй, æвзалыдонæй... Ручкæтæ дæр – хиарæзт – цъылинаджы лыггаджы пъеро атъысс æмæ йæ æндахæй æрбабæтт.

Черчесты Хъасболат 3-аг къласмæ цыди 1950 аз. Сæ кълас сæхæдæг хъарм кодтой. Иутæ сугтæ састой, иннæтæ сæ пецы цурмæ хастой, æртыккæгтæ æндзæрстой. Кæркуасæнты-иу рараст сты сæ хæдзæрттæй. Фæрниаты Батырбег-иу скъоладзауæй куы раппæлыд, уæд-иу æм уый хæрзиуæг райсæгау фæкасти.

Калоты Клим дзырдта: «1948 азы каст фæдæн хъæуы скъолайы 7 къласы æмæ æрмæстдæр мæнæн иунæгæй радтой æвдисæндар» Клим хуыздæр ахуырдзауыл нымад цыди. Æппæт предметтæй сын ахуыргæнджытæ кæй нæ уыд, уымæ гæсгæ иннæ ахуырдзаутæ 7-æм къласмæ фæцыдысты дыккаг аз. Клим фондзаздзыдæй чиныджы æдæрсгæ касти. Уыди зæрдæргъæвд ахуырдзау. Инженер суæвыны бæллиц æм фæзынди 6-æм къласы ахуыр кæнгæйæ. Раздæр каст фæци нæхи горæты индустриалон техникум, уый фæстæ Мæскуыйы машинæтæаразæн институт.

* * *

Советон дуджы фæсивæдæн ахуырмæ уæрæх фæндæгтæ байгом сты, зæгъгæ, æндæр кой нал уыди. Фæлæ-иу рæстæгæйрæстæгмæ нæ хæдзары рауади не 'рвад Асæхмæты фырт Солæманы кой, йе 'мбæлтты кой. Хъæууон скъолайы фæстæ сæ дарддæр сахуыр кæнын фæндыди, фæлæ, дам, сæ нæ ауагътой, уæд цалдæр лæппуйæ бамбал сты, хъæусоветы мыхуыр адавтой, сæхицæн гæххæттытæ скодтой æмæ хъæуæй алыгъдысты.

Хабæрттæ мын фæбæлвырд кодтой, Солæман кæимæ бамбал, уыдонæй дыууæ. Сæ иу – Æлбегаты Хамби. Афтæ радзырдта: «Уый уыди 1933 азы, каст фестæм цыппæрæм къылас. Нæ районы центр уыди Дигорайы. Уым байгом рабфак. Закаты Мурат, Дзаххотт, Токаты Гаврил, Бицъоты Солæман æмæ мæн бафæндыди уыцы рабфачы сахуыр кæнын. Хъуыди нæ справкæтæ, фæлæ нын нæ лæвæрдтой. Уæд хъæуыхицауæй куыста Æлбегаты Бачче. Мах аивæй базыдтам, хъæусоветы мыхуыр æмæ штамп кæм æфснайд вæййынц, уый. Сыгъдæг тетрад бахастам, бабырыдыстæм рудзынгыл, тетрады сыфтыл сæвæрдтам мыхуыр æмæ штамптæ, справкæтæ ныффыссын кодтам. Закаты Мурат æмæ æз бахаудтам педагогон рабфакмæ. Кæронмæ дзы сахуыр кодтам...

Хъæйтыхъты Геор дæр 5-æм къылас каст фæци 1933 азы, фæндыди йæ дарддæр сахуыр кæнын, фæлæ йын гæххæтт нæ радтой. Иу аз фæбадти хæдзары. Бицъоты Солæ уæд ахуыр кæнын байдыдта ФЗО-йы. Хъæумæ æруайгæйæ фембæлдысты æмæ сфæнд кодтой сæхицæн гæххæттытæ самал кæнын. 1936 азы иу уазал бон Солæ бацыди хъæуыхицауы кусæн уатмæ, базыдта, мыхуыр æмæ штамп кæм æвæрд вæййынц, уый. Уыцы æхсæв дыууæйæ бахызтысты хъæусоветы тыргътæм. Фастаг

сугты рæдзæгъдæй Геор равзæрста цыргъкæрон лыггаг æмæ дзы дуар ратыдта. Солæ сæрдары уаты фæмидæг, Геор йæ хъус æддæмæ дардта. Иуафон Геор айхъуыста кæйдæр къахуынæр. Тыргътæм æдцырагъ æрбауад æхсæвгæс Бæдтиаты Темырболат. Ауыдта Георы. Уыцы уысм Солæ сæ фæрсты асыффытт ласта. «Уый чи уыди?» – афарста æхсæвгæс Георы. «Нæ йæ зонын», – загъта лæппу. Æхсæвгæс Солæйы фæсте асырдта. Нæ йæ æййæфта æмæ Хъæрджынты Ибрхинтæм бахоста: «Ракæс ма æддæмæ! Асæхмæты фырт Солæ æмæ Хъайтыхъты лæппу бæстæ ныппырх кодтой!» Ибрхин уайтагъддæр рауади æмæ йын æхсæвгæс афтæ: «Цæугæ æмæ партионтæй иу-цалдæрмæ фæдзур». Геор ауонуы æрныгъуылди æмæ сæм хъуыста. Уыцы æхсæв лæппуты дыууæйæ дæр ссардтой, хъæусоветмæ сæ сластой. Æввахс цæрджытæ иууылдæр фæфæдис сты æмæ алы ныхас кодтой: «Кæс ма уыцы къæрныхтæм! Хъæусовет куыд фæкъахтой!..» Дыууæ лæппуйы иу уатмæ батардтой, хъахъхъæнæг сын сæвæрдтой.

«Алидзæм, науæд нын æвзæрдæр уыдзæн», – фидарæй загъта Солæ. «Æмæ кæдæм алидздзыстæм? Справкæтæ дæр нæм куынæ ис?» – гуырысхотæ кодта Геор. Солæ алыгъди, Геор баззади. Хъайтыхъты лæппуйы хъуыддаг рухсмæ рахастой, куыройы фыдты æхсæн æй фессадтой, фæлорстой йæ æмæ йын рахастой дæс азы ахæстоны фæбадыны тæрхон. Слестгæнæджы сæр дæр сæ нæ бахъуыди. Фætчыгъæдæн ма бафарстой Георы: «Исты зæгъын ма дæ фæнды?» «Фæнды!» – загъта лæппу. «Æмæ ма цы хъуамæ зæгъай?» – фæхъæр ыл ласта тæрхонгæнджытæй иу. «Ленин фæсивæдæн фæдзæхста: ахуыр, ахуыр æмæ ахуыр, – дзырдта Геор. – Мæн дæр фæнды ахуыр кæнын. Гæххæтт мын нæ лæвæрдтой æмæ уæд афтæ сфæнд кодтон, æндæр ницы ахсодджын дæн...»

Тæрхон ын кодтой силосы клубы. Адæм ын йæ ныхæстыл нымдзæгъд ластой. Тæрхоны лæгтæ сæ тæрхон аивтой – иу аз æнæбары бакусæд.

Фыццаг рæстæг уыди Беслæны, зымæджы дæргъы фæци комбинаты. Геор фæрынчын, къуыри фæхуыссыд рынчындоны. Комбинаты хицау æй сæ хæдзармæ рауагъта, фондз боны фæстæ нæм-иу фæзын, зæгъгæ, ахæм дзырдæй. Йе ‘фсымæр ын йæ хъуыддагыл æрзылди æмæ йын загъта: «Мауал ацу Беслæнмæ, суæгъд дæ кодтой».

Цæлхдуртæ æвæрдтой Токаты Дзандары размæ дæр. Уый дæр 5 къласы фæстæ сфæнд кодта йæ ахуыр дарддæр ахæццæ кæнын. «Уæд Айларты Гацыр колхозы сæрдарæй куыста, Цæгæраты Тъæрафин – партион организацийы секретарь, – уæды хабæрттæ мын дзырдта Дзандар. – Тъæрафинмæ бацыдтæн æмæ йын загътон: ахуырмæ мæ фæнды. Уый сæрдармæ баздæхти æмæ йын афтæ: «Гацыр, ма йын радт гæххæтт. Адон куы сахуыр кæной, уæд нын нæ бæрзæйтыл баддзысты». Гæххæтт мæм нæ уыд, афтæмæй мæ мæ мустыздæхаг æмхæрæфырт Дзабайты Хаджумар йемæ ахуыдта Мæскуымæ. Фæндагыл дыууæ къуырийыæ фылдæр фæцыдыстæм. Нæ ныццæуынмæ фæлварæнтæ радтой æмæ ихыл аззадтæн. Гæххæтт мæм нæ уыди æмæ мыл чи баууæндыдаид. Цыппар мин адæймаджы кæм царди, уыцы æмдзæрæны-иу бахсæвиуат кодтон. Цæмæй мидæмæ баирвæзай, уый тыххæй искæй пъартфель ракур æмæ къæсæрæй хионау бахиз. Æмдзæрæнылзилдзысты, уый-иу рагацау базыдтон æмæ-иу искæй хуыссæны абырыдтæн. Елхотаг дыууæ лæппуимæ-иу вагзалмæ ацыдыстæм æмæ-иу æхца акуыстам. Иуахæмы мæ хъустыл æрцыди: консерваторимæ ма исынц. Консерватори цы уыди, уымæн ницы зыдтон, уæддæр мæ гæххæттытæ уырдæм балæвæрдтон. Къамисы уæнгтæй мæ иу афарста: «Зарын зоныс?» «Зонын», – æнæзивæг дзуапп радтон. «Цавæр зарджытæ?» «Æз ирон дæн», – загътон та æз. «Гъемæ нын ирон зарæг акæн». «Цъиуы зарæг сын акæнин?» – ахъуыды кодтон мæхинымæр, фæлæ мыл куы фæхудой, зæгъгæ, фæкъуылымпы дæн æмæ мæ рарвыстой. Зилын байдыдтон паспортыл æмæ мын æртæ мæйы æмгъуыдмæ æвдисæндар гæххæтт радтой. Уырдыгæй рацыдтæн æмæ Ростовы балæууыдтæн. Уыди дзы Бастдзинады ахуырадон комбинат. Уырдæм фæлварæнтæ радтон. Мæ хæцъилдзабырты хуыдзарм уæфстæ баихсыдысты асфальтыл, мæ цъындаты фындзтæ-иу рабырыдысты. Мæ фадыварц мын ма уыной, зæгъгæ-иу къуымы сбадтæн. Нæ къласы уыди дæс æмæ ссæдз ахуырдзауы. Иуахæмы нын математикæйы ахуыргæнæг фæйнæгыл ныффыста хынцинаг. Биквадратное уравнение кæй хонынц, уыдонæй. Лæппутæй иуы фæйнæджы цурмæ ахуыдта ахуыргæнæг. Лæппу хынцинаг бахынцта. «Раст конд у?» – бафарста ахуыргæнæг. «Раст конд у!» – дзуапп радтой æмхъæлæсæй иннæтæ. «Æз æй афтæ нæ бахынцин», – сдзырдтон æз. «Рацу размæ», – фæйнæгмæ мын ацамыдта

ахуыргæнæг. Мæ фадыварцæй æфсæрмы кодтон, фæлæ мæм æнæхъæн кълас куы ныккастысты, уæд размæ ацыдтæн. Къулыйас фæйнæг байдзаг кодтон хынцинæгтæй. Уæдæй фæстæмæ мæ фиппайын байдыдтой, сæ куыстытæ мæм хастой. Мæ æмпъызтуæраг, æмпъызтæрбадæн хæлаф аивын мæ бон нæ баци æмæ уыцы скъола афæдз æмæ æрдæджы фæстæ ныуагътон.

Чысиаты Ануси авд къласы иттæг хорз каст фæци. Бацыди Айларты Гацырмæ ‘мæ райгуырды тыххæй мын гæххæтт радт, зæгъгæ. Афтидæй йæ аздæхта. Июны мæйæ 28 августмæ бонцухæй фæцыди Елхотмæ. Æдзух-иу ын æмбал дæр нæ фæци. Цæуинаг-иу нал уыди, фæлæ та-иу æй Фæрниаты Батырбег бацырен кодта: «Дæ хъуыддагыл зил. Дæ ахуыр куы ныууадзай, уæд æвзæры бынаты баззайдзынæ». «Нæ мын дæттынц гæххæтт, паспорт исыны афон, дам, дын нæма у», – дзуапп радта Ануси. «Цу сæм, цу, иуахæмы дын ратдзысты», – разæнгард æй кодта ахуыргæнæг.

Августы фæстаг бонтæй иуы сæхимæ фæзынди йе ‘фсымæр Дзамболат. Айста йын йæ гæххæттытæ, æркасти сæм, йæ амонæн æнгуылдзыл æрту кодта, йæ райгуырды аз «22» уырзæй ссæуын кодта æмæ дзы 19 ныффыста. Йе ‘мбал чызджытæй ын иу афтæ: «Паспортдæттæн стъолы хицау карз лæг у, хабар куы базона, уæд дын ссуд кæндзысты». Ануси йæхæдæг нал ауæндыди Елхотмæ, йемæ ацыди Дзамболат. Сæ хæстæджыты ус паспортдæттæджы хорз зыдта æмæ уый руаджы хъуыддаг сыræзыд. Ануси ахуыр кæнынмæ бацыди педагогон училищемæ. Се стипенди сын комкоммæ лæвæрдтой хæрæндонмæ. Хæрæндоны кусджытæ уыдысты æнæсайд, сæ хæринаг – хæрзад. Анусийæн æгасæй уыди иунæг къаба, йæ къæхтыл – хæцъилдзабыртæ. Даргъ-Къохы станцæмæ-иу Ставд-Дуртæй фистæгæй бæгъæввадæй фæцыди, мæ дзабыртæ куы баихсиой, зæгъгæ, сæ раласта.

Фæрниаты Бечмырзæ (Туту) ма мын афтæ радзырдта: «1929 азы колхозтæ аразын куы байдыдтой, уæд хъæутæй æддæмæ никæйуал уагътой. Фæлæ уый размæ азты тынг фæцыдысты ахуырмæ. Цыдысты хæцъилдзабырты, æмпъызт хæлæфты, цыдысты бæгъæввадæй дæр... Ахуырмæ-иу чи бахауди, уыдонæн бинонты бон æххуыс кæнын нæ уыди æмæ-иу вагзалты куыстой, вагæттæ æвдæлон кодтой. Мæгуыр заман уыди æмæ-иу сегасы бон нæ баци кæронмæ сахуыр кæнын».

Фæрниаты Бечмырзæ йæхæдæг 1932–1934 азты Краснодары

полиграфион скъолайы ахуыр кодта уыцы æххормаг заман. Краснодары крайы адæм 1933 азы сыдæй цагъды кодтой, ныгæнын сæ нæ фæрæзтой æмæ скъолаты, институты чи ахуыр кодта, уыдоны станицæтæм ластой мæрдты æфснайынмæ. Бечмырзæ арæх æмбæлди, Краснодары мединституты кусæг ирон дохтыримæ. Йæ мыггаг – Агънатæй. Уый йын дзырдта, мæрдтæ, дам, баззайынц уынгты. «Амалджынтæ» мард сылгоймæгты æгъдтæ лыг кодтой, фыхтой сæ æмæ сæ базарты уæй кодтой.

Полиграфийы скъолайы хæрæндоны сын лæвæрдтой, æрмæст цæхджын джитърийы кæрстытæ кæм ленк кодтой, ахæм хъæрмхуыпп æмæ килойы æрдæг дзул.

Гогыцаты Алыксандр хъæуы скъолайы 4 къласы каст куы фæци, уæд æй йæ ныййарджытæ арвыстой Змейкæмæ, уырыссагау базона æмæ дарддæр сахуыр кæна, зæгъгæ. Уым каст фæци 7 къласы. 1937 азы ахуыр кæнын райдыдта Чырыстонхъæуы рабфачы. Нымад уыди Хъæууонхæдзарадон институты филиалыл. Ахуыр кодтой, астæуккаг скъолаты предметтæ. «Æрдззонæн чиныг» уæд хуыдтой «Эволюционное учение». Уыди дзы хæрæндон. Лæвæрдтой сын стипенди, числотæ нысангонд кæуыл уыди, ахæм чектæ. Куыстой сæм зындгонд рухстауæг Гарданты Михал, фысджытæ Бесаты Тазе æмæ Хъазбегты Хъазбег.

Рабфак Алыксандры размæ ставддуртæгтæй каст фесты Золойты Солтан, Хъарацаты Мурат, Баситы Алыксандр (Бытъо дæр æй хуыдтой)... Алыксандры рæстæг та уым ахуыр кодтой Закаты Бæбыла, Къубалты Алыксандр, Уарзиаты чызг...

Гæгкуыты Дзеркæ хъæууон скъолайы 7 къласы фæуыны фæстæ бацыди ахуыргæнджыты иуазыккон курсытæм. Уый уыди 1933 азы. Тæккæ æххормаг заман. Сæ хæдзæрттæй-иу ахастой нартхоры кæрдзынтæ. Сæ кæрдзынтæ сын-иу кæд адавтой, ахæм рæстæджытæ дæр сыл-иу скодта. Уæддæр нæ ныууагъта йæ ахуыр. Горæтæй Даргъ-Къохмæ цыди «Колхозон поезды», афтæ йæ хуыдтой. Фæсæмбисæхсæв-иу æрхæццæ. Уырдыгæй-иу фистæгæй фæцыди Ставд-Дуртæм. Кæд ын-иу æмбæлттæ фæци, уæд йæ амонд. Каст куы фæци, уæд Цыколамæ ацыди. Уырдыгæй йæ Ставд-Дуртæм кусынмæ рарвыстой. Йæ къласы ахуыр кодтой йæхицæй карджындæртæ. Сæумæйæ сихормæ куыста скъолайы, уырдыгæй изæрмæ та ликбезы.

* * *

Фæсхæсты уæззау азты адæм фыдцæрдтытæ æвзæрстой. Дзеркæ афтæ дзырдта: «Нартхор тыдтам æмæ сæ тыхст адæмыл уæрстам». Дзугкойты Уæсмæн уавæр фæбæлвырддæр кодта: «Нартхор-иу цæкуыты фаг чи æрбахаста, уый æфхæргæ кодтой. Сабитæ æххормагæй цыдысты скъоламæ». Зæххусæджы арм сафтид æмæ, мызд æхцайæ кæм истой, ахæм куыстагур цыдысты. Хъæуы цæрджытæ алы рæттæм лыгъдысты. Фылдæрæй-фылдæр кодтой æдзæрæг хæдзæрттæ, зæрæстон цæхæрадæттæ. Ралæууыди ахæм рæстæг æмæ хъæуы авдазыккон скъола йедтæмæ нал уыди. 7 къласы каст фæуыны фæстæ хъæуы фæсивæдæй бирæтæ цæуын байдыдтой æввахсдæр кæсгон хъæуты скъолатæм. Саламаты Михал дзырдта: «Мæ хо Шурæ 10 къласы каст фæци Угъуалыхъуаты. Æз мæхæдæг цыдтæн Озрекмæ. Уырдæм бирæйæ цыдыстæм. Бон нæ дыууæрдæм цæуын хъуыди 8 километры, дыууæ хатты-иу ахызтыстæм фондз доны сæрты. Дон сæлын куы байдыдта, уæд-иу нæ ахуыр ныууагътам. Ноджы ма ахуырæн фидын хъуыди. Мæ мад кæсæджы хъæуы арахъхъ ауæй кодта, мæ хойы ахуыры тыххæй бафидыны фаг бакуыста... Æз ме скъола ныууагътон...»

Нæ хæдзарæй фондзæй цыдыстæм скъоламæ. Нæ алкæй тыххæй дæр афæдз дыууæ хатты ахуырæн хъуыди фидын. Нæ фыд-иу карзæй загъта: «Нæ дуцгæ хъуджы дæр ауæй кæндзыстæм, уæддæр уæ ахуыр ныууадзыны зонд макæмæ æрцæуæд». Ахæм рæстæг-иу йæхи царды æнкъард æмбисонд æнæ радзургæ нæ фæци.

Аст аздзыдæй уæлыгæс цæуын райдыдта. Йе ‘мгæрттæй скъоламæ чи цыди, уыдонмæ хæлæг кодта. Скъола Дагомы уыди (Уæлладжыры комы), æмæ иу фæззыгон бон Зынцъарæй араст ис Дагоммæ, скъоламæ. Иуцасдæр æй нæ бафиппайдта ахуыргæнæг, стæй йын афтæ: «Лæппу, дæу дæр ахуыр кæнын фæнды?» «О», – дзуапп радта саби. «Райсом сомырдæг æрбахæсс æмæ дын чиныг ратдзынæн, – загъта ахуыргæнæг. – Науæд мауал æрбацу». Йе ‘рцыдмæ сæхимæ мусы най кодтой галтæй. Лæппу йæ мады хъусы бадзырдта йæ курдиат, мад æй загъта хистæр файнустæн, уый йæ дарддæр алæвæрдта æмæ хабар ахæццæ хæдзары хистæрмæ. Уый бахъуыр-хъуыр кодта æмæ мусмæ ацамыдта: «Мæнæ йæм уис радтут æмæ уæртæ галтæ скъæрæд». Уæд дæле уæлæмæ сым скæнæн дæр нæ уыди.

Быдтаты Зинæ загъта: «Мæ фыд Бекызæ каст фæци Хохы Дæргъæвсы дины скъола. Уый фæстæ бацыди Æрыдоны семинармæ, йæ хистæртæн бамбарын кодта, афæдз ын 12 сомы фидын кæй хъæуы, уый. Йæ фыд Гуыдæдзе йын цæхгæр загъта: «12 сомы галы аргъ сты æмæ дын сæ кæцæй æрхæссæм?» Æмæ нал сахуыр кодта».

Аргъуантæ хæлд æрцыдысты, кувæндоны бæлæстæ калыныл фæлтæрæнтæ кодтой. Фæлæ-иу ам иугай коммæгæстæ йедтæмæ нæ разынди.

Хъайтыхъты Геор Ставд-Дурты фондзазыккон скъола каст фæци 1933 азы. Уыцы рæстæгæй ахæм хабар радзырдта: «Иуахæмы ахуыргæнæг урочы рæстæг мæ уæлхъус æрлæууыд æмæ мæ бафарста: «Æнæхуыцæутты къордмæ цæуыс?» Æз æнцад бадын. Бафарста мæ дыккаг хатт дæр. Æз ницы дзурын. «Фест æмæ къласæй ацу!» – фæхъæр мыл кодта ахуыргæнæг. Куы феддæдуар дæн, уæд мын мæ чингуытæ мæ фæдыл ралæвæрдта. Æз фæстæмæ къласмæ бацыдтæн æмæ мæ партæйыл сбадтæн. Ахуыргæнæг та мæ афарста: «Уæдæ разы дæ æнæхуыцæутты къордмæ цæуыныл?» Ницы дзуапп ын радтон æмæ мын мæ уадулæн – дзæхст. Ахуырмæ дæсны уыдтæн, фæлæ уый дæр ницуал адавта. Фæкуыдтон. Æртæ боны йæ къухвæд мæ русыл фæхастон. Нæхимæ мæ мæ мад баййардта: «Чи дæ ныццавта? Исты фыдуаг митæ ракодтай?» Ницы йын схъæр кодтон. Уый фыдбылыз расайдтаид».

Политикæ ахъардта рухсады кусæджы туджы дæр. Йæ размæ лæууыди иунæг хæс: схъомыл кæнын хъуыди ног, советон адæймаг, рухс фидæн аразæг. Нæ уыди ахуыргæнæгæн хи хъуыды зæгъыны бар.

Чысиаты Анусийы педагогон училище фæуыны фæстæ дарддæр ахуыр кæнын нал бауагътой. Адæмон ахуырады горæтаг хайады йын цæхгæр загътой: «Кæдæм дæ æрвитæм, уырдæм ацу æмæ кус, ахуыр кæнын дæ нæ бауадздзыстæм». «Фæрниаты Батырбег мын бæргæ дзырдта: куыддæр каст фæуай, афтæ дæ гæххæттытæ институтмæ бадæтт, фæлæ», – дзырдта Ануси. 1939 азы райдыдта Змейкæйы скъолайы кусын. Загъта: «Чысыл дæр дын айрæджы – скъолайæ тæргæ кодтой. Иу ранæй дæ атардтой – куыстмæ дæ никæдæмуал бауагътаиккой». Тас туджы ахъардта». 7-æм къласы куы ахуыр кодта, уæд сын иуахæмы сæ тетрæдтæ æрæмбырд кодтой æмæ сын сæ нал радтой, нал, дам,

бæззынц. Цæвиттон, уыцы тетрæдты æддаг фæрстыл уыди саухаххæй нывæфтыдтæ. Æмæ дын дзы кæйдæр цæст куы бафиппаид æмбæхст дамгъæтæй фыст: «Долой ВКП(б)». Уыцы тетрæдты цасдæр фыстой, фæлæ дзы никуы ничи ницы бафиппайдта.

Хохты Уырысханы чызг Дибæ астæуккаг скъола каст фæци 1954 азы. Кæстæр кълæстæй кæцыдæрмæ цыди, уæд сын карзæй бафæдзæхстой: «Къостайы чингуытæ скъоламæ æрхæссут, судзгæ сæ кæндзыстæм. Кæмæ сæ ссарой, уыдонæн суд кæндзысты».

Къостайы чингуытыл цуан кæй кодтой, уый хъуыды кодта Дауиаты Алихан дæр. Йæ фыды æфсымæр Барис Ставд-Дурты скъолайы ахуыргæнæгæй куыста. Иуахæмы фæдзырдта Алиханмæ, Къостайæн йæхи чингуытæ æмæ Къостайы тыххæй фыст чингуытæ ахастой цæхæрадонмæ æмæ сæ баныгæдтой.

Быдтаты Амырхан ранымадта, йæхæдæг скъолайы директорæй кæм куыста, уыцы горæттæ æмæ хъæуты нæмттæ: Мæздæг, Бурон, Карца, Дæллаг Саниба, Ставд-Дуртæ. Йе 'фсымæр Бечмырзæ уыцы куыст кодта Змейкæйы станицæйы, Бирæгъзæнджы, Галоны, Алагиры 2-æм æмæ 5-æм скъолаты. Зæгъын, цæмæн уæ раппар-баппар кодтой? Уыцы курдиат кæмæ ис, уый иу ран куы æрбынатон уыдаид, уæд йæ куыст тынгдæр нæ сахадыдтаид алы скъоладзауыл дæр? Ахæм дзуапп мын радта: «Райкомты митæ уыдысты. Скъолайы уавæрыл сæ зæрдæ нæ рысти. Сæ власть равдисыныл нæ ауæрстой. Скъолайæ нæ партион куыстмæ дæр æппæрстой, хæдзарадты разамонджытæ дæриу систæм».

Мæнæ, скъолайæн разамынд чи лæвæрдта, уыдоны номхыгъд:

| | |
|---|---|
| **Фæрниаты Тотыры фырт Батырбег** | 1924–1935 |
| **Æгкацаты Хъауырбеджы фырт Дзантемыр** | 1935–1941 |
| **Æлбегаты Мария Мефодиевна** | 1941–1944 |
| **Дзугкойты Мандзойы фырт Уæсмæн** | 1944–1948 |
| **Багаты Тотразы фырт Резо** | 1948–1950 |
| **Быдтаты Бекызæйы фырт Амырхан** | 1950–1951 |
| **Тменаты Дайы фырт Барис** | 1951–1954 |
| **Дарчиты Тимофей** | 1954–1956 |
| **Хъарацаты Тотырбеджы фырт Мурат** | 1956–1959 |

| | |
|---|---|
| **Гогыцаты Майлыйы фырт Алыксандр** | 1959–1962 |
| **Дзылыхаты Николайы чызг Тамарæ** | 1962–1963 |
| **Черчесты Хатуйы фырт Михал** | 1963–1967 |
| **Алиханов Антипы фырт Владимир** | 1967–1968 |
| **Дзугкойты Митъыры фырт Сергей** | 1968–1972 |
| **Гаматы Тотырбеджы фырт Эльбрус** | 1972–1976 |
| **Гæгкуыты Ерыстауы чызг Бэлæ** | 1976–1979 |
| **Баймæтаты Михалы фырт Юри** | 1979–1990 |

1990 азы та скъолайы директорæй кусын райдыдта Гæгкуыты Ерыстауы чызг Бэлæ.

## ЙЕ УÆНДЖЫ ЧЫСЫЛ ИРЫ ТУГ ХЪАЗЫД

Дунейы адæмтæ нæ кæй рауджы базыдтой, ироны ном æрвон бæрзонд чи systa, нæ уыцы цыты лæгты кой куы рацæуы, уæд æппæты разæй Хетæгкаты Къостайы, Абайты Вассойы æмæ Плиты Иссæйы нæмттæ ранымайæм. Фырбуцæй фæзæгъæм: Къоста, Вассо, Иссæ. Уыцы нæмттимæ фыст цыдаид Токаты Ахмæты фырт Гогкийы (Григорийы) ном дæр. Æнæмæнг афтæ уыдаид, ранымадтаиккам-иу: Къоста, Вассо, Иссæ, Гогки... Фæлæ Гогкийы ном уыди хъодыгонд.

Журнал «Новый ученый»-ы (джиппы уагъд цыди Лондоны) 1971 азы мыхуыргонд æрцыди очерк «Г. А. Токати, Космический первопроходец». Сера Уайт афтæ фыссы: «Чысыл адæмтæн сæ гæнæнтæ дæр къуындæг вæййынц, фæлæ Токаты Г. А. цард куыд цæстахадæн рауад, уый нæ æндæр хъуыдытыл бафтауы. Стыр Советон Цæдисы схъомыл æмæ ныр Ныгуылæны йе сфæлдыстадон куыст йæ тæмæны бацыд, уæддæр йе уæнгты чысыл Ирыстоны туг хъазы».

Диссагæн дзуринаг у, уæдæ цы! Токаты номдзыд лæгæн советон мыхуыры йæ фыдгой* цы фæкодтой бирæ азты дæргъы, æндæр æй ничи зыдта. Цы-иу базыдтам, уыдон фæсарæйнаг мыхуырæй. Сера Уайты очеркы загъд ис: «Токайы-фырт райгуырди ирон хъæу Сечеры (уырыссагау «Новый Урух») 1909 азы 13 октябры, цæгатираг зæхкусæджы хæдзары, йæ уæле уыди æртæ хистæр æфсымæры. Уыдон æртæйæ дæр уыдысты активон ар-

* Раст та йæ фыдгой ацы аз дæр снoг кодтой сойвых патриоттæ. – (*Ред.*)

хайджытæ революцийы заман дæр æмæ уый фæстæйы рацарæзты рæстæджыты дæр. 1971 азы бæрзондæй кæсгæйæ абон Великобританийы цæрæг адæймаджы уырнгæ дæр нæ бакæндзæн, Токаты Григори йæ сабибонты тыхст цард кæй кодта, уый. Сабыр хъæлæсæй дзургæйæ мын зæрдæхæларæй йе 'нгуылдзтыл ранымадта, йæ сабибонты æмæ йе 'взонджы азты цух цæмæй баййæфта, уыдæттæ; æййæфта æххормæгтæ, йæ фадыварц дæр æмæ йæ уæлæйы дарæс дæр нывыл нæ уыдысты, йæ гуырæн бонты йын лæвæрттæ нæ чындæуыди. Цæвиттон, махмæ Англисы уавæрты æнæмæнг хъæугæйыл нымад цы у, уыдæттæй хайджын нæ уыди».

Йæ райгуырæн хъæуы тыххæй Гогки йæхæдæг афтæ загъта: «*Æ*цæгæй дæр, æз райгуырдтæн романтикон хъæу Сечеры, уым арвыстон мæ рагсабибонтæ; уым ныгæд ис мæ фыд, уым сты нæ хæдзарвæндаджы уидæгтæ, мæ мад æмæ мæ мæ фыд уым сбуц кодтой «Гогки» номæй. (газет «Слово», 1995 аз, 20 янв.) Гогки цыди Ставд-Дурты скъоламæ. Трактор тæрын дæр ам базыдта. Уæды рæстæджы нымадæй уый æнахуыр стыр диссаг уыди, цыма царды арæныл аргъауы дунемæ бахызти.

Фæлæ уал æрхæссæм уыцы дуджы тыххæй Сера Уайты зæгъинæгтæ: «*Æ*нахуыр диссагæн дзуринаг сты, Токайы-фырт ахуыры фæндагыл куыд фæцалх, уыдæттæ. Нæ рæстæджы стырдæр ахуыргæндтæй иуæн – Гогкийæн нывыл уавæрты сахуыр кæныны фадат уæвгæ дæр нæ фæци, уымæн æмæ йын уыцы фадат нæ радтой революци æмæ мидхæст æмæ, зæгъæн ис, райдиан скъолайы иу бон дæр нæ сахуыр кодта. Фæлæ йын уый хыгъд цард æндæр лæвæрттæ ракодта æмæ махæй бирæтæ бахæлæг кæниккой, уæды уникалон стыр цауты гуылфæнты бахаугæйæ, цардæй цы фæлтæрддзинад райста, уымæ. Профессор Токайы-фырт мын йæхæдæг афтæ загъта: «Революцийы заман ахæм уыди, æмæ йæ алы аз дæр тæры нывыл азтæй дæсы бæркад».

Фыссын æмæ кæсын куыд базыдта, уый тыххæй Гогкийæн йæхимæ дæр бæлвырд зæгъинæгтæ нæ разынди, гъе фæлæ уыцы цæлхдурты сæрты дæр цыдæр амæлттæй ахызти. Дыууынæм азты советон хицаудзинад стыр куыст рапарахат кодта бæстæйы æнахуыргонддзинад фесафыны сæраппонд. Гъе, Токайы-фырт йæхæдæг та 1929 азы сæ районы нымад уыди зындгонд тракторист-механикыл. Уæд æй Облæсты Профессионалон Цæдис

арвыста Ленинграды Хæххон Академийы Рабфакмæ. Уыцы рæстæг Гогки уыди фæскомцæдисы бюройы активон уæнг».

Гогкийы ахуыры тыххæй йе 'фсымæр Дзибайы фырт Хамби афтæ радзырдта: «Ставд-Дурты скъола каст фæуыны фæстæ ацыди нæхи горæты рабфакмæ. Цыма йæ каст фæци, афтæ мæм кæсы. Дзиба йæ нæ уагъта ахуырмæ, фæлæ Гогки йæ фæнд атардта, алыгъди хъæуæй. Фæндаггаг æм нæ уыди. Æз къутумæ бабырыдтæн æмæ нартхоры æфсиртæ мæ къæхтæй æддæмæ ссыдтон. Цы фæрæзта, уый æккойæ ахаста...»

Дзугкойты Уæсмæн загъта: «Гогкиимæ ахуыр кодтам иу рæстæджы. Немæ ма скъоламæ цыдысты Фæрниаты Сослан, Пагæты Бобо, мæхи хистæр æфсымæр Митыр. Гогки негасæй дæсныдæр уыди ахуырмæ. 3-аг кълас куы фæци, уæд æй бафæндыд «Фордзоныл» кусын...»

Токаты Георги загъта: «Сечеры скъола Ставд-Дурты кусын райдыдта 1925 азы. Гогки дзы сахуыр кодта 4 къласы».

Цæвиттон, Токайы-фырты царды уыцы заманы хабæрттæй цыдæртæ фæбæлвырддæргæнинаг сты.

Гогки тракторыл куыд куыста, уый хъуыды кодтой цалдæрæй. Токаты Георги (райгуырд 1907 азы) афтæ радзырдта: «1927 – кæнæ 1928 азы мах æмæ Гогкиты хæдзæртты нартхоры хæйттæ фæрсæй-фæрстæм тыд уыдысты Перевалы бынмæ. Алы куыст дæр иумæ кодтам. Змейкæйы туацъæйы 'рдыгæй нæм хъуысти тракторы уынæр. Гогки-иу уæрдонмæ схызти æмæ-иу, уынæр кæцæй цыди, уыцырдæм кæсынтыл фæци. Трактор æм нæ зынди æмæ обауы сæрмæ ссыди. Уырдыгæй дæр та фæкасти Змейкæйырдæм. Акуыста та, стæй иурæстæджы цыдæр æрбаци. Уый фæстæ куыд рабæрæг, афтæмæй трактор уынынмæ афардæг. Суанг изæрмæ йæ фæдыл фæцыди. Дыккаг бон дæр та иуафон уым балæууыд. Æфсæн «бæхы» фæстæ та цыди, цыди... Трактор æрлæууыди, тракторист æй йæ фарсмæ сбадын кодта. Цæстуарзон лæг, æвæццæгæн, цымыдис лæппуйæн амонгæ дæр истытæ акодтаид. Цыппæрæм бон Гогки йæхæдæг тракторы рулыл æрхæцыд...»

Уæды хабæрттæй цыдæртæ бахъуыды кодта Токаты-Куыдзиаты Федуся дæр: «Æппæты разæй Ставд-Дуртæм трактор æрласта Гогкийы хистæр æфсымæр Дзиба. Тæргæ та йæ кодта мæздæггаг уырыссаг. Йæ бинойнагимæ махмæ цардысты. Уæд нæ хъæуы зæхкуыстгæнæг æмбалад уыди, бацыди йæм 23 хæдзары.

Трактористы ном нæ хъуыды кæнын, йæ усы йын хуыдтой Ульянæ. Хæргæ дæр махмæ кодтой. Мæй нæм фесты æмæ сæхи хъæуæй айстой – дуканийы балхæнынмæ ницы ардтой æмæ стыхстысты. Трактор нæ кæрты баззад. Лæууыди, дзынæзта. Лæппутæ-иу ыл æрæмбырд сты, ныхылдтой йæм æмæ-иу сæхи сызмæстой. Уæд Гогки æрбацыди трактормæ, скусын æй кодта æмæ йæ сæхи кæртмæ атардта. Уый фæстæ йыл цасдæр йæхæдæг фæкуыста...»

Токаты Георги куыд бахъуыды кодта, афтæмæй трактор балхæдтой æмбаладæн. Йæ сæрдар уыди Айларты Гацыр. Тракторыл куыста Фæрниаты Савели. Уый ахуыр кæнынмæ куы ацыди, уæд тракторæн хицау нал уыди, Гацыр Гогкимæ арвыста: «Æрцу, тракторыл кус æмæ дын мызд æхцайæ фиддзыстæм». Гогки горæтæй æрцыди, трактор срæвдз кодта æмæ йыл куыста...»

Фæрниаты Бечмырзæ æрыгон уыди, фæлæ ма хъуыды кодта, Гогки-иу æфсæн «бæхы» сæ кæртмæ куыд фæцæйтардта, уый. Мах, сабитæ-иу, загъта, тракторы цурæй нал цыдыстæм, уырзæй йæ сгæрстам, цыма удæгас уыди. Йæ ивæн хæйттæ нын-иу фæтæгенæй ныхсын кодта æмæ-иу нæхицæй ныббузныг стæм, куыд ныл æууæнды, зæгъгæ.

Гогыцаты Алыксандр загъта: «Æз дæр дзы-иу мæ къухтæ самæстон. Адæм æм быдырмæ дæр уынæг цыдысты. Гæр, ифтыгъд дзы куы ницы ис, уæд куыд цæуы, зæгъгæ-иу дисæй мардысты». Гогки-иу сæ фæхсхъæдтæй арæзт быруйыл æвзалы кæнæ мелæй хæдтæхæджы нывтæ куыд акодта, уый дæр нæ ферох Алыксандрæй.

Гогки тракторыл сахуыр кодта се ‘рвадæлты лæппу Темыры дæр. Фыдыус Темыры тракторыл сæ хæдзармæ æмгæрон дæр нæ уагъта, нæ уынг, нæ кæрт, дам, нын сызмæнтыс. Ахæм зæгъджытæ дæр фæци, цыма Темыр йæ ахуыргæнæджы фæндиаг нæ рауади, йæ трактор, дам-иу ауæдзæй фæуæле æмæ-иу æнæдомд хайуанау йæ коммæ нал касти. Иуахæмы та Дубинæйы хуым кодта Темыр æмæ та йæ йæ æфсæн «бæх» тæссармæ ахаста. Йæ ныхмæ адæм æрбацæйцыдысты æмæ сæм тракторист хъæр кæны: «Мæ бæх фæтарсти æмæ дзы уæхи хъахъхъæнут!»

Темыры хабæрттæ хорз хъуыды кодта Зæнджиаты Хъасболат дæр. Загъта: «Фордзон» куыста фæтæгенæй. Гогкийы Мæскуымæ ахуырмæ арвыстой, тракторыл сбадти Темыр æмæ

йæм хорз арæхсти. Чи йæ раивтаид, уый нæ уыди æмæ-иу æхсæвæй-бонæй дæлæмæ нал хызти. Иуахæмы Ираны бынмæ хуым кодта Темыр. Æхсæвы иуафон лæппу æрфынæй, руль къухтæй феуæгъд, трактор ауæдзæй схызти æмæ иу зиллаччы фæзилдух кодта. Йæ фæтæген куы схардз ис, уæд æрлæууыди. Уæддæр Темыр нæ райхъал. Куы æрбабон, уæд, ирайнæгтæй йæ хъомтæ чи раскъæрдта, уыдон тракторыл æрæмбырд сты – уыди дзы, æвваxсмæ йæ чи никуы федта, ахæмтæ. Нæ бауæндыдысты йæ цурмæ бацæуын. Сæ иу йæ уисæй трактор скъæрæджы басхуыста æмæ йæ райхъал кодта. Темыр, загътой, йæхи куы æрæмбæрста, уæд фефсæрмы æмæ афтæ бакодта: «Мæ трактор фæтарсти æмæ мæ кæдæм рахаста...»

Уæды рæстæджы тыххæй газет «Слово»-йы кæсæм Гогкийы ныхæстæ: «Ставд-Дурты, Змейкæйы æмæ Владикавказы тракторты æмæ автомашинæты æрмадзты сæйраг механик, мæ ахуыргæнæг æмæ мæ зондамонæг Белокудря мæ хуыдта «мазутный Гогки», уымæн æмæ мæ дарæстæ æдзухдæр кодтой матортæ сæрдæны æмæ бензины тæф». Сечер æмæ йын Ставд-Дуртæ æмхуызон адджын сты, – сæ иуы гуыргæ ракодта, иннæйы та йе ‘взонджы уæззау азты базыдта фæллойы ад. Æмæ зæгъы: «Адæймаджы царды сабидуг æмæ фæллойæ адджындæр ницы ис».

Уыцы фыццаг тракторыл куыста Токаты Къала дæр. Фæрниаты Данелы йæхимæ райста, тракторыл дæ сахуыр кæндзынæн, зæгъгæ. «Къала-иу тракторы шатунтæ алы бон дæр подтяжкæ кодта, – уæды хабæрттæ æрлæууыдысты Фæрниаты Данелы зæрдыл, – æмæ-иу йæ рæстæгæй дуне схардз ис. Сæрды Гогки Ленинградæй ссыди. Æз æм бацыдтæн æмæ йын загътон: «Нæ трактор ма нын фен». Мæ фыды хо Дыгойы лæппу у Гогки. Æрбацыди, байхъуыста Къаламæ æмæ мæнæн афтæ: «Картер ма раппар». Йæ курдиат ын сæххæст кодтон. Шатунтæм базылди æмæ мæйы дæргъы нал сызмæлыдысты... Чиныг тынг бирæ уарзта Гогки, махæн-иу мæйрухсмæ чиныг касти...»

«Гогки Мæскуыйæ Темырмæ фыста: «Дæхи исты амæлттæй бацæттæ кæн æмæ рацу ардæм ахуыр кæнынмæ». Ацыди Темыр Мæскуымæ æмæ йæ трактор иуцасдæр æнæ хицауæй баззади. Иу рæстæг тракторы чидæр атардта (цыма Æлбегаты Харбе уыди) æмæ дзы Токатæ фервæзтысты. Темыр сахуыр кодта, сси Мидхъуыддæгты министрады кусæг æмæ Мæскуыйы цæргæйæ баззади», – ацы хабар дæр мын Федуся радзырдта.

Токаты Дзандар Гогкийæ загъта: «Уыди Ставд-Дурты фыццаг тракторист. Сахуыр æй кодта Дзарасы-фырт. Лæдзæг-иу йæ дзыхы бакодта, æнгуылдзтæ-иу йæ хъусты батъыста æмæ-иу базыдта, трактор цы хъуаг у, уый. Иу хатт та горæты уынджы федта, иу лæг йæ тракторимæ архайгæйæ куыд хъизæмæрттæ кодта, уый. Афтæ йын: «Бар мын радт æмæ йæм æркæсон». Гогки уайтагъд скусын кодта тракторы...»

Гогки иунæгæй нæ ацыди Мæскуымæ, зæгъгæ, дæр загътой: фембал ын ис Закаты Бачче. Фæндаггаг сæм нæ уыд æмæ фæйнæ роды Змейкæйы ауæй кодтой. Бацыдысты рабфакмæ. Бон – кусгæ, изæрæй – ахуыр, афтæмæй йæ каст фесты. Уый фæстæ сæ царды фæндæгтæ фæхицæн сты. Бачче бацыди Бастдзинады академимæ.

Уæлдæр ма йæ загътон: Токайы-фырт бирæ азты дæргъы иртæст уыди Советты бæстæйæ. Йæ кой-иу куы рауад, уæддæр ныгъуылдæй. Алы зæрдаив ныхæстæ дзы кодтой, фæлæ йæм æдзухдæр хорз зæрдæ кæй дардтой, уый æмбæрстон.

Сера Уайты очерк Гогкийæн йæхи ныхæсты бындурыл арæзт у. Уый афтæ фыссы: «Революцийы сæйраг нысантæй иу уыди, цы гæнæн уыди, уымæй хуымæтæг адæмæн ахуыры æппæт фадæттæ саразын. Адæм уыцы хъæппæрисмæ иу цæстæй нæ кастысты. Гъе æмæ дард ирыстойнаг фæллойгæнæджы фырт Токаты Гогкийы цард ирд æвдисæн у, кусæг къласы бон цы саразын у, уымæн. Рабфактæ кæй хуыдтой, уыдон уыдысты кусджыты Университеттæ. Паддзахад сæ сæрмагондæй байгом кодта Токайы-фырты хуызæн хуымæтæг кусджыты цотæн. Революци, мидхæст æмæ æххормаг азтæ уыдонæн нæ радтой ныхъвыл уавæрты райдиан æмæ астæуккаг ахуырад райсыны фадат. Фæлæ царды чи сфæлтæрдта, уыдонæн рабфактæ басгуыхтысты ахуыры фæндагыл дарддæр ацæуыны æмæ уæлдæр ахуырад райсыны фæрæз. Гъе, уыдонæй уыди Хрущев дæр, уæвгæ ахуыргонд Токайы-фырты æмæ политик Хрущевы кæрæдзиуыл абарæм, уый нын аив нæ уаид.

Токайы-фыртмæ тракторист-механикы дæсныйад кæй уыди, уый йын фæндаг байгом кодта уæлдæр ахуырадмæ. Йæхæдæг куыд нымайы, афтæмæй уый уыди Цæгат Кавказы фыццаг трактористтæй иу. Цæвиттон, уыцы куыст кæнын райдыдта 1925 кæнæ 1926 азы. Америкаг «фордзоныл» кæй куыста, уый бæлвырд хъуыды кæнын.

Гъе, тракторы механикæимæ æрыгонæй кæй базонгæ, уый

йын тынг фæпайда: Ленинграды рабфачы ахыр кæнгæйæ йæм фæзынди инженер-механикы теори æмæ практикæ базоныны тырнындзинад. 1930 азы Мæскуымæ куы ацыди, уæд цасдæр рæстæг йе 'ргом аздæхта пъаравозты теори æмæ сæ арæзт сахуыр кæнынмæ. Уый та уыди, Рабфак Бауманы номыл Уæлдæр Техникон училищемæ кæй хауди, уый фæрцы – уым цæттæ кодтой пъаравозтæаразæджы дæсныйадыл хæст инженертæ.

1932 азы майы, Рыковы номыл Рабфак каст фæуыны фæстæ, Токаты Г. А. æрвыст æрцыд Бауманы номыл УТУ-йы механикон факультетмæ. Гъе, уыцы рæстæг Гогки сси партийы уæнг æмæ партийы амындмæ гæсгæ ахуыр кæнын байдыдта аэронавтикæ æмæ космосон технологи. Уыди, хæстон-уæлдæфон тыхтæ чи сфидар кодтаид æмæ, æппæт дунейы дæр зындгонд чи уыд, Жуковскийы номыл уыцы хæстон-уæлдæфон Академимæ æрвыст мин партионтæй иу. Уым фацахуыр кодта фондз азы.

Академи фæуыны фæстæ Гогки æнæрæнцойæ хызти иу бæрзонд къæпхæнæй иннæмæ. 1937 азы бахъахъхъæдта дипломон проект æмæ йын Паддзахадон къамисы уынаффæмæ гæсгæ лæвæрд æрцыди Академийы Аэронавтикон лабораторийы инженер-иртасæджы бынат. Афæдзы фæстæ сси уыцы лабораторийы хицау. Уый кары адæймагæн уый уыди стыр кад. Уæд ыл цыди 25 азы. Уым бакуыста суанг 1941 азмæ.

Уыцы Академи Гогкийы размæ каст фесты советон авиацийы æмбисонды дæсныгæ Ильюшин, Кузнецов, Яковлев, Артем Микоян. Токайы-фыртæн йæхи куыстæн разамынд лæвæрдтой æмæ йе 'мтохгæнджытыл нымад дæр уыдисты советон аэронавтикæйы бындурæвæрджытæй бирæтæ – академик Б. Н. Юреньев, академик Борис С. Стечкин, профессор Владимир В. Голубев, профессор Борис М. Земский æмæ æндæртæ. Уыцы уавæрты Токайы-фырты куыст комкоммæ баст уыдис бæстæйы иннæ авиацион æмæ ракетон организацитимæ. Уыдон уыдысты Хæстон-уæлдæфон тыхты Паддзахадон наукон-иртасæг институт, Централон аэро-гидродинамикон институт, Ракетон наукон-иртасæг институт æмæ æндæртæ. Уыдоны руаджы рæзыдысты советон авиаци æмæ техникæ (æддаг дуне нæ, фæлæ советон адæмæн сæхицæй дæр сусæггонд цыди сæ куыст).

Токайы-фыртмæ ракетæтæ базоныны зонд фæзынди Константин Циолковскиимæ куы сæмбæлди, уæдæй, 1933 азæй фæстæмæ. Уæд райдыдта ахуыр кæнын Евгени Зенгеры чиныг

«Ракетон техник». Ныр ын фæци «Ног техникæйы бюроимæ» æдзух баст цæмæй уа, уыцы фадат. Уыцы бюро арæзт æрцыди хæсты размæ, æмæ йæ хæс уыди дунейы авиаци æмæ ракетæты тыххæй фыст куыстытæ æмæ теоритæ ахуыр кæнын. Токайы-фырт æнгом баст уыди ракетæ «Катюшæ» саразæг конструк-тортæ Клейменов, Королев æмæ Лангемакимæ, хорз зыдта фыццаг уырыссаг реактивон куынæггæнæг хæдтæхæг ВИ-1 са-разæг Болоховитиновы.

1941 азы Токайы-фырт сси 3-аг къæпхæны хæстон инженер, хæдтæхæгаразæг инженер-механик, техникон наукæты канди-дат. 1943 азы йын ССР Цæдисы Уæлдæр аттестацион къамис саккаг кодта хæдтæхджытæаразæг кафедрæйы ахуыргонд до-центы ном. Ныр уый сси фидар интеллектуалон принциптæй хайджын хæдбар ахуыргонд».

* * *

Сера Уайт куыд фыссы, афтæмæй хæсты фæудмæ Гогки уыди, немыцаг ракетон техникæ хорз чи зыдта, уыцы стæм адæймæгтæй. Иннæ эксперттимæ йæ Советон хицауад арвыста Германмæ. Семæ уыди, репрессигонд чи æрцыд æмæ ныр конц-лагерæй кæй ракодтой, уый, Сергей Королев дæр. Сæ размæ лæвæрд уыди немыцаг ракетæты технологи æмæ ракетон авиаци сахуыр кæныны бæрнон хæс.

Гогкийы царды уыцы азты тыххæй бæстон информаци ра-зынди Сидахъаты Юрийы уац «Мистер «Х»-ы (кæс газет *«Пра-вительственный вестник» №2, 1992 аз*). Ацы уац ныффыссын авторы къухы бафтыди, Паддзахадон Æдасдзинады комитеты архивтæм бацæуыны бар ын кæй уыди, уый руаджы.

Фашистон Герман састы бынаты кæй баззайдзæн, уый гуы-рысхойаг куынал уыди, уæд цæдисон паддзахадты сæрмагонд службæйы кусджытæ сæлхæрты хуызæн систы – хæстон сусæг-дзинæдтыл цуангæнæг резидентон къордтæ æмæ хицæн агенттæн лæвæрд цыди, ахсджиагдæр нæй, зæгъгæ, ахæм хæс, – хъуамæ ссардтаиккой, дæрæнгонд рейхы хæдтæхæгаразæг фирмæты сусæгдзинæдтæм сæ чи бахуыдтаид, ахæм фæндæгтæ. Хæсты рæстæг «Мессершмитты», «Фокке-Вульфы», «Юнкерсы» æмæ «Хейнкелы» конструкторон бюроты гуырыдысты дардмæтæхæг куынæггæнæг æмæ бомбæппарæг хæдтæхджыты проекттæ. Уыдон ифтонггонд цыдысты реактивон мотортæй æмæ гæрзиф-

тонг уыдысты уæды рæстæджы æппæты ногдæр хæцæнгæрзтæй.

Хæстон карз уавæрты ерысы бацыдысты АИШ-ы, Англисы, Германы æмæ Советон Цæдисы конструктортæ, – маневртæ кæнынмæ кæй хæдтæхæг рæвдздæр разына, тагъд æмæ дардмæ тæхæг хæдтæхджытæ рауадзын кæй къухы раздæр бафта, цæвиттон, сæ тактикон-техникон æууæлтæм гæсгæ кæй хæдтæхджытæ æнаипдæр рауайой. Гъе, уыцы рæстæг мах «Ту-2», немыцаг «Юнкерс-88А» æмæ «Хейнкель-НЕ111Н-æн сæ бон æнæ æрбадгæйæ атæхын уыди 2000 километры дæрддзæгмæ. Англисаг «Ланкастертæ» та тæхын байдыдтой 4000 километры дæрддзæгмæ.

Уæды онг авиацион техникæйæн бирæ фæлварæнтæ аразыны фадат нæ уыди, фæлтæрдтой сæ карз хæстыты рæстæг. Хæстон хæдтæхджытæ сахатмæ 600-700 километрæй рæвдздæр нæ тахтысты. Фæлæ хæдтæхджыты мотортæ реактивон хъомысæй кусын куы байдыдтой, уæд сæ уынæрæй уæлдæф тæгæлтæ хаудта. Уыцы рæстæджы фюреры бункеры (фидары), æгæрон ныфс сæм чи гуырын кодта, уыцы æнахуыр дзырд «ФАУ»-æй арæхдæр хъус ницуал ахста. Уыцы ног проект райгуырди фон Брауны конструкторон бюройы, уымæ гæсгæ ногæй рацарæзтой сæ хæстон пълантæ. Англисæгтыл мæлæты тас бафтауæм, зæгъгæ, Лондон æхсын байдыдтой «Фау-1» æмæ «Фау-2» ракетæтæй.

Ændæр уыди советон паддзахады реактивон техникæйы рæзты фæндаг. Академик Борис Сергейы фырт Стечкин уыди уæлдæфон-реактивон тыхæй ифтонггод фыццаг мотортæ саразæг. 50-æм азты райдианы арвмæ сфардæг сты Туполевы, Яковлевы æмæ Ильюшины конструкторон бюроты арæзт фæлварæн-эксперименталон реактивон цалдæр хуызы куынæггæнæг хæдтæхæджы.

Немыцаг «Фау»-тæ дардмæ кæй тахтысты, уый домдта англисаг конструктортæй, цæмæй ракетæаразыны хъуыддæгтæ фæтагъддæр кæной. Гъе, æмæ немыцы хæстон уæлдæфон тыхты æмæ конструкторон бюроты сусæгдзинæдтæ цæдисонты сæрмагонд службæтæн систы цыбæлгæнæг фæсайæны хуызæн. Уыцы проекттæ кæм æмбæхст сты, сæ автортæ чи сты, уыдæттæ сбæрæг кæнын æрмæстдæр сæрмагонд службæты бон уыди. Немыцаг конструкторты сейфты æфснайд æмбæхсинæгтæй мах фылдæр фæуа, зæгъгæ, цæдисонты сгарджытæ ерысы бацыдысты.

Америкаг сгарджытæ, æвæццæгæн, сусæг бастдзинæдтæ саразтой, удмидæг ма уыдысты, рейхы уыцы сæрмагонд службæимæ, æндæр-иу махонты разæй фон Брауны конструкторон бюромæ фæндаг куыд ссардтой? (Не ‘фсæддон хæйттæ Германмæ цæдисонтæй раздæр бацыдысты). Немыцы конструкторты сусæгдзинæдтæ цæдисонты къухтæм куы бахауой, уымæй тæссаг уыди æмæ змæлын хъуыди рæвдздæр. Гъе, уымæ гæсгæ оккупацигонд паддзахадмæ æвæстиатæй æрвыст цыдысты хæстон хъуыддæгтæ зонæг дæсныты къордтæ. Уыцы къордтæй иуы сæргъы лæууыди Токаты Гогки.

1945 азы июлы Токайы-фырты Германмæ арвыста ССРЦ-ы хæстон уæлдæфон тыхты кадрты разамынд. Бакодтой йæ, Советон хæстон авиацийы администрацийæн Германы цы хайад уыди, уый бæрны. 1946 азы онг та Гогки фæкуыста маршæлтæ Жуков æмæ Соколовскийы секретариатты. Немыцагау æдæрсгæ кæй дзырдта, техникон æмæ политикон æгъдауæй хæрзифтонг кæй уыди, уый руаджы йын цыбыр рæстæгмæ цы саразын бантысти, уыдоны тыххæй хицауадæн фехъусын кодта. Цы вазыгджын уавæрты архайдта, уый бамбарыны тыххæй зонын хъæуы, фæсхæсты азты Берлины цытæ цыди, уыдæттæ. Гогки ацы горæты йæхи бирæтимæ сбаста æмæ-иу ын уыдон руаджы фæци Германы хуыздæр авиаконструкторты базоныны фадат. Фæлæ сын сæхи фæдтыл дæр зылдысты фæсарæйнаг сæрмагонд службæты агенттæ. Гогки йæхицæн равзæрста бынæттон цæрджытæй лæггадгæнджытæ. Йæ шофыр уыди Вилли Б., сылгоймаг лæггадгæнæг – Гертрудæ. Фæстæдæр Виллийы баивта Норбертæй. Хъуыддаджы фæдыл-иу искæдæм куы цыди, уæд-иу машинæ йæхæдæг тардта, уый уымæн, æмæ Виллийыл фæгуырысхо, сæ фæдыл зилджытæн æххуыс кæны, зæгъгæ.

Гогкийы сæйраг хæс уыди, Советон Цæдисы кусын чи байдыдтаид, ахæм немыцаг зындгонд специалистты ссарын. 1947 азы Токайы-фырт базонгæ немыцаг профессор Курт Танкимæ. Уый царди, англисаг зонæмæ чи хауди, ахæм горæт Шаденбурджы. Уыимæ йæ сбаста Витенберджы горæты цæрæг Шланге (уый та уыди советон зонæйы). Шланге Гогкийыл æмбæлын кодта Танкы фыстæджытæ. Профессор фыста: цы уавæрты цæрдзынæн, уыдон мæ зæрдæмæ куы фæцæой, уæд разы дæн Советон Цæдисы пайдайæн кусынæл.

1947 азы августы мæй Танкы минæвæрттæ Хилль æмæ Дюш-

тердик фæзындысты советон зонæмæ, семæ æрбахастой профессоры курдиат, советон командæкæнынадимæ баныхас кæныныл разы кæй у, уый тыххæй. Дæлбулкъон Токаты Гогки уæд улæфгæ кодта æмæ йæ æвæстиатæй йæ куыстмæ рацæуын кодтой. Августы кæрон Токайы-фырт æмæ Клыков (уый дæр – дæлбулкъон) Танк, Хилль æмæ Дюштердикы æрбаластой Карлсхорстмæ æмæ сæ къуырийы æмгъуыдмæ æрцæрын кодтой хицæн хæдзары. Немыцæгтимæ Гогки баныхас кодта æнæ искæй æххуысæй, генералтæ Александров, Баринов æмæ Дратвин та бацагуырдтой тæлмацгæнджытæ. Кæронмæ нæ бафидыдтой, афтæмæй уал Танкы ауагътой, дыууæ къуырийы фæстæ та нæм фæзындзынæ, зæгъгæ, ахæм дзырдæй. Фæлæ сæм йæ бæсты фæзынди Хилль йæ писмоимæ. Уым ранымадта, Советон Цæдисы кусыныл разы цæй тыххæй нæу, уыцы æфсæнттæ.

Гогки бирæ хæттыты сæмбæлди, Танк кæм куыста, уыцы конструкторон бюройы сæйраг специалисттимæ æмæ уыдоны руаджы йæ къухы сусæг документтæ æмæ æндæр ахсджиаг зонинæгтæ нæ бафтыдаид, уымæн уæвæн нæ уыди, æмæ профессор йæ фæнд кæй аивта, уый йын хъуамæ ныххатыр кодтаиккой. Фæлæ Токайы-фыртæн уæдæй фæстæмæ йæ куыст ныввыл нал ацыди, уазал цæстæй кæсын æм райдыдтой, йæ фæдыл зилджытæ фылдæрæй-фылдæр кæй кодтой, уый дæр фиппайдта. Гогкийы хъысмæт цæхгæр чи фæзылдта, уыцы хатдзæгмæ кæд æрцыд, уый базоныны тыххæй Сидахъаты Юри лæмбынæг сахуыр кодта архивты æрмæджытæ. Ахæм хатдзæгмæ æрцыди: профессор Танк ракетæтæ аразыны хъуыддагыл дарддæр кусыны тыххæй Советон Цæдисмæ кæй нал ацыд, уый советон сæрмагонд кусджыты «гуырымыхъ архайды» аххос кæй у, Гогки уый æнхъæл нæ уыди. Советон хæстон администрацийы кусджытæн бамбарын кодта, чысыл ницæйаг хъуыддаджы тыххæй ахæм специалистæй æнæхай цæмæй ма фæуæм, ууыл архайын хъæуы, зæгъгæ. Уыдон ын загътой: «Танкы нын нæ роны тъысы англисаг разведкæ». Гогки та сæм фæрæвдз ис: «Уый тыххæй уыдонæн арфæ кæнын хъæуы». Æмæ йын уæд æртхъиæнгæнæгау афтæ бакодтой: «Хъуыддæгтæ Мæскуыйы лæмбынæг равзардзысты». Танкмæ куы «джигултæ кодтой», уæд Гогки семæ нæ уыди, дæумæ та цы хъуыды ис, зæгъгæ, йæ фæрсæг нæ фæци, уымæ гæсгæ хъуыддаг кæй нæ фæрæстмæ, уый тыххæй дзуапп хъуамæ æндæртæй домдтаиккой. Гъе, уыцы æндæртæ та бавдæл-

дысты æмæ хабар æвæстиатæй Мæскуымæ фæхæццæ кодтой. Уæдæй фæстæмæ Токайы-фырт цыма ауындзæгæй аззади. 1947 азы 10 октябры рапорт балæвæрдта йæ разамонджытæм, цæмæй йæ Советон Цæдисмæ фæстæмæ кусынмæ ауадзой. Загъта: Германы фæдæн 2 азы æмæ 3 мæйы æмæ мын уыцы рæстæджы дæргъы нæ уыди наукон æмæ ахуыргæнæджы куыстытæ кæныны фадат. Кæронмæ йæ фæуын хъуыди йæ докторы диссертаци дæр.

1947 азы 1 ноябры йын уыцы бар радтой, йæ дзаумæттæ контейнеры бафснайдта æмæ сæ шофыр вагзалмæ аласта.

Фæстæдæр уыцы шофыры куы фарстой, уæд загъта: «Фондз сахаты фенхъæлмæ кастæн багажы хицаумæ æмæ, куынæ фæзынди, уæд фæстæмæ йæ фатермæ æрбаздæхтæн». Токайы-фыртæн йæхи нал баййæфта, фæлæ йын лæггадгæнæг радта 100 маркæйы, уыдон, дам, дын дæ куысты тыххæй ныууагъта.

Токаты Григори сæвæрдта цалдæр чумæданы йæ машинæйы, сбадын кодта йæ бинойнаг æмæ йæ чызджы æмæ йæ машинæ скусын кодта. Уый фæстæ сæ сыхæгтæй ничиуал федта. Гогки куы цыди, уæд сыхæгтæ æмæ йæ бинойнагæн загъта: «Цæуæм вагзалмæ». Цæугæ та акодта англисаг зонæмæ.

Сера Уайты очеркæй базонæм, Токайы-фырт уыцы зын сахат цы зæрдæрис бавзæрста æмæ йæ бинонтимæ англисаг зонæмæ йæхи айсынвæнд цæмæн скодта, уыдæттæ.

Йæ фæдыл зилджытæ куы сарæх сты, уæд фыццаджыдæр йæ зæрдыл æрбалæууыдысты, хорз кæй зыдта, советон цардарæзты сæраппонд йæ цард æгасæй дæр нывондæн чи хаста, уыцы хæстон стыр разамонджыты иу рæстæджы куыд сæфтой... Уыцы бæллæхтæ йын йæ зæрдæ сфæйлыдтой... Фæлæ авиацийы æмæ ракетæтæ аразыныл иумæ кæимæ куыста, йæ уыцы æмбæлттæ Клейменов æмæ Лангемакы куы агæрах кодтой, Королевы куы æрцахстой, уæд цы зæрдæрис бавзæрста, уый та ныр сног ис. Партийы уæнг уæвгæйæ куыд æбар разынди, уый дæр ыл æртæфсти. Йæ Райгуырæныл иузæрдион хъæбул æмбæрста, бæстæйы æдасдзинадæн уыцы бæллæхтæ цы стыр зиантæ æрхæсдзысты, уый. Цæмæйдæрты разы кæй нæу, уый æмбæхсын йæ бон нæ уыди æмæ йæ 1941 азы кæрон Аэродинамикон лабораторийы хицауы бынатæй æривтой уыцы Академийы наукон-иртасæг хайады хицауы хæдивæджы бынатмæ. О, æмæ уæд йæ сæрыл фидарæй сдзырдтой йе ‘мкусджытæ. Цалдæр мæйы

фæстæ Жуковскийы номыл Академийы райдыдта лекцитæ кæсын, уыцы иу рæстæг куыста Мæскуыйы инженерон институты.

Токайы-фырт англисаг зонæмæ йæхи кæй айста, уымæн ма уыди æндæр æфсæнттæ дæр. Гогки йæ къордимæ Берлинæй цы техникон информаци амал кодта, уый лæвæрд цыди Мæскуымæ Королев æмæ уый къордмæ. 1947 азы Мæскуыйы Политбюройы æмбырды Токайы-фырты саккаг кодтой, Советон Соци алистон Республикæты Цæдисæй Германмæ кæй хъуамæ арвыстаиккой, ракетæты æмæ авиацийы уыцы сæйраг специалисты бынатмæ. Сталины уынаффæмæ гæсгæ йын йæ къамисы сæргъы сæвæрдтой Мидхъуыддæгты Адæмон комиссариаты хицауы фыццаг хæдивæг инæлар-булкъон И. А. Серовы, къамисы уæнгтæй сфидар кодтой Васили Сталин æмæ академик Келдышы. Токайы-фырт разы бæргæ нæ уыд, уыдоны дæлбар æй кæй бакодтой, уымæй, фæлæ йын æндæр гæнæн цы уыд. Æмæ йыл ныр Серов æндзарынæй нæ бацауæрстаид.

* * *

1951 азы Реуазты Ладикко ахуыр кæнынмæ бацыди 23-æм Хæстон-авиацион училищемæ Читайы облæсты. Уым курсантты къухы федта ахуыргæнæн чиныг «Учебник по теории авиационных моторов и двигателей» æмæ йæ зæрдæ ныссæххæтт ласта – йæ ныффыссæг уыди Токаты Григори (Гогки). Йæ зæрдыл æрбалæууыди – Токаты Цыччытæм арæх цыди æмæ уыдонмæ федта ацы чиныг. Гогкийæн уыцы рæстæджы йæ кой скæнæн дæр нæ уыди, цыфыддæр знагыл æй банымадтой æмæ ма йын уæд йæ чиныгæй куыд пайда кæнынц? Ладикко ахъуыды кодта: «Æвæццæгæн сæм æндæр чиныг нæй».

* * *

Политикон репресситы амæддæгты растгæнæг Цæгат Ирыстоны-Аланыстоны Къамисы сæрдар Сидахъты Юри йæ уац «Преодолев земное притяжение»-йы (*«Северная Осетия», 1995 аз, № 6*) фыссы: «Махмæ ис, стыр фидæн кæмæ æнхъæлмæ каст, уыцы æрыгон ахуыргондæн Берияйы сæркъуыртæ æгъатыр тæрхон кæй цæттæ кодтой, ууыл дзурæг фаг æвдисæйнæгтæ, гъе уымæ гæсгæ Хæстон-уæлдæфон тыхты хистæр афицер Токаты Гогки цæмæй йæхи æмæ йæ бинонты цард бахъахъхъæд-

таид, уый тыххæй йын англисаг зонæмæ бацæуынæй хуыздæр мадзал нæ уыди».

* * *

Гогкийы сурæт цæмæй цæстыты раз æххæстæй слæууа, уый тыххæй йын арф бамбарын хъæуы йæ царды мидис. Хуыцауæй йын цы æгæрон курдиат лæвæрд у, уымæн барæнтæ ссарын хъæуы. Уыцы барæнтæ сты наукон-техникон дуджы зонынджынтæм. Байхъусæм уыдонæй иуы – Великобританийы Авиацийы Маршал, аивадты Магистр, Хæстон-Уæлдæфон Советы уæнг Виктор Годдарды ныхасмæ (Ныхас кодта Ахуыргæндты гом Советы æмбырды 1973 азы 8 сентябры. Лæвæрд цæуы цыбыртæгондæй): «Иттæг æхсызгонæй уæ базонгæ кæндзынæн доктор-профессор Токатиимæ – мыхуыры æмæ радиомæ гæсгæ та – «Токаев». Аэронавтикæйы колледжы доктор Токайы-фырты фæзынд йæ рæстæджы канд стыр цау нæ уыди, фæлæ нымад æрцыд сенсацийыл. Уый размæ Уæрæсейы каст фæци хæстон-уæлдæфон Академи æмæ иу университет, Уыдонмæ йын фæндаг байгом кодта наукæйы æмæ технологийы паддзахадон скъола. Махмæ Кранфильды иттæг æнтыстджынæй каст фæци Аэронавтикæйы Колледж. Ныр æй нал сусæг кæнæм: иуцасдæр нæ мадзæлттæ аразын бахъуыди, не ‘нахуыр уазæджы æнцойдзинад бахъахъхъæныны тыххæй».

Годдард зæгъы, зæгъгæ, Токайы-фырт у, наукæ æмæ технологи йæ царды мидис кæмæн сси, ахæм адæймаг. Зæгъы: адæймагæй диссагдæр ницы сфæлдыстæуыд зæххон дунейæн. Адæймаджы миниуджыты æппæты æмбисонддæрыл та нымайы зонд. Профессор Токайы-фырты цард уымæн рауади уæлдай ирддæр æвдисæн. Чи зоны, йæ уыцы миниуджыты суадон у йæ ирон æрдз, йæ ирон удыхъæд. Уыцы хуызы та йæ мах фаг нæ зонæм.

Иуцасдæр мæм диссагау дæр кæсы, ныронг ахуыргонд историктæй иу дæр кæй нæ афæлвæрдта авиаци æмæ аэронавтикæ баиу кæныныл. Провессор Токайы-фырт ацы хъуыддаджы йæхи тынг равдыста – хæсты быдыры архайæг хивæнд хæстонау йæхи баппæрста зындæр ранмæ æмæ сарæзта нæ тæригъæдджын зæхх æмæ æгæрон æрвон тыгъдад бæттæг уæрæх хид. Бамбарын нæ хъæуы уый, æмæ ам канд æгæрон курдиаты хицау математик æмæ физик кæй нæ хъуыди, – ам хъуыди сæдæгай азты хъуыдыкæнынад æмæ зондиугæнæг бирæ нациты культурæ. Агрокультурæ

æмæ анатомийæ, философи æмæ астрономийæ, гидростатикæ æмæ метеорологийæ, хæххон инженери æмæ химийæ, ядерон физикæ æмæ аэродинамикæйæ, «Аполлон» æмæ æндæр ракетæты æхсæн уыди æгæрон стыр быдыртæ. Æмæ ам хъуамæ æз бафиппайон: профессор Токайы-фыртæн уыцы æгæрон дæрддзæгыл ахизын йæ къухы бафтыди æнцонæй æмæ, рæгъмæ кæй рахаста, уыцы иумæйаг теори йын рауади æмбисонды хорз.

Уæлдæр æй бафиппайдтон: профессор Токайы-фырт гуырдзæй у ирон, ис æм ирон туг. Райдианы уый сси трактор зонæг механик, 1930 азæй фæстæмæ йæ цард сбаста наукæ æмæ технологиимæ.

Доктор Токати уыди тыхджын интеллектуал, бацыди «стыр наукæйы дунемæ, йæ принциптæ уыдысты фидар, гъе, уымæ гæстæ мæ бон у зæгъын: абон уа, райсом уа, господин Сталинимæ ма фæныхæй-ныхмæ уыдаиккой, уымæн уæвæн нæ уыди. Берлинæй Лондонмæ куы æрбафтыд, уæд райдианы æрбынатон Паддзахадон Колледжы Наукæ æмæ Технологийы Департаменты, уырдыгæй йæ йæ профессионалон хъомыс æркодта Крайнфильдмæ, Аэронавтикæйы Колледжмæ. Уæд æз уыдтæн Колледжы хицау, райстон æй æмæ æрбынатон ахуыргæнæгпрофессорты æхсæн.

1953 азы доктор Токайы-фыртæн йæ бæрны бакодтам фреон-газыл арæзт Аэродинамикон хætæл кæронмæ саразыны æмæ кусын цæмæй райдайа, ууыл бацархайыны хæс. Хъуыды кодтам: «ацы уырыссагæн» дæр йæ размæ уыдонау йæ бон ницы бауыдзæн. Фæлæ, æнхъæл куыд уыдыстæм, уымæй бирæ раздæр федтам ацы зонынджыны куыст – ничи йæм ницы бар дардта, иунæгæй куыста, афтæмæй нæ дисы бафтыдта: цалдæр азмæ нæ, фæлæ нын цалдæр мæймæ нæ размæ рахаста дзыхъхъынног теори æмæ, алыг кæныны хъомыс кæмæн нæ уыди, уыцы проблемæ практикон æгъдауæй аиуварсы æргом мадзæлттæ.

Хъуыды ма йæ кæнут: æз иу рæстæг загътон: «кæд уырыссаг ахуыргæндтæ сегас дæр ахæмтæ сты, уæд нæ фæтагъддæр кæнын хъæуы».

Æмæ диссаг нæу, доктор Токайы-фырт уайтагъддæр Сити Университетмæ хуынд кæй æрцыд, уый. Ам ын йæ бæрны бакодтой Аэронавтикæ æмæ космосон Технологийы Департаменты сæргълæууæджы хæстæ. Университеты сæргълæууæг Джеймс Тайт, профессор Токайы-фыртæн æрæджы цы чиныг рацыд, уый

тыххæй йæ рецензийы афтæ фыста: «Цыбыр рæстæгмæ Токайы-фырт Сити Университеты Аэронавтикæ уæлдæфон къорийы (воздушный шар) æмвæзæй систа æппæты нырыккондæр космонавтикæйы бæрзæндмæ».

Профессор Токайы-фырт йæ фæлтæрæнты руаджы барæстытæ кодта, наукæйы истори æвдыст кæм цæуы, уыцы чингуытæ. Йæ æнувыд лымæн профессор, доктор Теодор фон Карман йæ хæлары, «æгæр бирæ чи зоны, ахæм лæг» кæй рахуыдта, уымæй ницы мæнг загъта. Ууыл дзурæг сты Токайы-фырты чингуытæ, уацтæ, лекцитæ, радио æмæ телеэкранæй раныхæстæ. Ахæм адæймаг кад скæндзæни Оксфорды æмæ Кембриджы кæцыфæнды департаментæн дæр. Мæнæ ныр мæ хъустыл æрцыди, зæгъгæ, йæ хоны Лос-Анджелосы Калифорнийы университет. Уыдонæн мæ дзуапп у: нагъ, Токайы-фырт хъуамæ баззайа Англисы».

* * *

Сидахъаты Юри дзуры, Гогкийæн тæрхон куыд хастой, уыдæттыл дæр. Тæрхон ын кодтой фæсауууонмæ. Хæстон трибунал йæ дуарæхгæд æмбырды 1949 азы 25 январы Гогки æмæ йæ бинойнаджы тыххæй сæ уынаффæ аскъуыддзаг кодтой: 25 азы æмгъуыдмæ ист æрцæуæнт сæ бартæ, сæ бынтæ сын конфискаци скæнгæйæ. Сæ уынаффæйы загъд уыди: йæ бинойнаг æмæ йæ чызгимæ райгуырæн бæстæйыл гадзрахатæй рацыдысты, Англисмæ алыгъдысты, уым рапарахат кодтой советон цардарæзтæн знаггадхæссæг куыст.

Газет «Социалистическая Осетия»-йы фæзынди Токаты Гогкийыл «цъыфкалæг» уац. Иутæ дзырдтой: «Хуынди «История одного предательства», иннæтæм гæсгæ – «История одной измены». Æз æй мæхæдæг, хъыгагæн, нæ кастæн, нæ кастæн æмæ фарстон: кæцы аз фæзынди уыцы уац? Алы азты алы мæйтæ мын амыдтой, æмæ афтæмæй афæлдæхтон газеты къорд азы комплекттæ, фæлæ йыл нæ фæхæст дæн. Уацы мидисæй дæр сæ фарстон – загътой: бæлвырд ныхас дзы нæ цыди, – гъе, хус ныхæстæ, дам-думтæ, фыдгойтæ...

* * *

Гогки Берлины куы уыди, уæд æм писмотæ фыста йæ хæстæг æрвад Георги. Хъомыл кодтой иумæ, кæрæдзиуыл æнувыд уыдысты.

Георги уæд куыста Кировы райæххæсткомы. Иуахæмы Гогкийæ цасдæр писмо нал иста, уæддæр æм йæхæдæг фыста.

Лæгæй-лæгмæ ма йæ хæсты размæ 1941 азы федта. Георги йæ рæуджытæй фæсæйгæ æмæ йæ партийы Цæгат Ирыстоны обком арвыстой партийы Мæскуыйы горкомы санаторимæ. Гогки уæд царди, «Специалистты хæдзар» кæй хуыдтой, уым. Æмæ йæ Георги бабæрæг кодта. Уый уыди июны райдианы. Гогки йын дзырдта: «Ацы сæрд хæстæн æнæ райдайгæ нæй».

Иу бон Георгийы Паддзахадон Æдасдзинады Кировы районы хайады хицау йæ кабинетмæ бахуыдта, йæ разы йын фыстæджытæ æрæвæрдта æмæ йæ бафарста: «Адон кæй фыст сты?» Георги, йæ фыстæджытæ ауынгæйæ, бадис кодта, аджих æмæ афтæ: «Мæн». «Æмæ, кæмæ фыстай, уый дын цы бавæййы?» «Гогкийы фыд æмæ æз дыууæ æфсымæры цот стæм», – дзуапп радта Георги. ПÆК-ы районы хайады хицау та загъта: «Гъе, уæдæ дын æй хъусын кæнын – де 'фсымæр фалæмæ алыгъд æмæ дын дæ писмотæ фæстæмæ рарвыстой. Цы йæм фыстай? Бакæс сæ...»

...Чысиаты Ануси фæсурокты Ставд-Дурты скъолайæ уынгмæ куы рахызти, уæд Токаты Дзибаты дуармæ ауыдта дуне адæм æмæ машинæтæ. Мацы сыл æрцæуæд, зæгъгæ, сæм атындзыдта. Милицæйы кусджытæ уыцы хъуынтъызæрфыг уыдысты. «Дзибайы бинонты сегасы дæр бавæрдтой машинæйы. Дзибайы бинойнаг хъарæг кодта, йæ уæрджытæ хоста. Куы ницы зонæм лæппуйы хабæрттæн, уæд нын ай цы у? Адæм сæ тæригъæдæй куыдтой, алцытæ сын скъæфтой, – зæрдæриссæн хабæрттæ дзырдта Ануси.

Дзибайы хæдзары цыдæриддæр уыди фосæй, æндæрæй – аластой сæ. Хæдзары иу хай радтой Къубалтæн, иннæ æндæр кæмæндæр ауæй кодтой. Дзибайы фырт Хамби Зджыды куыста æрзæткъахæны хицауы хæдивæгæй. Иу бон æм фæдисы згъорд бакодтой: «Дæ фыды дын æрцахстой!» (Дзиба 1918 азы бацыди большевикты партийы рæнхъытæм, сырх партизанты рæнхъыты урсытимæ хæцыди). Хамби Дзæуджыхъæумæ раивгъуыдта. Йе 'фсымæр Валодя пединституты ахуыр кодта, царди Ватутины уынджы æмдзæрæны. Баййæфта йæ бынаты, æмæ йæ арвыста бæлвырд хабæрттæ базонынмæ, йæхæдæг уал йе 'фсымæры сынтæгыл йæхи æруагъта. Цасдæры фæстæ дыууæ лæджы æрбахызти æмдзæрæны уатмæ. Сæ иу Хамбийы афарста: «ды чи

дæ?» «Токатæй дæн, – загъта уый, – мæ ном – Хамби». «Æмæ кæм вæййыс?» «Садоны æрзæткъахæнты кусын». «Гъе, мах кæй агурæм, ды уый куы дæ!» «Сымах мæ агурут, фæлæ уæм æз не 'нхъæлмæ кастæн», – сбустæ сыл кодта Хамби. Сæ æвдисæндартæ йæм бавдыстой – разындысты Паддзахадон Æдасдзинады комитетæй, акодтой йæ семæ. Фæсæмбисæхсæвы æртæ сахатмæ йæ сæ сасиртæй фæлуæрстой. «Дæ фыды æфсымæры тыххæй цы зæгъдзынæ?» – афарстой йæ. «Æфсады уыдтæн æмæ йын йæ хабæрттæн ницы зонын», – загъта Хамби. «Фæстаг хатт ма йæ кæд федтай?» «Æфсады размæ». Фæсæмбисæхсæв æй рауагътой, бонмæ фæфынæй кодта проспекты бандоныл. Уыцы рæстæг йæ фыд Дзиба бадти Бутырины уынджы ПÆК-ы пъадвалы.

Дзибайы куы æрцахстой, уæд се 'рвадæлты лæппу, Быдзыгайы фырт Ким уыди Елхоты паспорт исынмæ. Фæстæмæ здæхгæйæ Змейкæйы йе 'рдхорды бацагуырдта. Уæд паспорт райсын æнцон нæ уыди æмæ, йæ къухы кæй бафтыд, ууыл бацин кодтой. Фынг ын сарæзтой, хъазт скодтой. Кафыдысты, худтысты. Бонырдæм сæм фæзынди Ставд-Дурты хъæуыхицау дыууæ æфсæддон дарæсджынимæ. Токатæй цы хæсджын стæм, агуринаг цæмæн фæдæ, зæгъгæ, бауайдзæф кодтой Кимæн. Кимыл уæд сæххæст ис 16 азы, цыдæр ныл æрцыди, зæгъгæ, йæ зæрдæ ныссæххæтт ласта. Хъæуыхицау ын афтæ: «Дæ мад дын пысырайы æууæрцъытæ сцæттæ кодта æмæ, куынæ фæзындтæ, уæд бæстæ фæдис скодта». Æфсæддонтæй иу – майор, иннæ – дæлбулкъон. Кимы «Виллисы» куы сбадын кодтой, уæд сыл йæ зæрдæ фæкъæпп кодта: «Адон хуымæтæджы уазджытæ не сты, цыдæр фыдбылыз мæм кæсы».

Змейкæйы сæйраг уынджы машинæ фæурæдта, хъæуыхицау æрхызти, æфсæддон салам сын радта æмæ фæхицæн сты.

Уæд Ставд-Дурты хъæуыхицау уыди Зæнджиаты Хъасболат. Афтæ радзырдта: «Иуафон æхсæвы нæ дуармæ æрлæууыдысты машинæтæ. Æрбахостой нæм. Мæ дарæстæй цыдæртæ мæ уæлæ акодтон æмæ сæм акастæн. «Дæ къахыл исты акæн æмæ немæ цом!» – бардзырд дæттæгау мæм сдзырдта майор. Мæ зæнгтухæнтæ радавтон, æмæ сæ мæ къæхтыл æрбатухон, зæгъгæ, куыд æргуыбыр кодтон, афтæ та мæ майор бадомдта: «Уыдон уадз! Рæвдздæр!» Мæ цырыхъхъытæ стъыстон мæ бæгъæввад къæхтыл æмæ йæ фæдыл рауадтæн. Кæрты мын бамбарын кодтой:

«Ссарын хъæуы Токаты Кимы!» Машинæйы мæ абадын кодтой æмæ сæ дуармæ балæууыдыстæм. Кимы мад Дзегойæн хабар бамбарын кодтон. «Знон паспорт исынмæ районмæ ацыди æмæ нæ фæзынди», – загъта Дзего. Æнафондзаутæ нæ бауæндыдысты зæронд усыл, хæдзары къуымты æрзылдысты, хуыссæнтæ сфæлдæхтой. «Змейкæйы ме 'мбалмæ баззайдзынæн загъта», – катайаг хъæлæсæй та сын бамбарын кодта Дзего, афарста-иу цы фыдбылыз ракодта, зæгъгæ. Зæрдæтæ йын авæрдтой: «Ахæмæй дзы ницы ис». Змейкæйы балæууыдысты, Кимы фысымты хæдзары алыварс цæг æрæвæрдтой. Хъасболат бацыди мидæмæ, Кимы ракодта. Аластой лæппуйы. Хъасболат уыцы анафоны рараст Ставд-Дуртæм. Уайтагъддæр йæ къæхтæ схаудысты, сæ туг рахъардта. Йæ цырыхъхъытæ йе 'ккоймæ сæппæрста æмæ бæгъæввадæй араст ис. Сæударæй йыл сæ цæст чи æрæвæрдта, уыдон-иу аджих сты. Сæ иу ыл хъæрæй бадис кодта: «Нæ хъæуыхицау фæивддзаг ис».

Кимы баластой Елхоты милицæйы хæдзармæ, баджигул æм кодтой. Айстой йын йæ рон æмæ йæ чысыл хæрынкъа. Æмæ та йæ сбадын кодтой машинæйы. Сæ рæзты ратылди æндæр «Виллис», æмæ адоны машинæ уый фæдыл атындзыдта. Фæндагыл йæ фарсмæ бадти булкъон, Иуахæмы йæм йе 'ргом раздæхта: «Æз уыдтæн Англисы, федтон Гогкийы. Тынг мын фæдзæхста: «Ме 'рвадæлты мын-иу бабæрæг кæн». Æхххуыс уын фæкæны?» «Фæкæны», – сæрыстырæй загъта Ким. «Писмотæ дæр уæм фыссы?» «Фæфыссы, – æппæлыныл нæ ауæрста лæппу. Арæх дзы исæм писмотæ». Никуы истой Гогкийæ писмотæ, æххуыс дæр дзы нæ зыдтой, фæлæ Ким сæрыстыр уыди йæ номдзыд æрвадæй, фадат ын фæци æмæ дзы æппæлыди. Сластой йæ республикæйы Мидхъуыддæгты Адæмон комиссариатмæ, ныггæнды йæ смидæг кодтой. Афицер æм бахатыд, фæйнæ баназæм, зæгъгæ, фæлæ не сразы лæппу. Гогкийы тыххæй йæ къахтой. Загъта сын: «Иу рæстæджы ацыдтæн Мæскуымæ, мæ хистæр æфсымæр Дзандармæ, уырдыгæй-иу Гогкитæм бауадтæн, фæлæ йæ сæ хæдзары никуы баййæфтон».

Дыууæ мæйы фæстæ Кимы суæгъд кодтой. Фæндаггаг ын æхца 5 туманы радтой. Уынджы лæугæ раййæфта Хамбийы. «Дзибайы нæ федтай? – афарста йæ Хамби. «Æмæ Дзиба дæр ам ис?» – ныддис кодта Ким.

Хамби йын радзырдта, Дзибаимæ сæ иу æхсæв кæй раластой

Ставд-Дуртæй, сæ разæй чи цыди, уыцы «Виллисы» кæй бадти Дзиба. Уый фæстæ Ким иу мæйы бæрц акуыста Бехъаны ГЭС-ы арæзтады. Сентябрь ралæууыд æмæ, техникуммæ бацæуон, зæгъгæ, йæ куыст ныууагъта. Ставд-Дуртæм ныххæццæ кæм уæрдоны, кæм фистæтæй. Скъолайы тигъæй сæхирдæм куы скасти, уæд ауыдта: Дзибаты дуармæ – дунейы адæм. «Æвæццæгæн, Дзиба суæгъд ис æмæ йыл адæм цин кæнынц?» – ахъуыды кодта Ким. Йе 'рвадæлты дуармæ куы схæццæ, уæд федта: сылгоймæгтæ сæ цæссыг згъалынц. Афарста сæ: «Ам цы хабар ис?» «Дзибайы бинонты хæссынц...» Кимæн йæ мад Дзего йæ уæлхъус алæууыд, уый дæр куыдта. Мад æй дзæбæх дæр нæма афарста, афтæ æфсæддон дарæсджын Кимы уæхск æрцавта, иуварс æй акодта, йæ дзыппæй гæххæтт фелвæста æмæ йын бамбарын кодта: райгуырæн бæстæйыл гадзрахатæй рацæуæджы тугхæстæг кæй у, уый тыххæй цæуы ахст...

Дзибаты дуармæ лæууыди машинæ. Сыхæгтæй чи нартхоры æфсиртæ хаста, чи настæ, чи цы æмæ сæ машинæйы æвæрдтой. Пъагонджын Кимæн машинæмæ ацамыдта: «Сбад!» «Нырма ныр æрхæццæ дæн, нæ къæсæрæй дæр нæма бакастæн, – сдзырдта лæппу, – сæ хæдзармæ ацамыдта. – Уæлæ уым цæрæм».

Дыууæ пъагонджыны йæ сæ разæй акодтой, сæ иу ын дамбаца йæ къæбутмæ ныддардта, сбустæ ласта: «Рæвдздæр! Изменниктæ!»

Мад, цæссыгæй йæхи æхсгæ, сæ разæй фæкодта йæхи. Техникуммæ йын цы царвы банкæ æмæ цыхтытæ сцæттæ кодта, уыдон ын атыхта, хъарм дарæсæн ын цыдæртæ ацагуырдта. Ким Бехъанæй ардæм куы цыди, уæд, нæ алтъамитæй мæхи бафсаддзынæн, зæгъгæ, куыд сцыбæл, уый æрбалæууыд йæ зæрдыл... Фæлæ сæ сарайы цармæ хус кæнынмæ кæй скалдта, уыцы хос та?!.. Уыцырдæм фæцæйуад. «Кæдæм?!» – фæтъæлланг ыл ласта пъагонджын. «Хос афснайон, – сдзырдта лæппу. – Мæ зæронд мады бон сарайы цармæ схизын нæ бауыдзæн». «Лидзынвæнд скодтай!..» – дамбацайæ йæм бартхъирæнтæ кодта пъагонджын. Схызти сарайы цармæ Ким, фæлæ-иу сагой йæ къухæй æрхауди. Мад æрдиаг кодта. Пъагонджынтæй йын иу афтæ: «Басабыр у. Афæрсдзыстæм æй æмæ йæ рауадздзыстæм». Лæппуйы ныфс бауагътой уыцы ныхæстæ, ома, зæронд усæн мæнгтæ куыд хъуамæ зæгъа ахæм бæрнон лæг.

Кимы дæр аластой Дзибайы бинонтимæ. Дзиба йæхæдæг –

ахæстоны. Урс ахæстæтты сæ иу камерæмæ баскъæрдтой. Чысыл фæстæдæр уыцы камерæйы дуарæй бахызтысты Хамби æмæ Дзиба дæр. Уым фесты цыппар боны æмæ сæ аивтой, «Хъæды завод» кæй хуыдтой, уыцы ахæстонмæ. Кимæй рох нæ уыдысты, пъагонджын йæ мад Дзегойæн цы зæрдæвæрæн ныхæстæ загъта, уыдон, æнхъæлмæ касти, кæд æй суæгъд кæндзысты, уымæ. Фæлæ, йæ чысыл рудзгуытæ телын хызæй æхгæд кæмæн уыдысты, ахæм поезды куы фæмидæт сты, куы араст ис, уæд йæ зæрдæ амарди. Грознайы сæм вагоны цурмæ батылди, «Сау халон» кæй хонынц, уыцы æмыр æхгæд машинæ, уый сæ ахæстоныл сæмбæлын кодта. Пец æй цыма æрцахста, афтæ фæци лæппу, машинæйæ хизгæйæ йыл хæцгæ кодтой. «Æфсон кæны!» – схъæр ыл кодта чидæр, стæй йæ топдзæгатæй æрбацавта. Грознайæ сæ аппæрстой Астраханмæ. Вагоны – æнуд, лæвæрдтой сын сур хæринаг, æхсæв æмæ боны дæргъы иу адæймагæн – чысыл кружкæйы дзаг дон. Астраханæй сæ аластой æмæ ахæццæ сты Оренбурджы облæстмæ Соль-Илецкы горæтмæ. Æппын æрæджиау сæмбæлдысты сæ фæстаг бынатыл – ахæццæ сты Казахстанмæ. Æнхъæлмæ сæм кастысты гæрзифтонг адæм сæ куыйтимæ. Ныр сын сæ алы къахдзæфмæ дæр сæ цæст дардтой. Загътой сын: «Горæты арæнæй чи ахиза – 25 азы йæ сбадын кæндзыстæм».

Токаты бинонтæн сæ тæрхон рагацау бæрæг уыди – куы сæ хастой, уæд сын æй загътой: фæйнæ фондз азы хъуамæ ахæсты ном фæхæссой. Кимæн айстой йæ фæскомцæдисон билет. Сæ гæххæттытæм сын касти майор. Хамбийы афарста: «Партийы уæнг дæ? – Хамби йæ сæр батылдта «о», зæгъгæ. – Дæ билет ардæм æри». «Ды мын æй нæ радтай æмæ мын æй исгæ дæр ды нæ акæндзынæ». «Ома, куыннæ йæ ратдзынæ?!» «Æз уый тыххæй фронты мæ туг ныккалдтон», – нæ састи Хамби æмæ ма цыдæр цæхджын ныхæстæ дæр загъта. Майор телефонæй адзырдта партийы горкоммæ, бамбарын кодта хабар. Уыдон ын загътой: йæ билет ын исын куы хъуыдаид, уæд ын æй сæхимæ айстаиккой.

Къорд боны æмæ æхсæвы гом арвы бын баззадысты, æмæ Хамби майормæ йæ хъаст бахаста: «Фос стæм, уынджы нæ цæмæн ныууагътат?» Иу уæгъд уатмæ сæ бауагътой. Хуысгæ кодтой пъолыл. Цалдæр боны фæстæ сæм фæзынди майор, уат, дам, суæгъд кæнут. «Бынат нын ссар æмæ йæ суæгъд

кæндзыстæм», – уыди Хамбийы дзуапп. Сæ хабар æрцыди цæцæйнаджы хъустыл, хæрæгуæрдонæй сын сæ муртæ сæхимæ баласта. Йæ уæттæ – зæхбын. Цалынмæ æхххуырсты фатер агуырдтой, уæдмæ цæцæйнагмæ фесты. Дзиба сцола, слæмæгъ, иннæтæ змæлынхъом уыдысты æмæ куыст агуырдтой.

Ким бацыди пырындзы заводмæ, хаста уæзæгтæ. Куыстой дзы цæцæйнæгтæ æмæ мæхъхъæлæттæ. Ластой сæм æдцъар пырындз. Хæссын хъуыди дзаг голджытæ, æмæ-иу Ким сæ быны фæдыдагъ. Йе 'мбæлттæ хицауæн балæгъстæ кодтой, æндæр куыстмæ йæ баив, зæгъгæ. Артгæнæнмæ йæ баивтой. Донæйдзаг стыр выворкæйы-иу пырындз ныккалдтой æмæ-иу æй пъаравозы æндзарæны басхуыстой. Цасдæр-иу басыгъди пырындзæй, иннæ-иу бахордтой.

Токатæ уалдзæгмæ фембырд кодтой се 'хцайы капеччытæ 'мæ хæдзар балхæдтой. Хамбийы бинойнаг сывæрджынæй баззад Ирыстоны. Дзибайы фæдзæхстмæ гæсгæ йæ æрцæуын кодтой. Райгуырд ын лæппу, фæлæ ноггуырд уымы карз климæтæн нæ бафæрæзта æмæ æртæ мæйы фæстæ фæзиан. Хамбийы æфсымæр Валодяйæн уым хъуыддаг бакодтой. Уыцы чындз та аргæ-арын амарди, саби дæр йæ фæстæ бирæ нал ацард.

Дæс бонæй дæс бонмæ сæ цæуын кодтой ПÆК-ы хайадмæ. Цалдæр хатты Сталины номыл хъæстытæ арвыста Хамби, цасдæры фæстæ-иу бацыди дзуапп базонынмæ. Гæххæтты гæбæзтыл фыст ницæуылдзурæг дзуаппытæ йын-иу бакастысты, йæ къухиу дзы æрæвæрдта æмæ та-иу рацыди.

Суæгъд сты 1953 азы амнистийы рæстæг. Ким сæ хæдзар сæййæфта хæрз æдзæллагæй. Хæсты размæ йе 'фсымæр Бындз фанерæй кæй сæхгæдта, уыцы уаты пъолыл хъæмпын лыстæны хуыссыди. Адæмы знаджы ном кæуыл нынныхæсти, уыдонмæ алчи æввахс цæуын нæ уæндыди. Фæлæ-иу разынди, чи йæ барæвдыдта, ахæмтæ дæр. Хамби йæ хъаст арвыста ССРЦ-ы Сæйраг Советы Президиумы сæрдар К. Е. Ворошиловмæ: рæстæй нæ бафхæрдтой, нæ бынтæ ныххæлæттаг сты æмæ ныр цæмæй цæрæм, уый нын нал ис, зæгъгæ. Уырдыгæй хъаст æрцыди бæстæйы Генералон прокурормæ. Уыдон æй æрæрвыстой Сæйраг Æфсæддон прокуратурæмæ. Уырдыгæй хъаст йæ фæндаг ракодта Цæгат Кавказы æфсæддон прокуратурæмæ. Æппын фæстаг, сæмбæлди Цæгат Ирыстоны Сæйраг тæрхондоныл. Уыдоны дзуапп уыди: «Дело судом прекращено...»

* * *

Ælbegaty Hambijæ bazydton: je ‘fsymær Valodja jæ ræstædžy kuysta Hambiimæ «Fordzon» traktoryl. Uyj fæstæ sæ cardvændægtæ fæhicæn sty. Valodja fæsxæst baf-

Ælbegaty Хамбийæ базыдтон: йе ‘фсымæр Валодя йæ рæстæджы куыста Хамбиимæ «Фордзон» тракторыл. Уый фæстæ сæ цардвæндæгтæ фæхицæн сты. Валодя фæсхæст бафтыди Мæскуымæ. Бацагуырдта Гогкийы фатер. дуармæ гæрзифтонг милиционеры кæй баййæфта, уый йæм диссаг нæ фæкасти, ома, паддзахад йæ зынаргъ лæгты хъахъхъæны. Милиционер æй бафарста: «Чи дæ ды? Токайы-фыртæн цы бавæййыс?» Валодя йын цыбырæй йæхи бацамыдта. Милиционер телефонæй адзырдта, æрæвæрдта хæтæл æмæ загъта: «Чысыл банхъæлмæ кæс». Фæзындысты æртæ æнæзонгæ лæджы, Валодяйы семæ акодтой æмæ йæ ахæстоны фæмидæг ластой. Чи у, цы мигæнæг уыди, уыдæттæ цалынмæ бæрæг кодтой, уæдмæ рауади къуыри. Къухбакæнæн æм не ссардтой, æмæ йæ рауагътой.

Уарзиаты Адамыл та æндзаргæ бачынди. Мæскуыйы Æфсæддон трибуналмæ фæхабарчындæуыд: уæ юристтæй иу – Уарзиаты Адам – у Райгуырæн бæстæйыл гадзрахатæй рацæуæг Токаты Григорийы фыды хойы лæппу. Адамы æфсымæр Микъалайы кæстæр чызг Риммæ загъта: «Адам Мæскуыйы институты ахуыр кодта, сси юрист. Йæхи ныхæстæ йын фехъуыстон: иу бон йæ кусæн уаты фæмидæг сты æмæ йын йæ пъагæттæ стыдтой. Цасдæр æнцад фæбадти. Кæддæр ын Мæскуыйы облæсты районтæй иуы радтой куыст. Бирæ рæстæг нæ рацыд, афтæ уæззау рынчын фæци. Амарди æмæ йæ бавæрдтой Ставд-Дурты.

* * *

Уæлдæр цы уацы кой кодтам, уым Сидахъаты Юри хъусын кæны: Гогкийы хæстæджыты курдиатмæ гæсгæ Къамис лæмбынæг кæй равзæрста архивы æрмæджытæ æмæ æрцыдысты иу хатдзæгмæ: «Токаты Гогки йæхи знаджы къухтæм ратгæйæ, гадзрахатæй рацыд йæ райгуырæн бæстæйыл», зæгъгæ, йæ кæй зылынджын кодтой, уымæн ницы бындур ис. Германы оккупацийы рæстæг англисаг зонæйы фегуырди, зæгъгæ, йæ куы аххосджын кæнæм, уæд хынцын хъæуы, Гогки уырдæм йæхи куы айста, уæд Англис æмæ Советон Цæдис уыдысты Гитлеры ныхмæ тохгæнæг иу коалицийы. Æмæ уæд, Токайы-фырт знаджы фарс фæци, зæгъгæ, нымайæн нæй… 1949 азы трибуналы тæрхонгæнджытæ уыцы ахсджиаг бахынцинагмæ сæ хъус не ’рдардтой. Уæд цы тæрхон рахастой, уый 1993 азы ивд æрцыд». Хуыцауæн табу, рæстдзинад сбæрæг!

* * *

Канд дыууæ хъæуы Сечер æмæ Ставд-Дуртæ нæ – Ирыстон æгасæй дæр æгæрон адджын у Гогкийæн. Уый уæлдай тынгдæр банкъардтон, йе 'рвад Мураты лæвары фæдыл цы зæрдæйы арфæй райгуыргæ ныхæстæ загъта, уыдон кæсгæйæ: «Владикавказы горæты цæры Токаты Мурат. Æз амæй размæ куырдтон ме 'ввахс къабаз Хамбийæ, цæмæй Муратæн арфæ ракæна, – цы сарæзта, уый бæрцæй у чысыл, фæлæ сахадыдта нæртон хæзнайау, уымæн æмæ йын ис зæрдæты фарны тæгтæй бæттæг хъомыс. Кæй зыдтон, зæрдырухс мыл чи бафтауы, уыдонмæ карæй дард лæууы. Римы Папæ у, Францы Наполеон, стыр политик æви кæмдæр фæсвæд ран цæрæг хуыйæг – хъауджыдæр мын дзы нæй – йæ уæзгæ фыстæг хуымæтæг адæймаджы зæрдæйы хъармæй дзаг кæй у, уымæй мæ дисы бафтыдта. Зонынджын ахуыргонд кæнæ гæххæтты дæсныйæн, зæрдæбын арфæтæ кæнгæйæ, йæ зæгъинæгтæ афтæ ныккуырмæлхынцъытæ уаиккой æмæ сæ мидис нал рабæрæг уыдаид, фæлæ Мураты ирон ныхас рауад уалдзыгон хуымы æвзартау хуымæтæг æмæ æрдзон. Йæ даргъ писмо йын куы кастæн, уæд цыма æз Альберт Эйнштейны къæлæтджыны бадтæн, æмæ, фенæн кæмæн нæй, фæлæ дзыллæты иумæ чи бæтты, уыцы фарны тынтæ цæстæй уыдтон. Мурат мын Англисмæ æрбафтæгимæ æрбарвыста, хуымæтæджы газеты кæй батыхта, ахæм æмбисонды стæм лæвар – ирон хуымæтæг хъуымбыл-сæхтæг хæдон. Ай-гъай дæр, хæдонхъуаг нæ дæн, фæлæ мæ ацы лæвар мыггагмæ нал ферох уыдзæн. Даргæ йæ нæ кæндзынæн, – мæ аккаг нæ рауади, – уый хыгъд, цæст æй куыд уына, ахæм ран ауыгъдæй лæууы æмæ æгомыг æвзагæй æппæтæн дзуры: ис дунейы Иры бæстæ æмæ уыцы бæстæйы лæгтæ фыдæлтæй нырмæ дарынц мæнæ ахæм хæдæттæ. Мурат бакодта, культурон хъуыддæгтæ кæмæн бафæдзæхсынц, ахæм атташейы куыст, чи зоны, уый, æгас дунейæн йæ бæстæ кæй æвдисы, ууыл хъуыды дæр нæ акодта».

Газет «Слово»-йы Гогкийы ныхас куы фæзынди, Токаты Мураты уый фæстæ федтон æмæ базыдтон, хъуымбыл-æгънæг хæдон Гогкийыл куыд сæмбæлди, уый. Сæ æрмадзмæ æрбацыди дзæуджыхъæуккаг сылгоймаг æмæ загъта: «Лондоны горæтæй нæм ис уазæг, Асетæй (йæ ном ын нæ бахъуыды кодта). Ирыстонæй чызгæн хуыздæр лæварæн цы аласа, ууыл фæхъуыды кодта æмæ скарста: хъуамæ йын аласа разкъæртт

къаба». Ӕрмадзы кусджытӕ нӕ бацауӕрстой сӕ дӕсныйад равдисыныл. Ахаста къаба Асеты лӕджы фысым. Уый фӕстӕ бон хуиджыты ӕрмадзмӕ фӕзынди дардбӕстаг уазӕг йӕхӕдӕг. Загъта: «Ӕз ӕрбацыдтӕн, мӕ чызджы лӕвар мын афтӕ хорз чи бахуыдта, уыдоны фенынмӕ». Фӕарфӕтӕ сын кодта, загъта сын, Лондоны кӕй цӕры ирон бинонтӕ фараст, иу сты сӕ бӕрӕгбӕттӕ, сӕ цин, сӕ алы ӕгъдау. Уазӕг иронау дзырдта сыгъдӕг. Муратимӕ куы базонгӕ, уӕд ӕй афарста, Гогкийы нӕ зоныс, зӕгъгӕ. Хӕстӕг ӕрвадӕлтӕ сты, уый базонгӕйӕ йын загъта: «Ӕмӕ дӕ де ‘рвадмӕ фыстӕг арвитын нӕ фӕнды? Ӕз ыл ӕй сӕмбӕлын кӕндзынӕн». Фыстӕг райгуырди ирон ӕвзагыл. Мурат уазӕгӕн йӕхицӕн балӕвар кодта цухъхъа хӕдон. Йӕ зӕрдӕ йӕм сдзырдта: «Ӕххӕст Гогкийӕн дӕр исты арвитон». Скъаппӕй райста цӕттӕхуыд хӕдон ӕмӕ йӕ газеты батыхта.

Уӕлдӕр ӕрхастон Гогкийы ныхӕстӕ, Мурат ӕнӕнхъӕлӕджы культурон хъуыддӕгтӕ аразӕг атташейы куыст бакодта, зӕгъгӕ. Гогки нӕ фӕрӕдыди – Мурат 8 – 10 азы размӕ ӕцӕгӕй дӕр разынди ахӕм ӕрхъуыдыджын – фехъуыста официалон хъусынгӕнинаг: уӕд ӕмӕ уӕд М. С. Горбачев цӕудзӕн Швецимӕ, анымадта бонтӕ ӕмӕ йе ‘рмадзы кусджытӕн бамбарын кодта: Швецийы хицауадӕй Горбачевӕн ӕгас цу чи зӕгъдзӕн, уыдонӕй дыууӕйыл хъуамӕ уа ирон дарӕстӕ. Ӕмӕ бахуыдтой уымы къаролы фыртӕн цухъхъа, йӕ чызгӕн та – разкъӕртт-къаба. Аласта сӕ Ботъоты чындз. Цасдӕр рӕстӕджы фӕстӕ Швецийӕ райстой, уыцы фембӕлды тыххӕй къамтимӕ ӕрмӕг лӕвӕрд кӕм уыди, ахӕм журнал.

35 азы бакуыста Национ дарӕстӕ хуыйӕн ӕрмадзы Токаты Мурат. 1970 азы онг ирон дарӕстӕ хуыдтой ӕмӕ карстой гуырдзиаг сылгоймаг ӕмӕ уырыссаг лӕг. Мурат бахъынцъым кодта: «Нӕхимӕ цӕуылнӕ ис ахӕм дӕснытӕ?» Уый размӕ каст фӕци Волгограды технологон техникум. Ныр ацыди Ростовмӕ, дыууӕ азмӕ райста конструктор-модельеры дӕсныйад. Ныронг нӕхимӕ уыди национ дарӕстӕ хуигӕ чи кодта, ахӕм дӕснытӕ, фӕлӕ нӕм кӕрдӕг нӕ уыди. Ныр уыцы дӕсныйад амонын райдыдта Мурат йӕхӕдӕг. Дзаума адӕймаджы ферыгондӕр кӕны, гуырвидауцдӕрӕй йӕ равдисы. Ирон дарӕстӕ-иу цы лӕг дардта, уыйиу уӕлдай ӕфсарм бацыд. Ирон дарӕстӕ-иу чи скодта, уый расыгӕй рацӕуа, ӕгъуызӕй йӕхи равдиса, уымӕн уӕвӕн нӕ уыди. Йӕ алы къахдзӕф дӕр барст цыди. Афтӕ хъуыды кӕны Мурат.

* * *

Хистæртæй кæйдæрты зæрдыл æрлæууыди Гогкийы мад Дыгойы фын.

Гогки, æнхъæлдæн, 1925 азы ахъаззаг рынчын фæци. Хъæуы дохтырæн йæ кой дæр нæ уыди. Хæдзарон хостæ йын фæкодтой, фæлæ йын нæ фæахъаз сты. Ныттарф ис, удмидæг нал уыдис æмæ йын йæ цæстытыл æрхæцыдысты. Ныккуыдтой, нырдиаг кодтой. Ахæм рæстæг куыд вæййы, афтæ сыхæгтæ февнæлдтой зианы лæггæдтæ кæнынмæ. Уаты Гогкийы дæлфæдтæм лæугæйæ баззади хо Нинæ, иннæтæ раивылдысты. Иуахæмы чидæр уатмæ бауади, кæсы, æмæ Нинæ пъолыл дæргъæй лæууы. Нырдиаг ласта. Фæфæдис сæм сты. «Цы кодтай, Нинæ?!» – кæугæйæ йæм дзурынц, уигъынц æй. Чызг æрæджиау æрчъицыдта æмæ загъта: «Гогкийы къахы æнгуылдз базмæлыд æмæ ницуал бамбæрстон». Уæд бауыгътой лæппуйы дæр, йæ номæй йæм-иу сдзырдтой. Йе 'муд æрцыди Гогки, цæстæй ракаст. Уый фæстæ йæ мад Дыго йæ фыны федта йæ кæстæр тиу Гидойы (æгас нал уыди). «Гидо, сымахæй мæрдтæй куыд ничи раздæхти? – бафарста йæ Дыго, – Гогки куы раздæхти». Уый, дам, афтæ: «Гъей, Фæрнион, Гогки тынг амондджын разынд. Уый бирæ фæцæрдзæн. Стæй æвзæр нæ цæрдзæн...» Уæд та йæ Дзыго ногæй бафарста: «Уæддæр Гогки мæрдтæй куыд раздæхти?» Гидо йын ахæм дзуапп радта: «Галуæрдоны цыди. Æрдæгфæндагыл цалх асаст. Иунæг уыди. Бирæ фæцархайдта цалх бакæныныл. Уæдмæ хур æрныгуылд æмæ йæ мæрдтæ сæхимæ нал бауагътой...»

* * *

Гогкийы фæстæ ма ставддуртæгтæй наукæйы фæндагыл чи ацыд æмæ ахуыргонды ном кæмæн радтой, уыдоны цардвæндæгтæ дæр сты цымыдисаг, фæсивæдæн зонинаг.

* * *

ÆЛБЕГАТЫ БОЛАЙЫ ФЫРТ РАМАН. Биологон наукæты кандидаты, уый фæстæ докторы диссертацитæ бахъахъхъæдта К. А. Тимирязевы номыл хъæууонхæдзарадон Академийы Мæскуыйы. Уыди Цæгат Ирыстоны Паддзахадон аграрон университеты агрофакы декан. Уый фæстæ сси наукон-куыстадон иугонд «Хæххон»-ы директор. Уым наукон зонындзинæдтæ баст цæуынц дыргъты, халсарты, хоры æмæ фосдарыны куыстытимæ.

Раман кæстæр кълæстæм цыди, уæд-иу йæ ныййарджытæн

бакой кодта велосипед мын балхænут, зæгъгæ. Йæ мад Нинæ ахуыргæнæгæй фæкуыста, йæ фыд Бола хъæуы алы бæрнон бынæттæ ахста алы рæстæджыты, фæлæ сæ лæппуйы курдиат сæххæст кæнын сæ бон нæ баци. Фæрниаты Сафарбийæ мæм æрбафтыд, æнæ бахудгæ йæм нæ фæлæуудзынæ, ахæм къам: чысыл велосипедыл бады скъолайы завуч Фæрниаты Сафарби, æргуыбыр æм кодта Тменаты Барис – скъолайы директор. Иуварсæй сæм худæндзастæй кæсы бæгъæмсар, бæгъæввад лæппу. Уый уыди Раман, уæд ыл цыди 6–7 азы. Раманæн æй йæхимæ куы равдыстон, уæд бахудти: «Суанты лæппу мæм авæрдта йæ велосипед. Уæды рæстæг нæ хæрдджын уыдыстæм, нæ дарæсджын».

Сæ хæдзар сын немыц басыгътой. Бола хæстæй куы ссыди, уæд балхæдтой, дыууæ уаты дзы уыди, ахæм хæдзар. Раман-иу сæ цармæ куы схызти, уæд-иу æм йæ ныййарджытæ фæхыл кодтой: «Цæмæн та схызтæ, æркæлдзæн ныл!» 1953 азы Бола Дубинæйы хъæды каутæ сбыдта. Æрластой сæ, сæхгæдтой дзы сæ тыргътæ æмæ сæ байсæрстой. Хъæуæй куы ралыгъдысты, уæд сын сæ хæдзар балхæдта Гаугаты Гаритъо, фехæлдта йæ æмæ йæ бынаты сарæзта ног хæдзар.

Хъæууонхæдзарадон кусæджы дæсныйад райсыны бæллиц Раманмæ йæ фыд Боламæ гæсгæ фæзынди. Сæ хæдзары цармæ-иу куы схызти, уæд -иу йæ цæстыты раз æвæрд фесты йæ фыды къухæй фыст тетрæдтæ. Кæрæдзиуыл хуыд дыууадæссыфон тетрæдтæ-иу чиныгау сбæзджын сты. Се 'ддаг фæрстыл-иу æнцонкæсæн дамгъæтæй фыст уыди кæм «Овощеводство», кæм «Ветеринария», кæнæ – «Животноводство», «Агрономия». Курæггаг стæм чингуытæй-иу сæ рафыста фыд. Саби-иу фæлдæхта тетрæдтæ æмæ, бамбарæн ын нæ уыди, ахæм æхсызгон хъуыдытыл æй æфтыдтой.

Агрофакмæ фæлварæнтæ куы лæвæрдта, уæд Раман йæхицæн басасти, скъолайы ахуырыл æнувыд кæй нæ уыди, ууыл. Фылдæр скъоладзаутæ арф зонындзинæдтæ райсынмæ нæ фæтырнынц, – журналы йæ бæрæггæнæнтæ цæстахадгæ цæмæй рауайой, ууыл тынгдæр бацархайынц. «Цыдæр хуыцау мын æхххуыс кодта æмæ институтмæ цæуæн фæлварæнтæ дзæбæх радтон, – дзырдта Раман. – Студент сдæн æмæ ууыл ацин кодтон, стæй, ардыгæй мæ æгады æрвыст куы акæной, зæгъгæ, мæ цин цыдæр æрбаци. Æмæ бавнæлдтон ахуырмæ». Фыццаг ахуыры азы кæрон Ра-

ман нымад æрцыди сæ курсы хуыздæр студентыл. Лекциты цы зонындзинæдтæ иста, уыдон æм фаг нæ кастысты – алы хатт дæр-иу темæ райхалыны тыххæй лæмбынæг бакасти амынд сæрмагонд литературæ. Алы чиныджы дæр-иу ын куыд бирæ зынæмбарæн дзырдтæ разынди æмæ æдзухдæр йæ цуры дардта дзырдуæттæ. Цас æхсызгондзинад-иу бавзæрста уыдон фæлдахгæйæ. Зивæгыл фæуæлахиз. Иттæг хорз уыдысты йæ ахуыры æнтыстытæ æмæ, лекцитæм кæй нæ цыди, уый тыххæй йæм уайдзæф нæ хауди. Алы ног чиныг дæр, æнæмæнг дæ ахизын кæуыл хъæуы, ахæм æвæд, æнæсгæрст æфцæгау. Цал æфцæгыл ахизай, уал зонды æмæ уал ныфсы райсдзынæ. Дыккаг курсы йын чиныгимæ архайын сæнцон ис.

Æнтыстджын ахуыры тыххæй фылдæр стипенди иста, фæлæ йæм æндæр никæцæй ницы хауди æмæ йын хæрыны фаг йеддæмæ нæ кодтой.

Æмæ «Электроцинчы» заводы электролитон цехы æхсæвы рады чи куыста, уыцы кусджыты фарсмæ балæууыд. Чанты – кислотайы æвæрд æфсæн сыфтæ. Кислотный растворы уагъд электродыл æфсæн æрбады æмæ цъар сæвæры. Цехты уыди, уыцы цъар чи стыгъта, ахæм сæрмагонд кусджытæ. Кодтой дзы балванкæтæ. Чантæм цыди дон, уыди дзы уазалгæнæнтæ. Йæ тæвдмæ йын æдзух къух дарын хъуыди, уымæн æмæ-иу куы фегæр, уæд æфсæн электродыл нал хæцыди. Æмæ уазалгæнæнтæ хъуыди арæх сыгъдæг кæнын. Чи-иу фæхуынкъ, уыдоны афойнадыл хъуыди æнæхъæнтæй ивын. Токæй æдас уæвыны тыххæй кусæг дардта резинæ цырыхъхъытæ. Гъе, ахæм чантæй-иу цыппар бакодтой Раманы бар. Ам дæр дардта резинæ цырыхъхъытæ, ам дæр куыста æхсæвыгон. Хорз бафыдæбон кодта республикæйы газетуадзæн типографийы дæр. Райдыдта æппæты хуымæтæгдæр куыстæй – газеттæ кодта цъæпæрабæстытæ. Алы басты дæр – 50 экземпляры. Уый фæстæ сæ-иу иу ранмæ фæхаста. Ам дæр та куыста æхсæвыгон. Цехы уæлдай змæлæг нæ уыди. Йæ куысты бæрæггæнæнтæ хынцта йæхæдæг, фыста сæ журналы. Дыууæ мæйы фæстæ йæ баивтой æвзарæн цехмæ. Газет джиппы чи уагъта, уый æрцыдмæ-иу алцыдæр бацæттæ кодта. Аспирантурæйы ахуыр кодта уыцы рæстæг, фæлæ типографийы кусджыты раз йæхи афтæ дардта, цыма нырма студент у. Ам дæр та йын радтой 5-æм разряд. Цехы хицау ын бакой кодта: «Мастеры бынат дын дæттæм æмæ нæм кусын райдай». Дыууæ

сæрды арвыста Казахстаны зæрæстон зæххыты.

1995 азы хорзыл нымад æрцыди Президентон советы фæндон наукон центр саразыны тыххæй. Центры хæсыл нымад æрцыд Республикæ Цæгат-Ирыстоны – Аланыстоны иумæйаг наукон-техникон политикæ аразыны æмæ социалон-экономикон рæзты хæстæ æххæст кæнын. Наукон центрæн Устав æмæ йæ арæзты фæдыл фæндæттæ цæттæгæнæг къамисмæ бацыди æртындæс зындгонд ахуыргонд æмæ бæрнон бынæтты кусæг адæймаджы. Сæ иу у Æлбегаты Раман.

* * *

ФЕРНИАТЫ ТИМОФЕЙЫ (ЦОЛАЙЫ) ФЫРТ АЛЕКСАНДР. Райгуырди 1937 азы. Йæ фыды сурæт æрмæстдæр хуызистмæ гæсгæ æмæ мады ныхæстæй зоны. Йæ фыд Ирыстонæй цардагур афтыди Бакумæ, бацыди нефтгуыстгæнæнтæм. Алыксандр йæхи æмбарынхъом нæма фæци, уæд фыд цардæй ахицæн. Ныййарæг мад Дусинка баззади æнахъом сабитимæ. Фæсхæст сæм сæ фыды æфсымæр Батырбег Ставд-Дуртæй фæцыди Бакумæ, уый зондæй ралыгъдысты æмæ æрцардысты Ставд-Дурты. Алыксандр загъта: «Азæххыл мын мæ мадæй зынаргъдæр адæймаг нæй, фæлæ мæ-иу уый лæппу куы рахуыдтой, уæд мын-иу хъыг уыди. Афтæ-иу загътон: «æз Батырбеджы фырт дæн». Каст фæци Ставд-Дурты астæуккаг скъола, йæ аттестаты – дыууæ «4», иннæ бæрæггæнæнтæ – «5»-тæ. Бацыди Серноводскы хъæууонхæдзарадон техникуммæ. Каст æй куы фæци, уæд æй арвыстой Иркутскы облæстмæ, уæд ыл цыди 19 азы. Цыбыр рæстæг бакуыста агрономæй. Акодтой йæ æфсадмæ æмæ, Новосибирскы горæты 3 азы баслужбæ кæныны фæстæ, фæлварæнтæ радта уымы хъæууонхæдзарадон институтмæ, фæлæ ахуыр уым нæ кодта – уайтагъддæр раивта нæхи институтмæ æмæ йын каст фæци йæ аграрон факультет, иттæг хорз зонындзинæдтæ равдисгæйæ. Аспирантурæйы фæстæ æнтыстджынæй бахъахъхъæдта биологон наукæты кандидаты диссертаци. Æлбегаты Раманы фæстæ агрофакы деканы хæстæ æххæст кæнын райдыдта Фæрниаты Алыксандр.

Уæрæсейы Федерацийы хъæууонхæдзарадон министрады уæлдæр ахуырадон скъолаты Сæйраг управлени йын йæ наукон куыст банымадта агрофакты студенттæн хъæугæ ахуыргæнæн чиныгыл. Хуыйны «Основные вопросы почвенной

микробиологии». Алыксандры наукон куысты мидис хуымæтæг æвзагæй дзургæйæ ис афтæ райхалæн: зæххы цæрæгойтæ æмæ зайæгойтæй дарддæр ис, цæстæй кæй нæ иртасæм, фæлæ микроскопы фæрцы фенæн кæмæн ис, ахæм микроорганизмтæ. Уыдоны руаджы зæххы мидæг цæуы æнæуынгæ змæлд – зæхмæ цыдæриддæр бахауы, уыдон микроорганизмты руаджы руайынц, тайынц, æнхъизынц, мæрæн басгуыхынц хъацæн. Уымæй уæлдай сахадынц алы низтæй дзæбæхгæнæг хостау. Атмосферæйы уæлдæфæн йæ 78 проценты у азот. Уый руаджы уыцы æнæнымæц микроорганизмтæй рауайы органикон буарыгъæдтæ, уыдон та зæххæн басгуыхынц хъæздыггæнæг хъаймагъау.

Зæххытæ смæгуыр сты, минералон хъацæнтæ балхæнын нал у хæдзарадты бон, æмæ хорæрзад азæй-азмæ къаддæр кæны. Зæгъын, ацы къуырцдзæвæнæй цы хуызы фервæзæн ис? Алыксандр загъта: «Не стыр паддзахад ма йæ тыхы куы уыдис, уæд ыл æргом басастысты: 50 азы дæргъы зæххы хъаймагъ (гумус) фæци 25 проценты къаддæр. Зæхх чи уарзта, сомбоныл чи хъуыды кодта, уыдон æм хæдзардзин цæстæй кастысты. Ахæм адæймаг йæ армытъæпæнмæ кæсæгау зоны йæ хуымтæ, ауæрды сыл, улæфын сæ бауадзы. Алы зæххы хайæ дæр дыууæ тыллæджы исут, зæгъгæ, домдта парти æмæ йын уыцы политикæ стыр зиан æрхаста. Сомбон цы уыдзæн, уыцы сагъæсæй ссæрибар стæм. Хорæфснайæнты фæстæ-иу хуымты иу тихалæг нал баззад, афтæ сæ-иу ныккарстой, хæрз ссывд сæ-иу ныккодтой, зæхмæ ницуал цыди, гумус кæй хонынц, йæ уыцы хъаймагъ куынæг кодта. Ставд-Дурты зæххытæ æнæуи дæр мæгуыр сты. Къæвда сасирмæ тæдзæгау афардæг вæййы – уымæлуромæг æлыг фæлтæр дзы нæй. Дыккаг бæллæх та, къæвдатæ зæххæн йæ хъаймагъ кæй аласынц, уый у.

Æвæджиауы хъацæныл нымад у рапс. Байтау æй, йæ кæрдын афон хуым афæлдах. Чи фæдæлсыджыт, уыцы рапс басгуыхы гумусаразæг буарыгъæдты гуырæн, ноджы ма йæм разыны мæры дзæбæхгæнæг хъомыс дæр. Уыцы зæххытæ баулæфынц. Ацы мадзалæй ныронг пайда кодтой Мæздæджы районы, иннæ районты хæдзарадты разамонджыты цæст уый нæ уарзта æмæ уымæй ницы амбылдтой. Фæзынди, микроорганизмтæй хъæздыг чи у, нырма æрæджы кæй базыдтой, ахæм хъацæн – ирит (пелитовые глины). Разынди Дыгуры, Камбилеевкæйы æмæ Уæл-

ладжыры кæмтты. Амал æй кæнынц пайдайаг къахинæгтау. Уæдæ хæдзарадтæ æфсирджын хортæ куы æркæрдынц, уæд ын йæ кæрддзыгыл арт кæй бандзарынц, уымæй дæр рæдийынц. Зæххы знаггадхæссæгæй цы ис, уыдон амæлынц, зæгъгæ, нымайынц, фæлæ уый мæнг хъуыды у. Знаггадхæсджытæ арф нымбæхсынц, æмæ сæ арт нæ амары. Хуыздæр уаид, кæрддзыг-иу хуымгæнгæйæ куы фæдæлсыджыт уаид, уæд.

* * *

Студентæй адæймаг рауайа, зæгъгæ, уыцы хъуыды зæрдыл даргæйæ йын ахуыргæнæг зонындзинæдтæ куы дætта, йæ фидæны дæсныйад ын куы уарзын кæна, уæд рухстауæджы фыдæбон нæ фæдзæгъæл вæййы.

Раманимæ дзургæйæ дæр æмæ Алыксандримæ дзургæйæ дæриу уыцы ныхас йæхи ‘гъдауæй райгуырди. Æлбеджы-фырты хъуыды: скъолаты нæ фыдæлты æгъдæуттыл ахуыр кæнын хъæуы сабиты. Рæстæг ма сабыр хаста, уæд Раман консультаци кодта студенттæн. Бацыди аудиторимæ. Сыстадысты йын цæцæйнæгтæ, ирон лæппутæ сæ бынæттæй нæ фезмæлыдысты. Куы цыди, уæддæр та цæцæйнæгтæ æгъдауджындæр разындысты. Уый фæстæ ирон лæппуты бацагуырдта сæрмагондæй æмæ сын бауайдзæф кодта.

Фæрниаты Алыксандр загъта: «Мæ амæлæты бон мæ цы зæгъдзысты, уый мæ зæрдыл даргæйæ аразын мæ цард. Лекци кæсгæйæ кæцыдæр рæстæг æнæмæнг мæ ныхас фескъуынын. Адæймаг уæвын зын, фæлæ æгæрон диссаг кæй у, уыдæттыл хъуыды кæныныл сæ бафтауын. Дохтыр кæмæй нæ рауад, уый йæ куысты цы зиантæ æрхæссы, уый кой арæх рауайы. Фæлæ ахуыргæнæджы къуыхцытæ цы зиантæ æрхæссынц, уыдонæн банымайæн дæр нæй. Ме ‘мкусджытæй кæимæдæрты стох вæййын – фæсивæдмæ дæрзæг æвзагæй дзурынц, уайдзæфтæ æмæ сæ загъды бын фæкæнынц. Æмсæр, æмбар сæ хон, афтæмæй ныхас кæнын хъæуы кæстæртимæ».

* * *

СОХИТЫ СОСЛÆМБЕДЖЫ ЧЫЗГ ЗИНÆ. Райгуырди Ставд-Дурты. Зинæ загъта: «Мæ фыццаг ахуыргæнджытæ уыдысты мæ ныййарджытæ, мæ хистæр хотæ æмæ æфсымæртæ, æмæ абетæ раджы базыдтон». Скъоламæ цæуыны кармæ куы

бахæццæ, уæд цардысты Алагиры. Астазон скъола каст фæци иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ. Уæд, Н. С. Хрущевы рæстæг, аттестатджынтæй институтмæ бацæуыны бар лæвæрд цыди, дыууæ азы куыстадон стаж кæмæ уыди, æрмæст ахæмтæн. Зинæ цасдæр афыдæбон кодта донуадзæнты. Уый фæстæ райста зырнæйзилæджы дæсныйад, скъолайы ахуыр нæ ныууагъта, афтæмæй. Радтой йын йæ дæсныйады 4-æм къæпхæн. Фæлварæнтæ радта Хæххон металлургон техникуммæ æмæ ахуыр кæнын байдыдта, фæлæ йæ уæлæ цы скодтаид, уый нæ уыди æмæ, изæрон хайадмæ раивгæйæ, кусын райдыдта Контакторы заводы. Цыппæрæм къæпхæны дæсныйад æм кæй ис, уый хынцгæйæ йын хъуамæ цы мызд фыстаиккой, уымæн ын йе 'мбис йеддæмæ нæ радтой. Йæ бон цæрын нæ уыди æмæ ныууагъта куыст дæр æмæ ахуыр дæр. Уый фæстæ аз бацыди хæххонметаллургон институтмæ. Зинæ загъта: «Нæ бинонтæ хæринагхъуаг не 'ййæфтой, фæлæ уыцы рæстæг дарæсæй рæвдз нæ уыдыстæм». Æмæ та ацы институт дæр ныууагъта. Рацыди ма ноджыдæр иу аз, æмæ Зинæ сси Мæскуыйы историон-архивон институты ахуырдзау. Йе стипенди – 22 сомы. Исты амæлттæй ахуыр кодтаид, фæлæ сын се 'мдзæрæн радтой фæсарæйнаг студенттæн. Цыппар чызгæй Мæскуыйы æдде фатерæн бахуырстой дачæ, цæуын æм хъуыди поезды. Стипенди-иу схардз фатеры мызд æмæ фæндаггæгтыл. Æмæ та уыцы институтæй дæр æнæхай фæци. Фæстæдæр æй дохтыр суæвыны хъуыды бахизын кодта нæхи медицинон институты къæсæрæй. Райдыдта ахуыр кæнын, фæлæ... Разынди лæмæгъзæрдæ, тæригъæдгæнаг... Æма та йæ ацы бæллиц дæр бамынæг. Мединститутæй фатермæ здæхгæйæ йæ фæндаг цыди бæлццæттæласæг автобусты колоннæйы æрмадзы рæзты. Гом рудзынджы раз æрлæугæйæ-иу уымы куыстмæ кæсыныл фæци. Иуахæмы йæм зæронд лæг радзырдта: «Рацу ма мидæмæ!» Йæ разы æрлæууыд Зинæ. «Чызг, хуымæтæджы нæм дæ хъус нæ дарыс», – загъта зæронд лæг. Йæ мыггаг ын бахъуыды кодта – Пейтель. «Ахæм тæрхыл куыстон æмæ мын сæ уынд æхсызгон вæййы», – дзуапп радта Зинæ. «Уый зæрдиагæй зæгъыс, нæ?» – бацымыдис лæг. Иннæтæ дæр æм се 'ргом раздæхтой. Зинæйы бауагътой тæрхы уæлхъусмæ. Æркусын æй кодта æмæ сын уайтагъд дзыхъхъынног шайбæ сæ разы авæрдта. Æмæ йæ куыстмæ райстой. Цасдæр бакуыста. Йæ хо дагъистайнаг мой скодта, æмæ йæ

уый 1964 азы йæхимæ ахуыдта. Ахуыр кæнын райдыдта уымы хъæууонхæдзарадон институты, экономикон факультеты. Уæд фæзындысты ацы факультеттæ. Дипломон практикæйы уыди Цæцæн-Мæхъхъæлы республикæйы. Уæд райдыдтой колхозты æмæ совхозты вазыгджын хæдзарадты куыст хæдзардзин уагыл рацаразыны мадзæлттæ агурын. Уæд фæзынди хæдзарадты радиобастдзинад. Уый размæ-иу сæйраг специалистты æппынæдзух уайын хъуыди чысыл ницæй тыххæй дæр къантортæм. Уæвгæ уæды рæстæг куыстæй хи асайын фæткы хуызæн сси. Искуыдæм афардæг у, изæрæй фæзын æмæ зæгъ, машинæ кæдæм нæ тулы, ахæм ранмæ бахаудтæн. Ныр бастдзинады руаджы къантормæ æрбадзурæн уыди хæдзарады фæсвæддæр рæттæй дæр. Рæстæг фæстауæрцгонд цыди, хъуыддæгтæн уыди оперативон æгъдауæй лыггæнæн. Фæнывыл ис сæрдæны, артаджы æмæ æндæр æрмæджытæ фæстауæрц кæныны хъуыддаг дæр. Ныр куыстæй хи асайыны фадат никæмæнуал уыди. Зинæ бахъахъхъæдта диссертаци æмæ сси экономикон наукæты кандидат, акуыста, каст кæй фæци, уыцы институты. 1966 азæй фæстæмæ кусы Хæххон паддзахадон аграрон университеты, у кафедрæйы доцент.

* * *

ТАБОЛТЫ БЕТЪРЕЙЫ ФЫРТ СОЛТАНБЕГ (1946-1993). Солтанбег-иу, загътой, афтæ дзураг уыди: « Мæ зæрдæ йæ хаты – æз бирæ нæ фæцæрдзынæн. Фылдæр-фылдæр 47 азы – мæ фыд дæр æндæр нæ фæцард». Бабустæ-иу ыл кодтой, уыдон дын цы ныхæстæ сты, зæгъгæ. Цы агайæг æй уыди? Фыццаг фæскомцæдисон, уый фæстæ партион æмæ æхсæнадон куыстыты бæрнондæр бынæттæ куы ахста, йе ‘гас сагъæстæ дæр рухс фидæнимæ баст куы хъуамæ уыдаиккой, уæд уыцы мистикон хъуыды йæ сæры цæмæн ныффидар? Кæцæй зыдта, йæ фыдимæ сын цæрæнбон æмбæрцæй лæвæрд у, уый?

Солтанбегыл фараст мæйы цыди, уæд йæ фыд Бетъре амард. Йæ хо Зинæ дзырдта: «Уый размæ ныл-иу тыхст рæстæджытæ скодта. Хъуыды ма йæ кæнын: иу рæстæджы нæ мад дæр æмæ нæ фыд дæр æррынчынтæ сты æмæ нын хуыскъæл æрбахæссæг дæр нал уыди. Нартхоры ссад ма нæм баззади иу уидыджы дзаг. Сабийæн уыцы тæппæй исты афыцон, зæгъгæ, йæ ныккодтон алюмин кружккæйы æмæ йæ донимæ азмæстон. Пецы бан-

дзæрстон хъæллæгътæй. Æххæст дæр нæма рафыхти, афтæ мæ къух асыгъди, кружкæ бакъуырдтон æмæ кас акалди. Цы æнæбон разындтæн, гом тыргътæм рауадтæн æмæ ныккуыдтон. Ныр саби йæ цъæхахстæй нал æнцайы. Нæ рынчын мад слæмæгъ, дзурын дæр ын зын уыди. «Цыдæр ын куы фыхтай?» – зынтæй йæ фехъуыстон, афтæ лæмæгъ уыди йæ хъæлæс. Кас акалд, уый йын не схъæр кодтон. Нæ сыхаг Гæлæуты Нинæ нæм цæмæдæр æрбацыд æмæ уымæн адзырдтон мæ тыхстдзинад. Ауади æмæ нын хъæдуры ссæст æрбахаста. Армыдзаг уыдаид. Саби йæ зыдæй ахордта æмæ афынæй... Бетърейы æфсымæр Дзамболат бæстæйы Дард Хурыскæсæны службæ кодта. Уырдæм йемæ аласта Солтанбеджы, акодта йæ мад Сæниаты дæр. Дыууæ азы фæстæ сыздæхтысты. Рацыди ма дыууæ азы æмæ та Дзамболат йæхимæ ахуыдта Солтамбег æмæ Зинæйы æмæ йæм фесты æртæ азы æмæ æрдæг. Ирыстонмæ сыздæхтысты 1958 азы. Дзамболатæн ам цы фатер радтой, уымæй иу къуым бахай кодта Зинæ æмæ Солтанбегæн...

Йæ фæллойадон фæндаг Солтанбег райдыдта 1962 азы Михайловскы ахуырадон хæдзарады кусæгæй, уый фæстæ куыста завод «Газоаппараты», музыкалон инструментты фабричы. 1965 азы Таболты Солтанбег ахуыр кæнынмæ бацыд Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты историон факультетмæ. Каст æй куы фæци, уæд куыста арæзтадон техникумы фæскомцæдисы комитеты секретарæй, уый фæстæ та завод «Рубин»-ы ахæм комитеты секретарæй, 1970 азы сси СЦКП*-йы уæнг. 1970 азæй 1972 азмæ ахуыр кодта ФÆЛКЦ**-йы ЦК-йы Уæлдæр фæскомцæдисон скъолайы. Уый каст фæуыны фæстæ куыста ФÆЛКЦ-йы Цæгат Ирыстоны обкомы пропагандæйы æмæ культурондзыллон куысты хайады инструкторæй. 1972 азы йæ равзæрстой ФÆЛКЦ-йы Цæгат Ирыстоны обкомы секретарæй, 1975 азы та – фыццаг секретарæй. 1978 азæй 1980 азмæ Солтанбег ахуыр кодта СЦКП-йы ЦК-йы Æхсæнадон наукæты академийы. Каст æй фæци æнтыстджынæй. Уый фæстæ куыста СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы наукæйы æмæ ахуыргæнæндæтты хайады сæргълæууæгæй. Уыди Болгарийы компартийы ЦК-йы Æхсæнадон наукæты æмæ социалон уынаффæйады академийы аспирант. Æнтыстджынæй бахъахъхъæдта наукон-иртасæн куыст æмæ райста философон наукæты кандидаты ном. 1986 азæй 1989 азмæ куыста Цæгат Ирыстоны АССР-йы рауагъдæтты,

полиграфийы ӕмӕ чингуыты базарады хъуыддӕгты комитеты сӕрдарӕй, уый фӕстӕ республикӕйы культурӕйы министрӕй. 1989 азы ноябры Таболты Солтанбег сси СЦКП-йы Дзӕуджыхъӕуы горкомы фыццаг секретарь, 1990 азы апрелы та – обкомы секретарь. 1991 азы нысангонд ӕрцыд Цӕгат Ирыстоны гуманитарон иртӕстыты институты директорӕй. Йӕ хъӕппӕрисӕй уӕрӕхдӕргонд цыдысты институты дунеон бастдзинӕдтӕ, сарӕзта дунеон балц «Аланты фӕндаг». Фӕмард фӕндаггон бӕллӕхы, Италийӕ наукон балцӕй куы ӕрбаздӕхт, уымӕй дыууӕ сахаты фӕстӕ. Куыд республикӕйы Сӕйраг Советы адӕмон депутат, афтӕ стыр куыст кодта, Сӕйраг Советы фӕдзӕхстмӕ гӕсгӕ ахадгӕ ӕххуыс кодта Хуссар Ирыстонӕн.

Ацы бӕрӕггӕнӕнтӕ систон Солтанбеджы саударӕн боны мыхуыргонд ӕрмӕгӕй («Рӕстдзинад», 1993 аз, 22 сентябрь).

* * *

Бетъре йӕхи цард дӕр ӕмӕ бинонты дӕр ног цардарӕзты сӕраппонд нывондӕн кӕй хаста, Солтанбег ууыл ӕнӕ хъуыды кӕнгӕ нӕ уыдаид. Бынӕтты цы хӕрӕмттӕ цыди, уыдон Генсек кӕй нӕ зыдта, уый Бетърейы уырныдтаид. Солтанбег бӕрнон бынӕтты куы куыста, уӕдмӕ аивгъуыдта фанатикон партион разамонджыты рӕстӕг. Мӕнӕй 14 азы кӕстӕр уыди Солтанбег. Мӕ рӕстӕджы партимӕ чи цыди, уыдон зыдтой – партион билетджын ӕфтиагджын бынатмӕ ӕнӕпартионтӕй раздӕр бахаудзӕн, йӕ къуыхцытӕ дӕр ын тынгдӕр бардзысты. Уыдӕттыл дӕр ӕнӕ хъуыдыгӕнгӕ нӕ уыдаид Солтанбег.

Адӕмӕн уарзон лӕджы-иу ӕхсӕв хӕдзарӕй куы ацопп ластой, знаджы ном-иу ыл куы сбадти ӕмӕ-иу ын йӕ бинонтыл куы бахъоды кодтой, уӕд-иу хӕрзаг Бетъре ныссаджилзӕрдӕ. Бирӕ цыдӕртӕ кӕй нӕ базыдта, афтӕмӕй мӕрдтӕм кӕй ацыди йӕ фыд, уый дӕр ӕмбӕрстаид Солтанбег. Бетърейы рӕстӕджы хӕлд цыдысты аргъуантӕ, цӕуын нал уагътой кувӕндӕттӕм. Ӕгъдауылхӕст фӕрнджын лӕгӕй загътой: талынг зондыл хӕст у, цӕлхдурӕвӕрӕг. Солтанбег партион куысты тӕккӕ бӕрнондӕр бынӕттӕй иумӕ куы схызти, уыцы рӕстӕджы хъуыддӕгтӕ афтӕ разылдысты, ӕмӕ та нӕ бахъуыди ирон ӕгъдӕутты сӕр. 1990 азы «Рӕстдзинады» уацхӕссӕг Черчесты Хъасболат ӕмӕ рескомы партийы секретарь Таболты Солтанбеджы ӕхсӕн ныхас рауади уыдоны тыххӕй. Таболы-фырт загъта:

«Æгъдæуттæ адæмæн семæ равзæрдысты. Æрдзы сконд хъуыддæгтæ сты. Æрдзы ныхмæ та хæцæн нæй. Уыцы æгъдæуттæй хуыздæр æмæ рæсугъддæр ницыма æрхъуыды кодта адæймаг». Æдзæллаг уавæрмæ цæмæн æрцыдысты, зæгъгæ, уыцы фарстæн та ахæм дзуапп радта Солтанбег: «Ацы хъуыддаджы фыццаджыдæр рæдыдысты раздæры иуæй-иу партион æмæ советон оргæнты разамонджытæ». Солтанбег тынг хорз зыдта, советон хицаудзинад æгъдæутты ныхмæ райдианæй фæстæмæ æнауæрдон тох кæй самадта, уый, фæлæ уæд, 1990 азы дæр, рæстдзинад æххæстæй дзурæн нæма уыди. Æмæ йæ уыцы уавæр æнæмæнг къæмдзæстыг кодтаид.

Поэт Кокайты Тотрадз æмæ композитор Æлборты Феликс Солтанбегыл скодтой зарæг. Газет «Рæстдзинад» (1995 аз, 13 октябрь) хъусын кодта: «Фыццаджыдæр æй азарыдысты Уæрæсейы Федерацийы адæмон артист, нæ республикæйы культурæйы министр Уататы Бимболат æмæ нæ зындгонддæр зарæггæнджытæй иу Бæцæзаты Юри лæппуты къордимæ». Газеткæсджыты курдиаттæм гæсгæ мыхуыргонд æрцыди зарæджы текст:

## ТАБОЛТЫ СОЛТАНБЕДЖЫ ЗАРÆГ

*Уæ, мæнæ та ныл цы сау бон ныккодта!*
*Нæ хуыздæр лæппуйыл æрцыди фыдæлгъыст,*
*Йæ тæригъæдæй уæд сау зæхх дæр куы ныррызт,*
*Дзæнæты фæбада!*

*Уæ, сидзæр мæгуыр у, сидзæр мæгуыр у! –*
*Дæ мады зæнæг уа, дæ уарзон бинонтæ,*
*Сæ саутæ скодтой уæд ацы фыдбонты,*
*Уас уаих æрбауа!*

*«Уæ, сидзæры дур хæрдмæ дæр куы суры!*
*Йæ бындур ныззила, фæсудза цъæх арты,*
*Де ‘нæхин фæндагыл кæй зилгæ цалх атылд,*
*Уæ, «уæу-уа» фæкæна!*

*Уæ, мæнæ фæлтæр! Цы ‘мгар нæ фæхъуыди!*
*Таболты цæхæрцæст куы уыди нæ раздзог.*
*Нæ хуыздæр хъæбулæй Ир сидзæрæй аззад.*
*Уæ, рухсы фæбада!*

*Уый сау зæгъ нæ уыди, нæ уыди уый сау зæгъ, –*
*Уый судзгæ цæссыгтæ куы ныхъуырдта сау зæхх.*
*Уæ, марой фæкæна!*

*Уæ, Иры уæзæг дæ фыдæнхъæл куыд фæци!*
*Уæнгсастæй куы лæууы дæ фидар къабæзтау,*
*Дзæнæты фæбадай, Таболты Солтанбег,*
*Уæ, рухсаг!*

Ацыди не 'хсæнæй Таболты Солтанбег, фæлæ йын кинонык «Слово о друге» саразджыты руаджы хъусдзыстæм йæ зæрдæбын хъæлæс, йæ рухс мидбылхудт нæ хорззæрдæйыл æфтаудзæн. Байхъусæм, цардивæны æгъатыр рæстæджы йæ чи базыдта, уыдонæй цалдæрмæ. Байхъусæм, æгæрон зынаргъ кæмæн уыди, уыдонмæ, йæ бинонтæм:

ЙÆ ФЫРТ СЕРГЕЙ. Райдианы-иу мæ фыдимæ алцæуыл не сразы дæн, уый фæстæ мыл-иу йæ чысыл фезмæлд, йе 'нгас æмæ йæ алы дзырд дæр афтæ сахадыдтой æмæ мын-иу йæ хъуыды садджын кодта. Папæ, зæгъгæ, йæм кæд дзырдтон, уый нæ хъуыды кæнын. Кæсаг ахсынмæ кæнæ цуаны арæх цыди йе 'мбæлттимæ. Уалынмæ нæхæдæг дыууæйæ цæуын байдыдтам. Таболы-фырт, зæгъгæ, мæм дзырдта, æз дæр æй афтæ хуыдтон.

ЙÆ БИНОЙНАГ ИРИНÆ. Нæ хæдзар-иу адæмæй куы байдзаг, уæд æм уымæй хуыздæр ницы касти. Йæ хæрæфыртты-иу æрбахуыдта. Цасфæнды куы уыдаиккой, уæддæр сæ-иу æрбахуыдтаид... Сомбон цы уыдзæн, уый рагацау зоныны курдиатæй хайджын уыди. Мæхъхъæлы æрбабырсты размæ Сæйраг Советы сессийы дзырдта ахсджиаг объекттæ хъахъхъæнын хъæуы, зæгъгæ. Депутаттæй чидæртæ бахудтысты, адæмы, дам, цæмæн удаист кæныс? Рацыди цыппар мæйы æмæ мæхъхъæл Ирыстонмæ æрбабырстой. Дыууæ Ирыстоны æнæмæнг кæй хъуамæ баиу уой, уыцы хъуыды сси йæ сагъæсты сæр. Хуссар Ирыстоны хæст куы ссыгъди, уæд-иу мæ йæхæдæг мæ киноаппаратимæ уырдæм аласта. Æмæ-иу истон уыцы æбуалгъы нывтæ. Лæггад кæнын мæ кодта Ирыстонæн. Фæсарæйнаг ахуыргæндтæй исчи Ирстоны тыххæй исты ныффыста – искæй-иу æм æнæ арвитгæ нæ фæци.

ЙÆ ХИСТÆР ХО ЗИНÆ. Уынгæг уавæрты фæцардыстæм æмæ нын иуахæмы фатер радтой. Мæнæ-мæнæ йæм балидздзыстæм, зæгъгæ, уæд кæсын æмæ фатеры гæххæттытæ – йæ дзыппы. Зæгъын, адон ма дæхимæ цæмæн сты? Сæ мæрзæгæн йæ рад радта, махæй, дам, тыхстдæр сты. Дыккаг хатт та сæ завхозы фæкодта йæ разæй, бирæ сывæллæттæ, дам, ын ис.

ЗИНÆЙЫ КÆСТÆР ЗИМФИРÆ. Афтæ-иу загъта: мæ рæсугъд хотæ, сымахæн цæрын. Мæ фыдæй мын сымах хæзнатæн баззадыстут. Мæнæн ме 'фсымæры мæ цот дæр нæ баивдзысты.

ДЗÆУДЖЫХЪÆУЫ МЭР МИХАИЛ ШАТАЛОВ. Партион æмæ æхсæнадон бæрнон бынæтты кусгæйæ Таболты Сергей афæдз æмæ æрдæгмæ цы саразтаид, уый бирæты къухы дæсгай азтæм дæр не 'фтыди.

ПОЭТ ХОДЫ КАМАЛ. Йæ цардæмбал Иринæ йæ æрмæст йæ цæстæнгасæй дæр æмбæрста, рæвдаугæ æмæ йын уарзонæй лæггад кодта. Иринæ зæрдæбын лæггад кæны дыууæ Ирыстонæн дæр. Æмæ уымæн зæрдиаг арфæ ракæнын нæ хæс у.

ВАЛЕРИ ЮДИН. Дунеон балц «Аланты фæндаг» куы цæттæ кодта, уæд ын загътон: «Фæстæдæрмæ йæ аргъæвæм, фæззæгмæ. Уый цæхгæр афтæ: æмгъуыдтæ йын нал кæнæм, ныр аразинаг у. Фæззæджы нæ уымæ нал равдæлдзæн. Æгæрон бирæ уарзта Ирыстон. Йе 'мбæлццæттæй Италийæ æртæ боны раздæр æрбаздæхт æмæ йæ бафарстон: цæмæн батагъд кодтай? Уый мын афтæ: «Алцыдæр саразтон æмæ загътон: рæвдздæр – Ирыстонмæ, Дæргъæвсмæ. Итали цы у, уымæй чысыл Дæргъæвсы аргъ нæу». Уыцы ныхæстæ йæ амæлæты размæ загъта.

ХАРЕБАТЫ БАТРАДЗ. Таболы-фырты æххуыс æгас Хуссар Ирыстон дæр хатыдта: телтæ нæм цавта, телефонæй-иу æрбадзырдта. Комкоммæ нын æххуыс кодта. Ныфсвидар уыд, æххæст адæймаг. Фыссæджы курдиатæй куы фæхайджын уыдаин, уæд ын йæ цардыл ныффыстаин чиныг æмæ йæ рахуыдтаин «Таболы-фырты уроктæ». Кæддæр йæ цуры афтæ бакодтон: Сергей, хатт мæ ныфс асæтты. Уыцы ныхæстæ, дам, сылгоймагыл сфидауиккой. Ды та, загъта, лæг дæ! Ныфс нæ уагъта.

УÆРÆСЕЙЫ ПАДДЗАХАДОН ДУМÆЙЫ ДЕПУТАТ ДЗАСОХТЫ АЛЫКСАНДР. Таболы-фыртимæ нæ алы фембæлд дæр мæ зæрдыл лæууы. Уыди Ирыстоны ахсджиагдæр хъæбултæй иу. Ирон удыхъæдæй уыди æххæст, уарзта дунейы æппæт адæмты дæр. Наукæйы хъуыддæгтæ нывыл аразæджы курдиатæй хайджын кæй уыди, уый алчидæр хатыдта.

ГУМАНИТАРОН ИРТАСÆНТЫ ИНСТИТУТЫ ДИРЕКТОР ДЗУГАТЫ ЛЕВ. Дæ зæгъинаг нæма раргом уыдаид, уæд дын-иу дæ хъуыды рахатыдтаид. Таболы-фырт йæхæдæг уыди хъус æрдаринаг, ахадгæ хъуыдыты суадон. Æрыхъусын-иу кодтаид йæ нысасмæ, йæ фæндæттæм, йæ проекттæм.

ИСТОРИК-АХУЫРГОНД БЗАРТЫ РУСЛАН. Ирæттæ историйы фыдæвзарæнты рæстæг цы зонд, хъарутæ æмæ лæджыхъæд равдисынц, уымæй нæ бон у сæрыстыр уæвын. Æмæ уый хуымæтæджы нæ вæййы. Политикон царды раззагдæр рæнхъытæм рæстæг ракæны фенынджын æмæ зонынджын лæгты. Сергей уыди ныфсæвæрæг, фидар æнцой. Кæй фарсмæ балæууыд, уый хъарутыл-иу хъарутæ бафтыди. Сергейы кæимæ абарæн уаид, зæгъгæ, куы ахъуыды кæнæм, уæд ахæм лæгты агурын бахъæуы ивгъуыд рæстæджыты. XIX æнусы райдианы ахæм уыди Магкаты Зурапп, XX æнусы райдианы та – Байаты Гаппо. Æнарæзтæй бирæ баззад Сергейæн, æмæ уым мах негас дæр аххосджын стæм – нæ йæ бахъахъхъæдтам.

## ИНТЕРНАЦИОНАЛОН ХÆСЫ АРГЪ

Ставддуртаг фæсивæдæй Афганы хæсты архайдта æртæ лæппуйы.

* * *

ÆРЧЪЕККАТЫ ТЕМБОЛАТЫ ФЫРТ ХЪАЗЫБЕГ (1958-1990). Йæхи йын нæ базыдтон, йæ хабæрттæ мын кадавар ныхæстæй радзырдтой йæ зæрдæрыст ныййарджытæ Езетхан æмæ Темболат. Хъазыбеджы йæ рады акодтой службæмæ. Йæ «Æфсæддон чиныджы» кæсæм: «Дата зачисления в часть – 22/12-1981». Йæ службæйы фыццаг бынат – Кисловодск. Уырдыгæй хæдзармæ ссыди йæ писмо, схаста, зæрдæ дзы ныккæрзыдта,

ахæм хабар: «Кæнынц мæ Афганистанмæ». Афганистанæй ныййарджытæн хъусын кодта: «Æрхæццæ стæм бынатмæ». Посты куыд лæууыди, афтæ аууонæй хъавæг афгайнаджы нæмыг йæ зæнгыл сæмбæлд. Дзæбæх æй кодтой Ферганайы. Фæци дзы æхсæз мæйы. Йæхиуыл фæхæца, зæгъгæ, йæ уырдыгæй арвыстой Ташкентмæ æвваxс санаторимæ. Уым фæци йæ службæйы рæстæг. Суæгъд ис 1983 азы 13 декабры. Йæ «Æфсæддон чиныдж» кæсæм: «Наименование военно-учетной специальности и должностной квалификации – лаборант по ремонту и хранению ракет и боеприпасов». Йæ фæстæ баззадысты йæ майдан «Воину-интернационалисту от благодарного афганского народа».

Хъазыбег хæстæй раирвæзт, фæлæ йæ ам, йæ райгуырæн хъæуы, фыдбылыз æрцæуын æнхъæл ничи уыди, ахæм сабыр бон мæлæт æрсырдта. Кабинæджын «Беларусыл» Æрæфы сæрты куыд хызти, афтæ трактор фæфæлдæхти, фæдæлдон æмæ Хъазыбегæн дуар нал бакуымдта гом кæнын...

* * *

ЧЕРЧЕСТЫ ДАДАМБИЙЫ ФЫРТ РОБЕРТ. Афганы хæстæй суæгъд 1983 азы, æз сæм бафтыдтæн 1996 азы январы мæй. Дыууадæс азы фæстæ дæр Роберты мад Марйа (Гацолон) йæ фырты хабæрттæ кæронмæ нæма зыдта. Ныййарæг мын дзырдта: «Æхсæз мæйы Астæуккаг Азийы фæслужбæ кодта Роберт, уый фæстæ йæ Афганистанмæ акодтой». Роберт хæдзармæ фæзынди, нæ ныхæстæ куы фесты, уæд. Уый загъта: «Иу къуыри фæдæн нæхи горæты, уый фæстæ мæ аппæрстой Узбекистанмæ, Термезы горæты карантины фестæм 3 мæйы. Цæттæ нæ кодтой хæстмæ. Мæ ныййарджытæн ницы хъæр кодтон. Афганистаны кæй дæн, уый базыдтой æнæнхъæлæджы нæ хæстæджытæй».

Роберт Дзæуджыхъæуы №50 скъолайы 9-æм къласы ахуыр кодта, службæмæ йæ куы акодтой, уæд. Мад дзырдта: «Роберт сидты гæххæттимæ фæзынд нæхимæ. Афтæ нын: æртæ боны фæстæ цæуын службæмæ». Хуыздæр æй куыд афæндараст кæнæм, ууыл куыд архайдтам, афтæ нын фехъусын кодта ног хабар: «Райсом цæуын». Зæгъын, ног гæххæтт райстай? Цы, дам, ма æмгъуыдтæ кæнон. Йæхæдæг райста сидты ног гæххæтт. Роберт Афганистаны ис, уый бæлвырд нæ зыдтой хæдзары,

фæлæ, йæ сабийы службæйы рæстæг уыцы æнæхъола хæсты азтæм кæмæн æрцыди, уыдоны бинонтæ цы зæрдæрис æвзæрстой, уый иуварсæй кæсæг къуытты дæр хорз хатыдта. 50-æм скъолайы ахуырдзаутæй Робертимæ кæй акодтой, уыдонæй иуæн йæ мард сластой Афганистанæй. Уæд Черчесты бинонтæ уыцы скъолайы æмдзæрæны цардысты. Марйайæн ницы хъæр кодтой. Ахуыргæнджытæ, ахуырдзаутæ сæ кæуын сæ былалгъыл даргæйæ, скъолайы куы бадзыгуыртæ-дзыгуыртæ сты, уæд ныййарæджы зæрдæ рацæйрæмыгъта. «Сæррамæ мæ бирæ нал хъуыди, – дзырдта Марйа. – Мæ сæрмæ мын кæсыс? – «нагъ» дзурæгау-иу æй батылдта, цыдæр æбуалгъ хъуыды цыма йæхимæ æмгæрон нæ уагъта, Роберт фæсивæды удтæ марæн хæсты фæци 1981-1983 азты, сæмбæлди хæдзарыл, фæлæ ныййарджыты зæрдæтæ не 'рсабыр сты. «Фыны-иу схъиугæ кодта, – дзырдта мад. – Нæ сынтæджытæ фæрсæй-фæрстæм уыдысты, мæ къух æм куыд æххæсса, афтæ. Сдзырдтон-иу æм: «Æз дæн дæ цуры, Роберт, æз, дæ мад». Фыццаг рæстæджы йæ чемы нæ уыди, джихтæ кодта. Дохтыртæ нын афтæ: хъæлдзæгдзинадыл æй фæкæнут. Мæхъиты Замилæ нæм фæцæугæ, Черчесты хæрæфырт. Йæ фæндырдзагъдæй йæ сабыр кодта, удæнцой йын æфтыдта йæ рыст удыл. Сæлбиты Олег – йæ фыды хойы лæг та йæ спектаклътæ æмæ концерттæм хуыдта.

Роберты нæма федтон, уæд мын йæ мад загъта: «Ныр дæр бынтон нæма æрнывыл». Хæст куы фæцæуы Райгуырæны сæраппонд, уæд ын бамбарæн вæййы. Афганы хæстæн уал азы фæстæ æвронг зондæй чи аргъ кæны, уыдон æй бæстæйы уæды хицауады æбуалгъ рæдыдыл нымайынц. Уыцы хæсты 40-æм æфсадæн афæдз æмæ æрдæг команды кодта инæлар Борис Громов, йæ чиныг «Ограниченный контингенты» афтæ фыссы: «Не солдаты и офицеры виновны в развязывании войны. 40-я армия вошла в Афганистан не по собственному желанию... Государство поставило своих солдат в экстремальные условия. На войне им пришлось испытать колоссальные нагрузки. Не вина, а, скорее, беда некоторых девятнадцатилетних солдат, что вынести это им оказалось не по силу». Инæлар фыссы, зæгъгæ, æфсады командæкæнынады бон-иу æдзух нæ баца, нæ хæстонтæ моджахедты къухтæм цæмæн хаудысты, уый æфсæнттæ базонын. Æцæгдзинад базонæн ис, зæгъы Громов, Афганистаны чи баззад, уыдонæй алкæимæ дæр аныхас кæнгæйæ. Уацары-иу баха-

уыдысты цæфтæ, контуженныйтæ. Салдæттæ сæхи хъуыдыйы хъуамæ цыдаиккой бæрæг рæттæм, фæлæ-иу хæдæфсармтæ сæхи айстой фæсвæддæр рæттæм æмæ къæппæджы хаудысты. Уыди дзы, гилдзытæ, сæкæр, ссад чи давта æмæ сæ кишлакты чи уæй кодта, ахæмтæ дæр. Уыдонæй-иу чидæртæ фæстæмæ нал раздæхтысты. Хæсты тасæй йæ уд йæ армы чи хаста, ахæмтæ бархийæ сæхи уацары лæвæрдтой. Моджахедтæ уацайрæгтыл марынæй кæй нæ ауæрстой, хъизæмарæй сæ кæй мардтой, уыдæттæ зыдтой, уæддæр-иу сæхи уацары радтой.

Роберт Афганистаны хæсты архайдта 1981–1983 азты æмæ хорзæхджынгонд æрцыд майдантæй «За боевые заслуги». «От благодарного афганского народа» æмæ «70 лет Вооруженных сил СССР», 1984 азы йын паддзахад Дзæуджыхъæуы радта фатер, сæвæрдтой йын телефон.

*Уыдзæн ма*

*ХЪÆЦМÆЗТЫ Азæ*

# ÆРТÆ ÆМДЗÆВГÆЙЫ

## СОНЕТЫ БÆСТЫ

Куы дыл æркæна иуафон кæуæн бон,
Уæд-иу лæгау дæ уды рыстыл хъæц,
Ныффæраз-иу, дæхиуыл-иу фæхæц, –
Кæсы дæм разæй рухс фидæн – æлæндон.

Лæгъз фæндæгтыл дæ хъысмæты цалх тулдзæн,
Æмæ дæ уаг ысбаддзæнис йæ гаччы,
Дæ цард нæ уыдзæн ницæмæй дæр хъаджджын, –
Мæнгард лæджы та адæмы фарн сурдзæн.

Нæ ныхыл – фыст нæ раст æмæ нæ азым.
Лæджы номæн Хуыцау ыскæндзæн аргъ, –
Уыдзынæ иубон царды хуызтæй разы,

Уырдыг лæудзæни Рочкæ дæр дæ разы.
Уыдзæни де 'хсар тæккæ уаздæр уаргъ, –
Уæд фидар де уæхск, ма кæлæд дæ къах!

*2015.09.04*

## ХÆРЗБОН

Ахæсс, поезд, урс сахармæ уигъгæ
Ды мæ рис, мæ сагъæсты дзæкъул.
Æз мæ къух – мæ уды уидаг – тилгæ
Баззайдзынæн иунæгæй, мæ хур.

Перрон ам зæрин тæмæнтæ калдзæн,
Райдзæн хурау бæлццæтты цæсгом, –
Ме знæт удыл судзгæ цæссыг уардзæн,
Судздзæни, хæрдзæни мæ фæсмон.

Удрæбын цы бæллицтæ нывæстон,
Кодтон дын цы зарджытæ нывонд! –
С’ аххосæй ныр сау æфхæрд нывзæрстон,
Саст – мæ зæрдæ, сагъæссаг – мæ зонд...

*2015.07.05*

## ЗАЛТЫ МИТ

Залты мит уары, æхгæны мæ фæд,
Ахызтæн Ногхъæуæй, фæндаг фæхæрд.

Миты лæгæрдын, мæ къах дзы ныхсы,
Нал дæн мæ сæрæн, мæ зæрдæ тыхсы.

Ма бастай, сау катай ма ‘хгæнæд хъуыр, –
Райгуырæн къæсæр æввахс уыдзæн ныр.

Ма тыхс, мæ хорз фыд, зындзæни дæ чызг,
Срухс уыдзæн цинтæй нæ хæдзар, нæ уынг.

Ахсæв бынаты зæд – буцдæр фысым –
Бинонтыл узæлгæ уырзæй тыхсы.

Райсом та ног хабар чидæр хæсдзæн,
Æмæ та балцы дæ хъæбул цæудзæн.

*2016.10.05*

*ÆЛБОРТЫ Беллæ*

# ЦАРДЫ НЫФСÆЙ

## МЫДХУЫЗ ДЗЫККУТÆ

Куыд мысын æз мыдхуыз дзыккутæ,
Хуыцау, мæ бон æй нæу зæгъын.
Мæ зæрдæ иунæг уæд æвдисæн,
Куыд уарзтон уыдонмæ кæсын.

Куы сæ сæрдзæг быд-иу ыскодтон,
Тынау мæ къухыл сæ тыхтон.
Цыма... мæ дзыккутæ сты уыдон,
Мæ фыны иу æхсæв уыдтон.

«Мæ бур дидинджытæ», – дзырдтон-иу,
Сæ уындæй æз уыдтæн æфсæст.
Куы-иу æрбазындысты дардæй,
Уæд-иу сæ нал истон мæ цæст.

Куыд-иу ысфæйлыдтой дæ сæрмæ,
Мæ цæстыл ауайы ныр дæр,
Гæлæбутæ цыма æнæнцой
Кæнынц дæ фæсонтыл пæр-пæр.

Зымæгон бон мæнæй фæцыдтæ,
Дæ фæдтæ дын æмбæрзта мит,
Дæ фæдыл æз æнкъардæй кастæн, –
Кæд мын хæрзбон уæддæр зæгъид.

Мæ бур дидинджытæ, мæ боныл,
Сæ сæртæ дардæй мæм тылдтой,
Цыма нæ кæрæдзи æппындæр
Кæй нал фендзыстæм, уый зыдтой.

## ЗÆРЫ БОНТÆ

Ралæууыд зæры бонтæ мæныл дæр,
Митхъæпæнау дары урс мæ сæр.
О, фæлæ кæд урс ысты сæ фылдæр,
Саутæ ма дзы разындзæн уæддæр.

Ехх, æнæхуынд уазджытау уæ иу бон,
Урс хилтæ, цымлæдзæгæй фæсур!
О, фæлæ ма ме 'взонгад цы мысон, –
Ивгъуыд бонтыл нал ракæсдзæн хур.

Зонын æй, мæлæт мæ милмæ исы,
Дард кæцæйдæр дары мæм йæ цæст.
Уд зæронд, йæ бонæй уа, нæ кæны,
Царды ныфсæй никуы вæййы 'фсæст.

Зæрдæ, зæрдæ, ды сæттын нæ комыс,
Уарзыс ма сæууон хуры ыскаст,
Мысыс ма дæ цардуалдзæг, дæ хъомыс,
Уарзты монцтæ... Дидинджыты баст...

Ме 'взонгад, зыныс ма мæм ды дардæй,
Иу хатт мæм фæстæмæ дæр фæкæс,
Рухс фынау дæ мысдзынæн мæ царды, –
Ды уыдтæ цъæх уалдзæджы æнгæс!..

*ДЫГЪУЫЗТЫ Тенгиз*

# МÆ УДЫ ÆРХÆНДÆГ

* * *

Уарзын дæ сабийау, дидинджын уалдзæгау,
Араугæ хурау ысцъыхыры уд.
Дардмæ дæ аскъæфин саубæхджын барæгау,
Фестид мæ бæллицтæй сонт риуы фурд.

О, фæлæ ‘ндæрæн нывгонд уыдтæ райгуырдæй,
Амонд, æфстаугур дæм бацæуин æз,
Зарин дын адæргæй уды цъæхснаг мыртæй,
Ризгæ цырагъау мын фенис мæ хуыз.

Хъал чызг, ызнæт сæнттæй дард дæ сæууон хурау,
Сау дыуугæ цæсты нæ тавдзысты мæн.
Сонт уд дæ уаты раз балæууы адгурау,
Дзаг мæй дæм мидбылты худы фæлмæн.

* * *

Тулы сау рæстæг мæн, уæрдондзалхау;
Райгонд нал вæййын уды рагсæнттæй, –
Хилын ауунау, рох æндæрæгау,
Сонтæй агурын æз дæ къахвæдтæ.

Тары бамбæхста арв йæ фæдджитæ,
Тар, цыллæ хæдон скодтой бæлæстæ,
Урс æврагъы бын хох йæ къуыпп синтæ,
Галау равдыста, бур мæйы фæстæ.

Риумæ бахъуызыд уарзт æнафоны, –
Раст кæлæн уысмау зæрдæ баризы...
Дидин адæргæй хъавгæ ратонын,
Сау цæстыты ‘нгас риумæ бахизы.

Дуне басабыр, мæй йæ бур тынтæ
Уафы таримæ кæмтты, хъугæмтты...
Уды ‘лхынцъытæ, уды сау зынтæ,
Тайынц стъалытау арвы хъулæтты...

## ЗÆРОНДЫ КАТАЙ

*Айдæны... Нæ зæронд айдæны...*
*мæ рагбонты уарзтон кæсын.*
*Фæлæ ныр...*

Æнхъырдтæ цæсгомыл –
æрмæстдæр æрхуым.
Мæ уды
æрхæндæг –
æдзухдæр фысым.
Уыдис мæм бæллицтæ,
рæуфæндтæ дзæвгар...
Уыдтæн æз æрыгон, æнæмæт, хæдбар.
Æз не ‘нкъардтон рæстæг,
æз не ‘нкъардтон кар.
Нæ Иры уæлахиз,
нæ ирон æвзаг
мæ сабийы бонтæй
мæ удæн – зынаргъ.
Уыдтæн сæ сæрыстыр,
уыдтæн сæ æз буц,
мæ развæндаг кодта
сæ уаз цырагъ рухс.
Мæ сонт уд нæ зыдта
мæнгард митæ, хин.
Ныр сайынц мæн абон
дæлимонтæ, зин.
Мæ зæрдæ гуымбылау
мæ риуы ныццахст.
Ныддур и, ныкъкъуырма,
фыдцæрдтытæй – саст.

Нæ цардæн йæ хъоргъы
æз агурын рухс...
О ацы мæнг дуне,
о ацы æнус!..
У рæстæг æгъатыр,
нæ сомбон – тызмæг,
ысаслам рæстдзинад,
ысаслам и лæг.
Æрцахста йæхицæн
Иудæ бынат.
Нæ намысыл бафтыдта, оххай, цъæх арт.
Æнафоны амард йæ хъузджы мæ уд,
æнафоны батади былтыл мæ худт.
Уæддæр æз мæлæтмæ
куы нæ кæнын тагъд!..
Дыргъдоны бæлæстæ
нæма фæдæн сагъд.
Мæ зарæг кæронмæ
нæма фæдæн зард...
Нæ дзыллæйы æфхæрд,
сæ сау хъыг, сæ хуыз
мæ удæн – йæ катай,
мæ удæн – йæ рыст...

* * *

Хæхты цыргъ дæндæгтыл
Аскъуыдис мигъæн йæ хæдон...
Донфурдтæ – фæндæгтыл,
Байдзаг и донæй нæ сæндон.

Фæлæ зæринбардуаг,
Бахудт йæ мидбыл дунемæ...
Æмæ къæвдайы таг,
Ахаста рухс арвмæ йемæ.

Сабитæ донцæдты
Згъордтой бæгъæмвадæй уынгты.
Хурзæрин тар хъæдæй
Рахуыдта æрдузмæ сырдты.

Рухс бон йæ пæлæзы
Бамбæрзта мигътæн сæ тары,
Арф комы хъæлæсы
Къаннæг цæугæдон ныззары...

* * *

Нæ фæзындтæ нырма...
Æнхъæлмæ дæм кæсын, –
Æддейæ уары мит.

Нæ фæзындтæ нырма,
Мæ сонт зæрдæ ысхъиуы...
Зæрдæхсайгæ нынкъард...

Нæ фæзындтæ нырма...
Æнхъæлмæ дæм кæсын
Афтид уынджы изæры...

Нæ фæзындтæ нырма,
Нæ дыргъдоныл, цыма,
Арв стъалытæй лæзæры...

Нæ фæзындтæ нырма...
Уæдмæ нæ уынг ысрухс,
Мæ сæрыхъуынау сурс...
Нæ фæзындтæ уæддæр...

* * *

Уырынгтæ фæндæгтæ,
Хъысмæтау уыдысты гуыргъахъхъ.
Поэты рæусæнттæн
Кæд чи кодта искæдбон аргъ.

Тæссар тигътыл цардмæ...
Бæргæ æз ныфсджынæй хызтæн,
Нæ бæллыдтæн кадмæ:
Нæ Ирæн цырагъау сыгътæн!..

Фæлæ мын æвæрдта
Ӕгъатыр бæдæ лæг цæлхдур, –
Мæ уд мын ыссæста,
Ӕмæ мыл ныттар ис мæ хур...

Фыдазты гуылфæнты
Мæ бæллицтæ схастой æвзар...
Тыхст уды гуырæнты
Чырысти ныррухс кодта тар.

## МӔ ХӔЛАРЫ БӔЛЛИЦ

Ысбырдзынæн æз хуры хаутыл арвмæ,
Фæлидздзынæн æз Африкæмæ тагъд...
Ныллæсдзынæн æз денджызæн йæ арфмæ,
Кæд нал хъусин нæ сыхæгтæн сæ загъд...

## НӔ ГӔДЫ

Махмæ хъулон гæды ис...
Уарзы хъармы бадын Гисс!..
Тулы урс къуыбылой къуымты,
Куы фæцæййызгъоры тыргъты...

Хус сыфтæр æнхъæлы мыст,
Уый ахсын вæййы йæ куыст...
Иубон сау хъæндилмæ каст,
Стæй йæм батахтис æваст...

Алыгъд сау хъæндил – тæппуд,
Ауади мæгуыр йæ уд...
Касти ма йæ фæдыл Гисс,
Кодта хинымæры дис...

## ГИНО ÆМÆ ЦЪИУТÆ

Уалдзæг нæм æрцыди тагъд…
Ног кæрдæг фæзынди рагъыл.
Нурытæ дæр фестæм сагъд,
Малусæг тыгуыртæй – дагъы.

Цъиутæн сарæзтам хæдзар,
Балбæласыл уым нæ кæрты
Хъусæм сын æдзух сæ зард,
Цин æнкъарæм мах сæ зæлты…

Гино у æгæнон, слæст
Цъиуты ног арæзт хæдзармæ.
Райста уис нана ‘мæ – дзæхст,
Алыгъд наддзæф Гино дардмæ…

## НОГ ТӔЛМАЦТӔ

*Фазиль ИСКАНДЕР*

# УӔРӔСЕЙЫЛ ХЪУЫДЫГӔНӔГ ӔМӔ АМЕРИКАГ

Мæскуыйы стыр уазæгуæттæй иуы тыргъ. Къæлæтджынты бадынц æмæ ныхас кæнынц Уæрæсейыл хъуыдыгæнæг æмæ америкаг уазæг.

– Цы ми кæнынц Уæрæсейы?

– Уæрæсейы хъуыды кæнынц.

– Æз дæ, цы хъуыддагыл хæст сты Уæрæсейы, зæгъгæ, уымæй фæрсын.

– Æз та дын дзуапп дæттын: хъуыды кæнынц Уæрæсейыл.

– Нæ мæ бамбæрстай. Æз фæрсын: цы кусынц Уæрæсейы? Исты хъуыддагыл хæст сты æви нæ?

– Уæрæсейы хъуыды кæнынц Уæрæсейыл. Уый æппæт хъуыддæгты сæр у Уæрæсейы.

– Гъемæ хорз! Уæрæсейыл хъуыды кæнын кæд сæ ахсджиагдæр хъуыддаг у, уæд ма уымæй дарддæр истæуыл хæст сты? Уæрæсейыл хъуыдыгæнджытæй уæлдай ма Уæрæсейы æндæр адæм ис?

– А-а, ды иннæты кой кæныс? Уæд æй æвиппайды загътаис. Уæрæсейы бирæтæ хъуыды кæнынц Уæрæсейыл, иннæтæ та къæрныхтæ сты.

– Иууылдæр?

– О, иууылдæр давыны куыст кæнынц.

– Уый та куыд? Уæрæсейыл чи хъуыды кæны, уыдонæй фæстæмæ иннæтæ къæрныхтæ уой, уымæн уæвæн куыд ис?

– Ис ын, ис уæвæн. Стæй æцæгæй дæр афтæ у. Уæрæсейы уый алчидæр зоны.

– Æмæ къæрныхты ныхмæ исчи тох кæны?

– Нæ кæны.

– Цæуылнæ?

– Нæй тохгæнджытæ.

– Ау, куыд нæй? Уый бынтон æнæсæрфат ми куы у!

– Уæрæсейыл хъуыдыгæнджыты тохтæ-йедтæм не ‘вдæлы. Къæрныхтæ та хъуамæ сæхи ныхмæ куыд хæцой? Фæлæ Уæрæсейы къæрныхтæ тынг бирæ давынц, зæгъгæ, афтæ зæгъæн нæй. Уыйхыгъд, Уæрæсейыл чи хъуыды кæны, уыдон бирæ сты.

– Æмæ уæддæр, Уæрæсейыл хъуыдыгæнджытæ фылдæр сты æви къæрныхтæ?

– Уымæн банымайæн нæй.

– Цæуылнæ?

– Уымæн æмæ Уæрæсейыл хъуыдыгæнджыты æндæр хъуыддæгтæм не ‘вдæлы. Къæрныхты хабар дæр афтæ у. Давынæй дарддæр ма æндæр хъуыддæгтæ кæной, уый сын не ‘нтысы.

– Омæ къæрныхты давынæй иучысыл уæддæр нæ февдæлы?

– Нæй сын ахæм рæстæг, зæгъгæ дын куы зæгъын.

– Ау, куыннæ сын ис ахæм рæстæг?

– Уымæн æмæ къæрныхты давынæй гæзæмæ куы февдæлы, уæд уыдон дæр Уæрæсейыл хъуыды кæнынмæ бавналынц.

– Уæдæ къæрныхтæ дæр Уæрæсейыл хъуыдыгæнджытимæ баиу вæййынц, нæ?

– Ай-гъай!

– Æмæ афтæ гæнæн куыд ис?

– Фыццаджыдæр, къæрныхтæ иугæр Уæрæсейыл хъуыдыгæнджытимæ баиу сты, уæд семæ фæивддзæгтæ вæййынц. Æмæ сын уый пайда у. Дыккаг та уый, æмæ сцымыдис вæййынц, Уæрæсейыл хъуыдыгæнджытæм гæсгæ. Уæрæсейыл хъуыды кæнгæйæ уыдон фырцинæй хурмæ худын байдайынц, мæймæ – кафгæ. Цас фылдæр хъуыды кæнынц Уæрæсейыл, уыйбæрц давынмæ цыбæлдæр свæййынц. Сæ ныфсыл ныфс бафты!

– Кæд афтæ у, уæд Уæрæсейыл хъуыдыгæнджытæн сæ фæллад уадзгæйæ сæ бон у Уæрæсейыл хъуыдыгæнджыты æмæ къæрныхты нымæц банымайын. Чи сæ цæйбæрц у, уый хъуамæ бæрæг уа. Науæд бæстæ бабын уыдзæн.

– Уыдæттæм никæй æвдæлы. Уæрæсейыл хъуыдыгæнджытæ

дæр сæ фæллад уадзгæйæ æнцад нæ бадынц – уыдон дæр фæныхилынц къазнамæ.

– Ау, уыдон дæр давгæ кæнынц?

– Уæрæсейыл хъуыды кæнгæйæ нæ давынц! Хуыцау бахизæд! Фæлæ уæгъд рæстæджы къазнамæ сæ къух баирвæзы. Уæдæ хъуамæ цæмæй цæрой? Стæй куы фæдавынц, уæд къæрныхтимæ баиу вæййынц – цæмæй сæ митæ ма рахъæр уой...

– Куыд кæсын, афтæмæй Уæрæсейы адæм иууылдæр Уæрæсейыл хъуыды кæнынц.

– Омæ æз мæ ныхас уымæй куы райдыдтон!

– Цæвиттон, Уæрæсейы иууылдæр давыны куыст кæнынц. Суанг Уæрæсейыл хъуыдыгæнджытæ дæр?

– Уæдæ сын цы гæнгæ у? Уæрæсейыл хъуыдыгæнджыты хъуамæ паддзахад куыд дара? Цæрын та сæ хъæуы. Устытæ æмæ сын сывæллæттæ ис, æмæ уыдон дæр чысылæй фæгæрз вæййынц Уæрæсейыл хъуыды кæнынмæ кæнæ давынмæ.

– Æмæ паддзахад Уæрæсейыл хъуыдыгæнджыты дарын куы байдаид, уæд, æвæццæгæн, давгæ нал кæниккой, нæ?

– Уымæй ницы рауаид. Къæрныхтæ ædылы не сты – æвиппайды сæ сæр ацахсид, давынæй Уæрæсейыл хъуыды кæнын пайдадæр кæй у, уый, æмæ Уæрæсейыл хъуыдыгæнджытæй агæпп ласиккой.

– Омæ уыдæттæм хъуамæ иставæр къамис кæсид, цæмæй хъуыддæгтæ нывыл цæуой, уый тыххæй!

– Уымæй ницы рауайдзæни. Бынæттæ уарынц, давгæ чи кæны, уыдон. Гъемæ къæрныхты Уæрæсейыл хъуыдыгæнджытæ рахондзысты æмæ сæ паддзахады хардзæй хæсдзысты.

– Хорз. Куыд бамбæрстон, афтæмæй Уæрæсейы хъуыддæгтæ афтæ сты: дæле чи ис, уыдон подворовывают, уæллæгтæ та – надворовывают. Афтæ нæу?

– Цытæ дзурыс, цы? Бæрæг у, æндæрбæстаг кæй дæ æмæ не 'взаджы лыстæг фæзилæнтæ, нæ психологи кæй не 'мбарыс, уый. Подворовывать амоны, кæмæй давыс, уымæн аргъ кæнгæйæ, хиуыл хæцгæйæ, архайын. Ома, æфсарм дæ зæрдыл даргæйæ дав. Цæвиттон, давынц кæугæйæ. Дав æмæ ку, ку æмæ дав!

– Уыцы иу рæстæг?

– Уæдæ, уæдæ!

– Уæле чи ис, уыдонæй та надворовывают зæгъæн нæй, нæ?

– Ницы хуызы. «Надворовывать» – махмæ ахæм дзырдæн

йæ кой, йæ хъæр дæр нæй! Уæле чи ис, уыдон давгæ кæнынц, давгæ!

– Æмæ уæле чи давы, уыдон дæллаг давджытæй цæмæй хицæн кæнынц?

– Куыд цæмæй?! Уæллæгтæ парахатæй, æнæфсармæй давынц, бинæгтæ та хиуыл хæцгæйæ, гæзæмæты. Куы йæ загътон: давынц æмæ кæуынц.

– Уыцы иу рæстæг?

– Уыцы иу рæстæг!..

– Абон Уæрæсе цы уавæры ис, уымæ цы цæстæй кæсыс?

– Цыппæрвадыг темпытæй хæлы, капитализм та нæм æрсымбырсымгæнгæ цæуы...

– Уæдæ цы чындæуа? Иууылдæр æмдзыхæй дзурынц: уæ бæстæ лæууы сæрсæфæны тæккæ былыл...

– Уæрæсейыл хъуыдыгæнджытæ цалдæр вариантыл кусынц, цæмæй бынсæфт ма фæуæм, уый охыл. Æз иу удæй, тæккæ тæссагдæр уавæрыл хъуыды кæнгæйæ, æрымысыдтæн ахæм вариант. Ныртæккæ йæ æз æмæ ды афæлвардзыстæм. Дæ цæстытыл-ма ауайын кæн, цыма сæрсæфæны стæм.

– Æз та дзы чердыгæй бахаудтæн. Æз америкаг куы дæн.

– Омæ уал нырма теоретикон хуызы дзурæм уыцы вариантыл. Цæмæй фæтарстæ? Æмбарыс, тæхæм сæрсæфæны бынмæ, фæлæ ма нын дзурыны фадат ис. Истæмæй мæ афæрс.

– Цæмæй дæ хъуамæ афæрсон?

– Куы дын загътон, теоретикон фæлварæн у. Фæрс мæ. Æз та дын дзуапп дæтдзынæн!

– Ницы дын æмбарын. Сæрсæфæны-ма тæхæм æви йæ бынмæ ныххæццæ стæм?

– Нырма тæхгæ кæнæм. Бынæй дзурынтæ-йедтыл нал уыдзыстæм.

– Уæдæ уым не сæфт æрцæудзæн, зæгъыс?

– Гæнæн ис æмæ нæ къæхтæй бын ныттонæм æмæ дарддæр тæхæм.

– Æмæ къæхтæй бын куыд ныттондзынæ?

– Ис ын ныттонæн. Пушкин хуымæтæджы нæ загъта: вышиб дно и вышел вон. Бын дæр нæхи бын у. Æмæ иугæр бæстæ æнæхъæнæй бамбыд, уæд бын дæр æмбыд у. Нæ къæхтæй бын ныттондзыстæм æмæ дарддæр тæхдзыстæм...

– Æмæ иннæ быны онг тæхдзыстæм?

– О, иннæ быны онг. Иннæ бын дæр мах у. Уый дæр, ай-гъай, – æмбыд. Ныттондзыстæм та йæ нæ къæхтæй æмæ та – йа мардзæ! – тæхгæ.

– Мæнмæ гæсгæ, уырыссаг æвзаджы бынæн бирæон нымæц нæй. Уымæ гæсгæ, уыцы фыццаг бынbackup баззайдзыстæм.

– Рæдийыс! Уырыссаг æвзаджы алцыдæр ис. Дзырд «дно» бирæон нымæцы уыдзæни «донья». Алцыдæр нæм бæстон ны-мад у. Æгас цæуæд стыр æмæ хъомысджын уырыссаг æвзаг!..

– Афтæ дæм кæсы, æмæ нæ къæхтæй дыккаг бын дæр ныт-тондзыстæм?

– Фидарæй мæ уырны. Иугæр бæстæ иууылдæр æмбыд у, уæд æппæт бынтæ дæр бамбыдысты, ай-гъай. Арæдувдзыстæм сæ нæ къæхтæй.

– Уæдæ уæ бæстæ кæй бамбыд, уый хорз у, зæгъыс? Уый фæрцы удæгасæй баззайдзыстæм?

– Ууыл гуырысхо ма кæн. Иугæр æмбийгæ, уæд æнæхъæнæй!

– Цы хорз у, доньятæ, ома бынтæ кæй ис, уый. Æгас цæуæнт доньятæ!.. О, фæлæ алцæмæн дæр кæрон куы ис. Утæппæт до-ньятæ кæм уыдзæни?

– Гæнæн ис æмæ иуахæмы дзæнæты тæккæ бæстастæу нæ тъæпп фæцæуа. Уæд ма махæй амондджындæр кæм уыдзæни!.. И!..

*Уырыссаг æвзагæй*
***Бес-Уæгъуыры*** *тæлмац*

# ЦАРДЫ ЗИЛДУХÆНТЫ

*РУБАЙТЫ Барис*

## ЙÆ ЦЫРТ ЙÆХÆДÆГ СÆФТЫДТА

Ныхас цæуы Танхълаты Ҭемырболаты фырт Жоркæйыл. Номæвæрæн бон ыл номæн Георги равзæрстой, фæлæ ирон адæммæ ис, царды чи нæ хъæуы, ахæм æгъдау: сывæллонмæ дзурынц сывæллæтты æвзагæй, йæ куадзæны ном дæр уыцы уацары бахауы, æмæ нæ урс дадалиджын хистæртæ «аккæтæ», «тузиктæ» æмæ « муриктæй» баззайынц. Кæмæдæр ма кæсагæй йæ къæдзил куыд æрхауд, афтæ ма Георгимæ дæр йæ хорз номæй Жоркæ аззад, афтæмæй та гыццылæй дæр лæджы ном хæссыны аккаг уыд.

Жоркæ райгуырд Джызæлы 1910  азы 15 октябры, уæздандзинадæй, исбонæй æмæ адæмы хорз цæстæнгасæй æфсæст чи уыд, ахæм бинонты 'хсæн. Бинонтæ, хистæрæй кæстæрмæ сæ кæрæдзийы хорз æмбæрстой, алчидæр дзы йæ хæстæ куыд æмбæлы, афтæ æхххæст кодта æмæ цард цæджджинагау фыхти. Жоркæйы фыд Темырболат æмæ йæ мад  Дадинка, Куындыхаты чызг, сæ цоты хæринаг æмæ дарæсæй æфсадынæй уæлдай сæ хъус  тынгдæр дардтой хъомыл кæнынмæ.

Жоркæ йæхи æмбарын куы байдыдта, уæдæй фæстæмæ бæллыд тæхæг суæвынмæ. Хæлæг-иу кодта тæхæг мæргътæм, кæсынæй не 'фсæст арвы цъæхы цæргæсты зилдухмæ. Скъолайы фæстæ уымæн бацыд, тæхджытæ кæм цæттæ кæнынц, уыцы училищæмæ. Каст æй фæци иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ.

Уыцы рæстæджы 1939 азы Цæгаты полюсы сæрты Америкæмæ чи атахт, уыцы М. М. Громов хуызтæр  тæхджытæй арæзта йæхицæн бригадæ æмæ уый тыххæй бахатыд Жоркæмæ дæр, фæлæ уый не сразы, Ленинграды тæхджыты цы хæстон академи цæттæ кæны, уырдæм бацæуыны хъуыды йæм кæй уыд, уый тыххæй. Хъыгагæн, йæ фæндонæй ницы рауад – цыд Финляндийы хæст, æмæ Жоркæйы дæр уырдæм арвыстой.

1940 азы радон æфсæддон хæс æхххæст кæнгæйæ йæ хæдтæхæг зениткæты нæмгуыты рæмыгъдæй тынг хъыгдард

баййæфта æмæ знаджы зæххыл æрхаудта. Тæхджытæн сæхи парашюттæй раппарын бантыст. Уый тыххæй йæхæдæг афтæ дзырдта: «Уыцы зымæг уыд тынг уазал æмæ митджын. Кæдæм æрхаудтæн, уый уыд уыгæрдæн, кæнæ чи ныссалд, ахæм цад. Йæ иу былгæрон – стыр дур. Уый мæм хæстæг фæци æмæ йæ фæстæ æрбадтæн, финæгтæ куы ‘рбахæстæг сты, уæд. Хæцæнгарзæй мæм уыд æрмæст пистолет æмæ рагацау банымадтон цал гæрахы дзы фæкæндзынæн, уый, фæстаг гæрахæй та хъуамæ мæхи фехстаин. Цалдæр гæрахы фæкодтон, афтæ мæ фæстæрдыгæй æрбахстой, æмæ мæ рахиз уæхск фæцæф. Мæ пистолет арф миты смидæг. Уайтагъд мыл амбырд сты, мæ дзыппыты мын аджигул кодтой. Документтимæ партбилет куы федтой, уæд сæ цин нал баурæдтой, удæгас коммунист сæм уацары кæй æрбахауд, уый тыххæй. Бамбарын сын кодтон ме уæхск цæф кæй у уый, æмæ уайтагъд, уырыссагау сыгъдæг чи дзырдта, ахæм æрыгон сылгоймаг дохтыр æрбакодтой. Мæ цæф мын куы бабаста, уæд худгæйæ загъта: «Рана не страшная, до свадьбы заживет, как на хорошей дворняжке». Мæ алыварс цы адæм уыд, уыдонæй никæмæй банкъарддтон зул цæстæнгас æмæ тызмæг ныхас.

Дарддæр цы уыдзæн, ууыл хъуыдыгæнгæйæ, мæ галиу къухæй мæ дзыппæй систон æнæхæлд папиросы къопп, иу тамако бадымон, зæгъгæ. Мæ ног «фысымтæн» дыккаг хатт сæ зæрдæтæ бахъæлдзæг сты, «Наша марка» куы федтой, уæд. Зыдтой, уæрæсейаг «Наша марка» æппæты хуыздæр папиростæ кæй сты. Бар ракуырдтой æмæ рагон хæлæртты хуызæн æмхуызонæй сдымдтам. Æртæ мæйы фæстæ дыууæ паддзахады баныхас кодтой уацайрæгтæ баивыныл, æмæ уæд ссæрибар дæн æмæ мæ 1941 азы арвыстой хæцæг æфсадмæ».

Уыцы хæст Финляндийы хæст хуыдтой, æцæгæй та уыди немыцаг фашисттæн фæлварæн хæст Советон Цæдисы ныхмæ. Финлянди уыди Германы сателлит æмæ йын уый йæ зæххыл, мах арæнмæ тынг хæстæг, сарæзта хъахъхъæнынадон арæн кæй хонынц, ахæм фидар, уыди ног хæцæнгарзæй ифтонггонд. Хуыдтой йæ «линия Маннергейма». Уымæй уæлдай ма сармадзанты хæтæлтæ кæцæй рацыдысты, уыцы къултыл ныхæст уыд резинæйæ тынг бæзджын цъар. Уый руаджы хæсты фыццаг бонты фидар халын нæ куымдта танкты æмæ сармадзанты нæмгуытæн. Пырхгонд æрцыд бомбæппарæг хæдтæхджыты руаджы.

Уым хъазуатонæй архайдта Танхълаты Жоркæ дæр, фæлæ, хъыгагæн, дыккаг хатт уацары бахауд.

Знаг дæрæнгонд æрцыд, æмæ уацары цы æфсæддонтæ уыд, уыдон дæр суæгъд сты. Фæлæ ныр хъуыддæгтæм каст æрцыд æндæр цæстæй, карздæр домæнтæм гæсгæ – уацары чи бахауд, уыдоны банымадтой райгуырæн бæстæ уæйгæнджытыл, цы уавæрты бахаудысты, уый не ʻвзаргæйæ. Ахæмтæн та тæрхонгонд цыд фондз æмæ ссæдз азы ахæстоны фæбадын. Уымæй уæлдай ма сын бар нæ уыд, хиуæттæ нæ, фæлæ кæимæфæнды дæр бастдзинад дарын. Сæ бинонтæм сын писмо фыссын дæр нæ уагътой. Сыбырмæ сæ ластой æхгæд вагæтты.

Жоркæ писмо ныффыста сæхимæ, æмæ йæ Мæскуыйы рудзынгæй раппæрста курдиатимæ: чи йæ ссара, уый йæ ацы адресмæ гæсгæ почтæйæ куыд арвита. Писмо фæрнджын адæймаджы къухмæ бахауд æмæ хæдзарыл сæмбæлд. Уый уыд фыццаг æмæ фæстаг писмо æхсæз азы дæргъы. Бинонтæ, Жоркæ кæм службæ кодта, уыцы æфсæддон хайы хицауадмæ цалдæр хатты арвыстой курдиат, цæмæй сын фехъусын кæной, лæппу кæм и, уый, фæлæ алы хатт дæр истой  иухуызæн дзуапп: æнæбæрæгæй фесæфт.

Фыдыбæстæйы Стыр хæстæй чи раирвæзт, уыдон сæ хæдзæрттыл куы сæмбæлдысты, Жоркæ та куы нæ зынд, уæд йæ бинонтæ 1946 азы Жоркæйæн хист скодтой, уæлмæрдты йын цырт ныссагътой...

Уыцы рæстæджы æцæгæй цы цаутæ цыд, уыдон Жоркæ йæхæдæг никуы дзырдта нæдæр бинонтæн, нæдæр адæмæн. Фыст цы хабæрттæ цæуынц, уыдон-иу радзырдта, алы хатт-иу æм йæ гуырæнбонтæ бæрæг кæнгæйæ цы хуынд адæм æрбацыд, уыдоны курдиаттæм гæсгæ.

Йæ мысинæгтæ дзургæйæ-иу алы хатт дæр йæ цæсгом уыд æнкъардхуыз: æвæццæгæн-иу йæ зæрдыл æрлæууыдысты, цы зынтæ бавзæрста, уыдон.

Сыбырмæ куы ныххæццæ сты, уæд сæ вагæттæй рахизын кодтой æмæ сæ хъомты тард кодтой митæхгæд фæндагыл. Адæм тыхсынц уазал æмæ фæлладæй, бунт кæнын байдыдтой, афтæмæй бахæццæ сты, стыр клуб кæм уыд, ахæм цæрæн бынатмæ. Адæмы мидæмæ бакодтой æмæ сын загътой, дарддæр йæ бон цæуын кæмæн нал у, стæй цæуынмæ чи нæ хъавы, уыдон сценæмæ схизæнт, зæгъгæ. Сценæмæ куы схызтысты, уæд, киноаппаратæн

цы хуынчъытæ ис, уыдонæй автоматы къæр-къæр райхъуыст – се ‘ппæты дæр бындзагъд ныккодтой.

Удæгасæй чи баззад, уыдон бынатмæ ныххæццæ сты, раст цыма цалдæр мæйы уæззау низæй фæсадысты, уый хуызæнæй. Ам дæр та Жоркæйæн хæрзгæнæг фесты йæ уынд, уæнгты конд. Бынæттон сыбираг цуанон ахæм лæппулæджы рынчынхуызæй куы федта, уæд ын тынг фæтæригъæд кодта æмæ йын хай кæнын байдыдта, цы тæрхъустæ æмæ мæргътыл цуан кодта, уыдоны дзидза æмæ басæй. Афтæмæй фæллад лæг сабыргай йæхиуыл фæхæцыд.

Кусгæ та кодтой, адæймаг æнæнизæй кæцæй нал рацæудзæн, ахæм ран. Уый тыххæй йæхæдæг афтæ дзырдта: «Станоктæ змæстой цыдæр æлыг æмæ дзы транспортертæм æппæрстой армыдзаджыйас къоритæ. Уыдонæй мах кодтам тымбыл лауызгæндтæ, стæй сæ æвæрдтам сæрмагонд пакетты æмæ контейнерты. Уыцы контейнертæ цехæй ластой æд противогаз æмæ хæцæнгарз хæстонтæ. Хæринаг нын лæвæрдтой, кæмæн цы йæ зæрдæ агуырдта, уый. Мах дис кодтам, нæ хицауадыл цавæр хур ракаст, ахæм хорз цæстæй нæм кæсын цæмæн райдыдтой, зæгъгæ. Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй цы æлыгимæ архайдтам, уый уыд ураны æрзæт.

Ацы уавæрты нæ чи сæвæрдта, уыдон хорз зыдтой, ахæм ран чи бакуса, уымæн радиацийы аххосæй бирæ цæрæнбон кæй нæй, уый. Цы куыст кодтам, уый та бæстæйæн тынг ахсджиаг уыд æмæ йын ницы ауæрстой, уымæн нæм афтæ хорз зылдысты. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæджы нын нæ уавæртæ арæх бæрæг кодтой Æппæтдунеон Сырх Дзуары кусджытæ. Иу хатт ме ‘мбалимæ уыдонæн фæдзырдтам, куыд службæ кодтам, уацары цы уавæрты бахаудтам, æнæ аххосæй нæ ахæстоны кæй бадын кæнынц, нæхи та хæцæг æфсадмæ кæй фæнды, фæлæ нæ уырдæм кæй нæ уадзынц. Раттам сæм фыстæй нæ курдиат æмæ сын тынг балæгъстæ кодтам , цæмæй уый коммæ Сталиныл сæмбæла. Уыдон æвæццæгæн зæрдиагæй бацархайдтой, æмæ 1946 азы фыццæгæм апрелы рацыд Сталины бардзырд, кæй ссæрибар стæм, уый тыххæй.

Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй æхсæз азы дæргъы Жоркæйæн йæ бинонтæм исты хабар фæкæныны бар нæ уыд. Ныр, куы ссæрибар, уæддæр ницы фехъусын кодта, афтæмæй 1946 азы йæ хæдзарыл сæмбæлд. Йæ бинонтимæ хъазгæ-худгæйæ

уæлмæрдтæм ныццыд æмæ йæхи къухæй йæ цырт сæфтыдта... Уый фæстæ ма кадджынæй фæцарди йæ уарзон хъæубæсты ‘хсæн, йæ фыны та алы ‘хсæв дæр архайдта хæдтæхджытимæ.

Танхълаты хæдзары бинонтæн сæ фарн иу фæлтæрæй иннæ фæлтæрмæ цæуы. Жоркæйы цардæмбал Гуыдиаты-Танхълаты Надя зæрдæвæрдæй зыдта йæ сæрыхицауы алы къахдзæф дæр. Уый ма, чи зоны, афтæ диссаг нæу, фæлæ Надя цæрæнбонты фæкуыста райдайæн кълæсты ахуыргæнæгæй æмæ фæстаг боны онг хъуыды кодта йæ ахуырдзауты се ‘ппæты дæр, зыдта сын сæ царды алы фæзилæн дæр. Хъыгагæн абон Надя не ‘хсæн нал ис, 2015 азы йæ цардæй ахицæн.

Жоркæ æмæ Надя схъомыл кодтой, сæ ном сын адæмы астæу кадимæ чи хæссы, ахæм хорз кæстæртæ – дыууæ лæппуйы æмæ дыууæ чызджы.

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ




*Нæ равдысты фендзыстут* **Акъоты Алинæ** цы ахадгæ чиныг рауагъта: *«Фотографы и фотографические ателье Владикавказа», зæгъгæ, уырдыгæй кæй райстам, уыцы къамтæй.*



*Гуытъиаты Елмæсхан æмæ Дари.*



*Дзæуджыхъæуы сæр Байаты Гаппо,*
*галиуырдыгæй дыккаг, йе 'мкусджытимæ,*



*Дзиуаты Гибыцо. Сылгоймаджы ном бæрæг нæу.*



*Гусаты Федыр*
*æмæ Хъайттаты Тæтæрхъан.*



*Церекаты Гозегка (галиуырдыгæй) йе ‘мбалимæ.*



*Чи сты, уый бæрæг нæу.*



*Хетæггаты-Кочынон Мария (Дзго).*



*Галиуырдыгæй рахизырдæм (лæууынц): Хуыдиаты Хъылцыхъо, Гуыдиаты Гаска, Хуыдиаты Пари. Бадынц: Есенаты Муссæ, Гуыриаты Госа, Есенаты Дуса, Гуыдиаты Мысост, æппæты разæй Гуыдиаты Ксеня.*



*Хататы (Борыхъуаты) Поло йæ мад æмæ сабитимæ.*



*Урс кительджын у Къеуросты Алыксандр, дыууæ лæгæй иу у Елбайты Дзандар, иннæ бæрæг нæу; сылгоймæгтæ сты Саламты Элмус æмæ Собиты Улитæ.*

*Къамисджытæ: Азаниты Семен æмæ Дзанайты-Хетæггаты Алыксандр.*





*Дзгойты Ксеня (Гуыдион) йæ сабитимæ.*



*Акъоты Зинаидæ (астæуæй бады) йæ хæлар чызджытимæ. 1929 аз.*





*Кæйдæр хурты хуртæ.*



*Суинаг.*

# ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

## СТИХИ ВНЕ ВРЕМЕНИ

.

В осетинской советской литературе есть немало произведений, правильно отражающих советскую жизнь. Однако в творчестве даже самых крупных осетинских писателей встречаются ошибки, грубо искажается наша социалистическая действительность.

Для примера можно взять стихотворение «Завещание умирающего воина» и поэму «Красноармеец будет рассказывать» выдающегося осетинского поэта Нигера.

В них понятие о Родине ограничивается рамками Северной Осетии. Стихи посвящены Великой Отечественной войне Советского Союза с гитлеровскими захватчиками. Но если бы под этими произведениями не стояли даты, то невозможно было бы понять, что речь идет о Великой Отечественной войне. Ни одного слова не сказано о том – кто враги. В стихах не показано, что Великая Отечественная война велась не только за Осетию, но за весь Советский Союз, и что участниками этой войны были не только осетины, а и все другие народы нашей страны. Отрыв Осетии от других братских республик – таков порок этих произведений.

Национальная ограниченность особенно остро выразилась в поэме «Красноармеец будет рассказывать».

...Умирает красноармеец-осетин на поле боя. На родном языке он зовет на помощь товарищей. И вдруг другой раненый осетин подошел на его зов к нему. «Неужели ты осетин?» – с удивле-

нием спрашивает умирающий. «Да, я осетин», – отвечает ему товарищ. И умирающий доверяет ему завещание и просит, чтобы его похоронил.

Создается впечатление, что на поле боя к умирающему осетину не мог подойти ни русский, ни украинец, ни грузин, что если бы к умирающему не смог подойти осетин, то он умер бы один, всеми покинутый.

«... в советском патриотизме, – говорил товарищ Сталин, – гармонически сочетаются национальные традиции народов и общие жизненные интересы всех трудящихся Советского Союза. Советский патриотизм не разъединяет, а наоборот, сплачивает все нации и народности нашей страны в единую братскую семью».

Эта единая братская семья не получила своего отражения в названных произведениях Нигера.

Приходится только сожалеть, что эти стихи вошли в первый том собрания сочинений Нигера и в хрестоматию по осетинской литературе для школ и факультета осетинского языка и литературы педагогического института.

Ошибки старшего поколения писателей не могли не сказаться на росте литературной молодежи, которая в своем творческом формировании много унаследовала от писателей старшего поколения.

Наиболее ярким примером в этом отношении может служить сборник стихов «В объятиях жизни» Мухарбека Кочисова, получивший высокую оценку осетинских критиков. Большинство стихов сборника написано вне советского времени. В стихотворениях «Отечество», «Мой долг», «Кавказ» дается неправильное представление о советской Родине, точно такое же как и в поэме Нигера.

Также неверно, извращенно отражается наша советская действительность в стихотворениях «Домой», «Письмо матери».

В стихотворении «Домой» автор пишет:

*Мне вспоминается*
*Наш маленький дом.*
*И стены в копоти,*
*И потолок его в саже.*

*И тебя я, мать родная,*
*Вспоминаю,*
*Будто опять на лето*
*Мне что-то чинишь.*
*(Подстрочный перевод).*

Подобные строки мы встречаем и в «Письме матери»:

*Мне вспоминается родной наш аул*
*Деревянные стены и земляной наш пол.*

Вот о чем повествуют эти стихи! Они нисколько не отображают зажиточную культурную жизнь в современной осетинской деревне. Извращает советскую действительность и другое стихотворение М. Кочисова – «Последний привет». Лирический герой оплакивает свою встречу с возлюбленной девушкой, прощается с нею, им не суждено любить друг друга из-за ее сурового отца.

*Я любил тебя, тому свидетель ты сама,*
*Но из-за твоего сурового отца*
*...Наша любовь оборвалась.*

Мотив этого стихотворения был живуч в старое время, и питался феодально-родовыми отношениями, когда женщина не могла быть хозяином своей судьбы. Спрашивается, с какой стороны характеризует сюжет этого стихотворения наших советских юношей и девушек?

Многие произведения молодых писателей, посвященные Великой Отечественной войне, страдают теми же недостатками – отсутствием чувства времени.

Герой поэмы «Завещание» В. Бегизова – старик Кудайнат – подарил сыну Битару свой кинжал и с этим оружием последний отправляется бить врага.

Трудно поверить, что автор в этой поэме изображает советских людей, их быт, их борьбу с фашистами. Достаточно привести, к примеру, несколько строк из поэмы:

*Смотрел он в золу, там их чуреки плясали,*
*Над огнем висела цепь.*
*Эта цепь была полна благ испокон веков*
*Очаг их являл древнюю картину:*
*По бокам его опорой лежали кизяки,*
*Для растопки среди них были сосновые щепки.*
*Горели медленно, выпуская черный дым,*
*На рогах оленя, служащих вешалкой, висели*
*Двухстволка, сабля, древний щит.*

Вся эта музейная экзотика напоминает о давно минувших временах. Кто поверит автору, что это – зарисовки современной жизни? Герой поэмы «Завещание» перед уходом на фронт заручается покровительством святого Георгия Победоносца. Может быть это тоже одна из картин современной жизни?

Странно, что такое, полное нелепостей, явно фальсификаторское произведение появилось под редакцией известного осетинского писателя Дабе Мамсурова.

Отход от реальной современной жизни присущ и многим другим нашим молодым поэтам. Это порождает большое количество идеологических извращений, тормозящих развитие советской осетинской литературы, притупляющих острое оружие художественного слова в деле коммунистического воспитания масс.

Молодым писателям необходимо решительно освободиться от влияния ошибок, имевших место в осетинской литературе, серьезнее изучать современную действительность, идти в ногу с жизнью, чтобы правильно отображать ее в художественных произведениях, чтобы более успешно служить благородному делу коммунистического воспитания советских людей.

***Х. Джиоев,***
***Т. Кибизов.***
*«Молодой большевик», 24 сентября 1952 г.*

# АРВИСТОН

ЭЗОПЫ ХАБÆРТТÆ

## 53. ЗÆХКУСÆГ ÆМÆ ЙÆ ФЫРТТÆ

.



Иу зæхкусæгæн йæ фырттæ æппынæдзух хыл кодтой. Фыд сын бирæ хæттыты дзырдта, хæларæй цæрут, загъта, фæлæ йæм лæппутæ нæ хъуыстой. Уæд сын фыд æрбахæссын кодта уисты куырис, стæй сæм æй радта, адон ма уæ исчи асæттæд, загъта. Фæлæ фырттæй никæй бон ссис куырис асæттын. Уый фæстæ фыд куыристы баст райхæлдта æмæ лæппутæм уистæ иугай радта. Уыдон-иу сæ æнцонæй асастой.

Уæд сын зæхкусæг загъта: «Уæдæ сымах хабар дæр афтæ у: кæд хæларæй цæрат, уæд уыл ничи фæтых уыдзæни, хылтæ куы кæнат, уæд та уæ алчидæр басæтдзæн».

Æмбисонд амоны, æмзонд, æмзæрдæ адæмæн никæй бон ницы у, кæрæдзи чи не 'мбары, уыдон та æдзухдæр састы бынаты уыдзысты.

## 62. ДЕЛЬФИНТÆ ÆМÆ ТЪЕПА

Дельфинтæ æмæ акулæты 'хсæн хæст стынг ис æмæ куыдфæстæмæ кодта карзæй-карздæр. Уалынджы дын донæй тъепа скаст æмæ афæлвæрдта тохгæнджыты бафидауын кæныныл. Уæд ын иу дельфин афтæ: «Дæу хуызæн иргъæвæджы ныхæстыл сразы уæм? Фæлтау не 'ппæты дæр Хуыцау цагъды фæкæнæд!»

Адæмы 'хсæн дæр ис ахæм ницæйæгтæ: сæхи равдисыны охыл тыхст заманты се 'мбæхсæнтæй рацæуынц.

## 64. КУЫДЗЫ ХÆСТ

Иу лæгыл куыдз фæхæцыд æмæ æххуысагурæг ратæх-батæх кæнын систа. Чидæр ын бацамыдта, дæ туг, дам, къæбæрæй ныссæрф, æмæ дыл цы куыдз фæхæцыд, уымæн æй аппар. «Уый гæнæн нæй, – загъта лæг. – Æз афтæ куы бакæнон, уæд мыл сахары æппæт куыйтæ дæр сæхи андзардзысты».

Фыд-зæрдæ адæймæгтæ дæр афтæ сты: хорз сын бæсты нæ цæуы.

## 89. ГЕРМЕС[1] ÆМÆ ТИРЕСИЙ[2]



Гермесы æрфæндыди, Тиресиймæ дæсныфæрсæджы курдиат æцæг ис æви нæ, уый базонын. Гъемæ йын хизæнуатæй йæ галтæ адавта, йæхæдæг та адæймаджы хуызы бацыди, сахармæ йæхи байста æмæ Тиресиймæ æрфысым кодта. Тиресий куы базыдта, йæ галтæ йын адавдæуыд, уый, уæд Гермесы дæр йемæ акодта, афтæмæй сахары кæронмæ рацыди, цæмæй мæргъты тахтмæ гæсгæ базона, йе стуртæ йын чи адавта, уый. Фæрсы Гермесы, цавæр маргъ, дам, уыныс. Гермес ын фыццаг загъта, уæлæ, дам, галиуырдыгæй рахизырдæм чи тæхы, ахæм цæргæс уынын. Тиресий йын афтæ, уый дам, мах чи хъæуы, ахæм маргъ нæу. Уæд та йæм Гермес дзуры, уæлæ бæласыл иу халон бады æмæ куы уæлæмæ скæсы, куы дæлæмæ æркæсы, зæгъгæ. Тиресий йын дзуапп радта: «Уыцы халон арв æмæ зæххæй ард хæры, мæ галтæ ма мæ къухы бафтдзысты æви нæ, уый дæуæй аразгæ кæй у, ууыл».

Ацы æмбисонд арæзт у къæрныхты ныхмæ.

---

[1] Гермес – грекъаг мифологийы нымад у рагондæр хуыцæуттæй иуыл.

[2] Тиресий – грекъаг мифологийы куырм дæсныфæрсæг, царды сусæгтæ йæ бон раргом кæнын кæмæн уыд, ахæм.

# 116. КРАБ ÆМÆ РУВАС

Краб денджызæй рабырыд æмæ былгæрон цыдæртæ хордта. Æххормаг рувас дын æй куы ауынид æмæ, æндæр цæуыл фæхæст уыдаид, уый йын кæй нæ уыд, уымæ гæсгæ уыцы чысыл удыл йæхи ныццавта. Краб бамбæрста, аирвæзæн ын кæй нал ис, уый æмæ, бецау, мæллæг хъæлæсæй загъта: «Афтæ мын хъæуы, денджызы цæрæг куы дæн, уæд мæ ам цы хъуыддаг уыди?»

Адæмæй дæр ис ахæмтæ: сæхи хъуыддæгтæ ныууадзынц æмæ сын æрдзæй æцæгæлон чи у, ахæм цыдæр-мыдæртыл ныззæгæлæг вæййынц.

# 125. ХАЛОН ÆМÆ СЫНТ

Адæмы-иу, фидæны цытæ ‘рцæудзæн, уый базонын куы ‘рфæндыд, уæд-иу кастысты сынты миниуджытæм, цæвиттон, уыди сын дæсныфæрсæджы хуызæн. Уый тыххæй сынтмæ халон хæлæгæй мардис æмæ уый дæр æрфæндыдис ахæм суæвын. Гъемæ дын иухатт фæндагыл адæмы къорд æрбацæйцæугæ куы ауынид. Халон бæласыл абадт æмæ хъуахъхъ-хъуахъхъ кæныныл схæцыди. Бæлццæттæ йæм ракастысты æмæ дисы бафтыдысты. Стæй сæ иу сдзырдта: «Нæ фæндаг дарæм, уый сынт нæу, фæлæ халон æмæ йæ хъæртæ ницы давынц».

Адæмæй дæр ис ахæмтæ: тыхджындæрты фæзмын байдайынц, фæлæ сæ фæндтæ фæсыкк вæййынц.

# 126. ЦЪИАХ ÆМÆ РУВАС

Цъиах æрбадти легъвибæласыл, ауыдта йыл, чи нæма сцæттæ, ахæм зымæгон дыргътæ æмæ сфæнд кодта, уыцы дыргътæ куы сцæттæ уой, уæдмæ банхъæлмæ кæсын. Цъиахы афтæ бадгæ федта рувас, цæмæ æнхъæлмæ кæсы, уымæй дæр æй бафарста, стæй йын загъта: «Мæ хур, дæхицæн зæрдæтæ дзæгъæлы æвæрыс уыцы дыргътæй, мисхалы бæрц дæр дын сæ ницы пайда ис».

Зыд æмæ кæрæф адæймаг æвдыстæуы ацы æмбисонды.

## 127. ХАЛОН ӔМӔ КУЫДЗ

Халон Афинæйæн нывонд кодта æмæ куывдмæ хуыдта куыдзы дæр. Уæд ын куыдз афтæ: дзæгъæл нывæндтыл фæлхæстæ кæныс? Усхуыцау дæ йæ удхæссæг куы уыны. Халон ын дзуапп радта: «Ӕз дæр нывонд уый тыххæй кæнын. Зонын æй, нæ мæ уарзы, уый, фæлæ йæм куы бакувон, уæд мæм кæд хуыздæр цæстæй ракæсид».

Адæмæй дæр бирæтæ афтæ тынг тæрсынц, æмæ се знæгтæн лæггад кæнын байдайынц.

## 129. ЦЪИАХ ӔМӔ БӔЛӔТТӔ

Цъиах федта, бæлæттæм бæлондоны хæринагæй хорз кæй кæсынц, уый. Гъемæ дын йæхи урс ахорæнæй куы сахорид æмæ сæм йæхи куы байсид. Цалынмæ æдзæмæй цард, уæдмæ йæ бæлæттæ нæ хъыгдардтой, уымæн æмæ йæ бæлон æнхъæлдтой. Фæлæ дын иуахæмы цъиахæй æнæнхъæлæджы, «хъуахъхъ», зæгъгæ, куы сирвæзид. Бæлæттæ йæ базыдтой, уæдæ цы уыдаид æмæ йæ ратардтой. Бæлæтты хæринагæй æнæхай куы фæци, уæд цъиах йе 'мбæлттæм æрбаздæхти. Фæлæ йæ пакъуытæ урс кæй уыдысты, уымæ гæсгæ йæ уыдон дæр сæхимæ нал бауагътой, махæй нæ дæ, зæгъгæ. Афтæ гъе, цъиах дыууæрдыгæй пайда ратонынмæ хъавыди, фæлæ йæ иуырдыгæй дæр хай нал фæци.

Адæймаг хъуамæ хиуылхæцгæ, бонзонгæ уа, цы йæм ис, уымæй фылдæр ма дома, зыд лæг та йæ рæбынтæм цы фæхæссы, уый дæр ын нæ батайы.

## ВАСИЛИ КЛЮЧЕВСКИЙЫ ХЪУЫДЫТӔ

♦ Ӕрхæндæг мын мæ уд æвзоны, царды уынæртæ хъусгæйæ. Куыд æмтъеры, æнæсæрфат, æгъатыр сты, æвæдза, уыдон! Куыд мæ рæхойынц, цы æвирхъау рис мыл æфтауынц! Куыст мын æвæдза хос бæргæ фесты, фæлæ дзы исдугмæ куы фæиппæрд вæййын, уæд та зæрдæ ногæй ныммæтъæл вæййы. Гъæй-джиди, æдзæрæг быдырмæ кæнæ хъæдмæ фæлидз!

♦ Адæм фидæны сæрвæлтау кусыны бæсты свæййынц ивгъуыд заманты цагъартæ.

♦ Уыдоны разæнгард кæны зонд нæ, фæлæ аппетиттæ.

♦ Куыдз æрдзæй рахаста ахæм миниуæг: æнæ рæйгæ нæ фæразы.

♦ Æмæ ныр адæм алы ран дæр, æппæт аргъуанты дæр æмæ æппæт къабакты дæр хъæлæсыдзагæй куы ныхъхъæр ласынц «Боже, царя храни!», уæд мæн та, мæ цæссыгтæ тыхтæ-фыдтæй уромгæйæ, фæфæнды мæхимидæг базарын: «Боже, храни бедный народ, бедную Россию!»

♦ Чырыститæ кометæтау стæм хатт фæзынынц, фæлæ Иудæтæ къогъотæй уæлдай не сты – бæз-бæз кæнынц алы рæтты.

♦ Ацы лæгæн йæ зонд бынтондæр фæцыд, уымæн æмæ йæ зонддæжын суæвын фæндыд.

♦ Цæрæгой æмбаргæ удгоймаг нæу, фæлæ инстинктмæ гæсгæ кæны æмбаргæ хъуыддæгтæ. Адæймаг та, æмбаргæ уæвгæйæ, цæуы инстинкты ныхмæ æмæ кæны æнаккаг митæ.

♦ Ацы лæг йемыдзаг у афтидæй.

♦ Уырыссаг ахуыргонд лæг хъуыды кæны, уырыссаг паддзах йæ адæмæн разамынд куыд дæтты, афтæ. Йæ зæрдæмæ чи нæ цæуы, ахæм закъоныл куы сæмбæлы уырыссаг паддзах, уæд та фæзæгъы: «Æз закъонæй уæлдæр дæн». Æмæ аиуварс кæны зæронд закъон – хъуыддаг банывыл кæныны бæсты. Уырыссаг ахуыргонд лæг, йæ хъуыдыты æмвæзæй уæлдæр чи у, стæй логикæйæ фидар, ахæм истæуыл куы сæмбæлы, уæд фæзæгъы: «Æз логикæйæ уæлдæр дæн», æмæ хъуыдыйæн йæ апп бамбарыны бæсты йæ иувæрсты ацæуы. Хицæутты тыхмиты халдих у хъуыдыйæн тыхми кæнын дæр.

♦ Ай адæймаг нæу, фæлæ масты гуцъула.

## ЦЫБЫР ИНТЕРВЬЮ

Левадæ-Центры фæстагдæр бæрæггæнæнтæм гæсгæ уæрæсейæгтæй Сталин йæ уд, йæ дзæцц кæмæн у, уыдоны нымæц схæццæ 54 процентмæ. Афтæмæй 2014 азы сталинисттæн сæ бæрц 50 процентæй къаддæр уыди.

«Цæмæн афтæ у?» – бафарстам зынгæ фыссæг Владимир Войновичы.

– Мæнмæ гæсгæ, – загъта Войнович, – фыццаджыдæр уый

уымæн афтæ у, æмæ адæм абоны цардæй разы не сты: æвирхъау коррупци æмæ дæвдтытæй сæ зæрдæ фæцъæх. Миллиардтæ чи радавта, уый хатгай сбæрæг вæййы, фæлæ йæ рауадзынц (зæгъæм, хъахъхъæнынады раздæры министры). Гæртамхортæ, къæрныхтæ æфхæрд нæ цæуынц, ноджы бирæ æнаккаг хъуыддæгтæ уынæм бæстæйы, уаг, æфсарм нал ис, æмæ адæмы цард бынтон раууатмæ æрцыди. Стæй иудадзыг йæ куыст кæны пропагандæ. Зæгъæм, ток-шоуы архайджытæй иу дзуры, Сталин æвзæр уыд, иннæ та йæ хорз хоны. Æмæ хъуыддæгтæ бæстон чи нæ зоны, уый гуырысхо кæнын байдайы: æвæццæгæн, Сталин тызмæг уыди, фæлæ рæстзæрдæ, фæуæлахиз фашизмыл æмæ а. д.

– Диссаг та куыннæ у, алы аз дæр бæстæйы вæййы репресситы амæддæгты мысæн бон, скъолаты ахуыр кæнынц Солженицыны, уæлдæр скъолаты та – Шаламовы... Уыдон æвиппайды рохуаты аззайынц æмæ залымы-тираны ингæнмæ дидинджытæ хæссын байдайынц.

– Адæмы фылдæр хай хъуыды ницæуыл кæны, алцæмæ дæр кæсы стырзæрдæйæ. Цы информаци сын дæттынц, уый дæр сæ не ‘ндавы. Ныртæккæ та пропагандæ кусы, бæстæйы сæргъы цæмæй æгъатыр, тызмæг лæг куса, ууыл.

– Уæдæ уый хицæуттæн пайда у, нæ?

– О. Æмæ æппæт мадзæлттæ дæр арæзтæуы лæмæгъ сæрымæгъзтæ хирдæм здахынæн. Лæмæгъ сæрымæгъзтæ та ис адæмы фылдæр хайæн. Кæддæр, æвзонг ма куы уыдтæн, уæд дзырд «адæм» не ‘ппæт дæр табуйагыл нымадтам: адæм зонджын сты, алцыдæр æмбарынц, алцыдæр зонынц. Ныр ахæм хъуыдыйыл хæст нал дæн. Линкольн дзырдта: бирæ рæстæг сайæн ис адæмы чысыл хай, цыбыр рæстæг – иуæй иуты, фæлæ иудадзыг æппæт адæмы сайæн нæй. Мæнмæ гæсгæ, Линкольн раст нæ уыд – æппæт адæмы дæр сайæн ис, цæйбæрц дæ фæнда, уыйбæрц...

***Надежда Гужева,***
*Собеседник, №12, 2016*

# ЦИТАТÆТÆ

* * *

Нæ паддзахад нын экономикæйæ фæиппæрд кодтой, растдæр зæгъгæйæ та – расхуыстой йæ. Бæстæйы цыдæриддæр уыд, уыдон приватизаци скодтой, æмæ Уæрæсе, Наполеон æмæ йын Гитлер цы фыдтæ ракодтой, уымæй цалдæр хатты стырдæр бæллæхтæ байййæфта. Мæнмæ афтæ кæсы æмæ хъуамæ нæ мидбæстон политикæ фæстæмæ раздахæм, бæстон сбæрæг кæнæм нæ сахъæттæ, нæ рæдыдтæ æмæ раст фæндагыл æрлæууæм.

Ныгуылæйнæгты амындтытæм гæсгæ нæ экономикæ къуырцдзæвæнмæ чи батардта, уыдон æй уырдыгæй раздахыныл бацархайой, уымæн уæвæн нæй. Америчы Иугонд Штатты финансты раздæры министры хæдивæг Пол Грей Робертс цы загъта, уый зонут? Мæнæ йæ ныхæстæ: «Кæд Уæрæсейы фервæзын фæнды, уæд æй хъуамæ Путин бахъахъхъæна ныгуылæйнаг экономикон институттæй, стæй Ныгуылæны кæй сахуыр кодтой, уыцы неолибералтæй».

***Дмитри Валовой,***
*профессор, экономикон наукæты доктор.*
*КП-Северный Кавказ, 2016, №111*

* * *

Эксперттæ фæдис кæнынц: Уæрæсейы мæгуырты нымæц схæццæ 19,2 милуанмæ. Уый у, 2015 азы цас уыдисты, уымæй 3 милуаны фылдæр. Цæвиттон, Уæрæсейы мæгуыртæ Казахстаны æппæт цæрджытæй дзæвгар фылдæр фесты. Бæстондæр æркæсгæйæ та базонæм: уæрæсейæгтæн сæ фылæр хай сты уæззау уавæры, сæ къухтæм æмхасæнтæ кæнынц, сæ мызд æнæхъæнæй дæр схардз вæййы хойрæгтæ, коммуналон хæстæ æмæ хостыл... Иудзырдæй, бæстæйы адæмы цард бонвыддæр кæны.

*АиФ, №12, 2016*

* * *

...адæмы егъау хай абоны хицæутты фарс кæй у, уый мæм парадокс нæ кæсы! Уырыссаг адæймагæн афтæ æнцондæр у,

ахæм цардæй цардис æдзухдæр, æнусты дæргъы. Дæ бæсты хъуыддæгтæ чи араза, чи дын æххуыс кæна, дæ сæрыл чи сдзура, ахæм куы уа, уæд ма дæ хуыздæр цы хъæуы?..

Зæрдæ риссы, абон Уæрæсейы дзырд «покаяние» рохуаты кæй баззад, ууыл. Патриотизмы тыххæй хъæрахст кæнынц. Дæ тæригъæдты тыххæй дæм фæсмон æрцæуæд, уый та цы у æмæ кæй хъæуы?!. Цæмæн хъуамæ кæнæм фæсмонтæ-йедтæ, цæмæн тыхсæм не 'нæсæрфат митыл, кæд æмæ мах æппæтæй хуыздæр, æппæтæй тыхджындæр, æппæтæй хъæздыгдæр æмæ æнæаипдæр стæм, уæд? Рæдыдтыл, тæригъæдтыл фæсмон кæнын уæрæсейæгты фылдæр хайæн сæ фæсонæрхæджы дæр нæй. Æнæ уыдæттæй дæр Уæрæсе фæразы, цæры. Фæлæ дæ галиу митыл фæсмон куы нæ кæнай, уæд цæрæн куыд и?..

Чехов цы дзырдта, уый абон дæр ахсджиаг у æмæ йæ æххæст кæнын хъæуы! Æртахгай, дам, мæ буарæй тæрын цагъардзинад. Уый канд мах æхсæнадмæ нæ хауы, фæлæ æндæр бæстæтæм дæр. **Цагъары психологи, оххай, ис адæмы фылдæр хаймæ, стæй алы нацимæ дæр. Æмæ дзы буар сыгъдæггæнæн ис, чи нæ бæззы, уыцы митыл фæсмон куы кæнай, сæ фесафыныл куы архайай, уæд дæр. Фæсмон кæнын æвронггæнæн хосы хуызæн у.**

***Николай Досталь,***
*кинорежиссер, сценарист,*
*Уæрæсейы адæмон артист.*
*АиФ, 2016, №38.*

## ДÆХИ ТЫХХÆЙ МАКÆД ДЗУР

Дæхи тыххæй куы дзурай, уæд дæ кæнæ хи стауын бахъæудзæн – уæд дæ схъæл æмæ къуыдипп рахондзысты, кæнæ хи фауын – уый та тæппуды миниуæг у. Хи койтæ кæнын зонды нысан нæу, стæй дæм чи хъуса, уыдон дæ сфæлмæцдзысты. Суанг хуыздæр æмгæртты 'хсæн дæр дæхи кой ма кæн, уæлдайдæр бæрзонд бынат куы ахсай, уæд – уым дæ бирæ адæмимæ дзурын хъæудзæн æмæ дæхицæй хъазæнхъул сараздзынæ...

***Бальтасар Грасиан***

# АУУОН

Иу райдзаст бон дын кæрдæг талм бæласы аууонмæ бауырдыг:

– Цы дзедзырой кæныс иудадзыг, де 'нæсæрфат хъеллауæй зæрдæцъæх куы фæдæн!

– Уый æз нæ дæн, зæххардыстæн, – сдыбал-дыбул кодта аууон. – Скæс-ма уæлæ арвмæ. Бæлас æнкъуысы арвæй хуры 'хсæн – дымгæ йæ куы скæсæнырдæм акъул кæны, куы ныгуылæнырдæм.

Кæрдæг йæ цæстæнгас арвмæ систа. Æмæ дын фыццаг хатт куы ауынид бæласы. Уæд йæхинымæры багуым-гуым кодта: «Ай диссаг нæу – мæнæй ма бирæ бæрзонддæр кæрдæджытæ ис!»

Уæдæй фæстæмæ дзы уайдзæф нæ, фæлæ хуымæтæджы ныхас дæр никуыуал ничи фехъуыста.

***Джебран Халиль Джебран***

# ДУНЕЙЫ ÆМУÆЗ ХÆЙТТÆ

Ходжа Насреддины фæрсынц:

– Райсомæй адæмæй иутæ иуырдæм цæмæн фæцæуынц, иннæтæ та – иннæрдæм?

– Иууылдæр иуырдæм куы цæуиккой, – дзуапп радта Насреддин, – уæд дунейæн йæ дыууæ хайы æмуæз нал уаиккой æмæ афæлдæхид.

# УСЫ ЗОНД

– Дæ усæн йæ зонд фæцыд.

Насреддин хъуыдыты аныгъуылди.

– Цæуыл хъуыды кæныс, Ходжа? – фæрсынц æй адæм.

– Мæ усæн йæ сæры зонд никуы уыд. Уæд дзы хъуамæ цы фæцыдаид? Ууыл хъуыды кæнын, – дзуапп радта Ходжа.

# РУХС ИННÆТÆН

Иуахæмы Ходжа йе 'мбæлттæн раппæлыд:

– Æз бынтон талынджы дæр цæстæй хорз уынын.

– Æмæ уæд æхсæвыгæтты фанаримæ цæмæн фæцæуыс?

– Цæмæй мыл исчи йæхи ма скъуыра, уый тыххæй.

# АНЕКДОТТÆ

* * *

– Ды ænаккаг дæ, лымæн нæ фæлæ! Мæ удхæссæг дæ фед-тон! Дæ мардмæ дæр нæ бацæудзынæн!
– Æз та бацæудзынæн дæ мардмæ!

* * *

Дыуувæ расыггæнаджы нуазынц арахъхъ. Иу дзы иннæмæн хъаст кæны:
– Нæхимæ куы бацæуын, уæд мæм мæ ус лæдзæгимæ лæбу-рын байдайы!
– Æмæ-иу сæрыл æвиппайды аг æркæн.
Дыккаг бон та сæмбæлдысты дыуувæ лæджы. Æмæ зонд чи бацамыдта, уый иннæйы фæрсы:
– Цæй, куыд у?
– Уæллæй, иттæг хорз æрхъуыды кодтай! Аг мæ усы сæрыл куы æрфæлдæхтон, уæд ницыуал уыдта æмæ фæстагмæ æрсабыр!

* * *

Ахуыргæндтæ раргом кодтой ног ген, коррупцийы хъуыд-дæгтæ йæ бæрны кæмæн сты, ахæм. Куыд рабæрæг, афтæмæй, уый у генпрокурор.

* * *

Сылгоймаг бацыд афтекмæ æмæ фæрсы нæлгоймаг афтекгæсы:
– Марг уæм ис?
– Æмæ дæ цæмæн хъæуы?
– Мæ мойæн æй бадарон.
– Нæ дын ратдзынæн, хорз ус, марг.
Уæд сылгоймаг йæ хызынмæ нывнæлдта æмæ дзы систа къам: йæ лæг æмæ афтечы хицауы ус «бæгъдулæг кæнынц», афтæмæй сæ чидæр систа. Афтечы хицау къам куы ауыдта, уæд æвиппайды афтæ:
– А-а, рецепт дæм куы ис... Уæд æй раздæр цæуылнæ равды-стай?..
Æмæ ус цы агуырдта, уый йæ къухы бафтыд.

# «МАХ ДУГ» 2016 АЗЫ НЫММЫХУЫР КОДТА:

## ÆЛБОРТЫ БАРЫСБИ: 130 АЗЫ

*ÆЛБОРТЫ Барысби.* **Фольклорон уацмыстæ.** IX, 8.

## ДЗАБОЛАТЫ ХАЗБИ: 85 АЗЫ

*ДЗАБОЛАТЫ Хазби.* **Саст æрдыны хъарæг.** Æмдзæвгæтæ. IV, 24.

## КАЛОТЫ ХАЗБИ: 95 АЗЫ

**Поэттæ Хазбийы тыххæй.** VII, 7.

## КЪОДОТЫ АЛЬБЕРТ: 60 АЗЫ

*КЪОДОТЫ Альберт.* **Æрдзы цæссыгтæ.** Æмдзæвгæтæ. II, 33.

## МАЛИТИ ГЕУÆРГИ: 130 АНЗИ

**Геуæргийы тыххæй дзурынц.** X, 6.
*АБАЙТЫ Вассо, ДЗАГУЫРТЫ Гуыбады, ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандр, ДЗУЦЦАТЫ Хадзы-Мурат, ХЪОДЗАТЫ Æхсар, ХОДЫ Камал, ДЖЫККАЙТЫ Шамил*
*МАЛИТИ Геуæрги.* **Æмдзæвгитæ.** X, 15.

## НИГЕР: 120 АЗЫ

**Нигеры тыххæй дзурынц.** XI, 7.
*НИГЕР.* **Æмдзæвгæтæ, скъуыддзæгтæ уацтæй.** XI, 10.

## РОМЕН РОЛЛАН: 150 АЗЫ

*РОМЕН Роллан.* **Цитатæтæ, афоризмтæ.** I, 77.

## СЕЧЪЫНАТЫ ЛАДЕМЫР: 95 АЗЫ

*СЕЧЪЫНАТЫ Ладемыр.* **Дзылар.** Радзырд. IV, 36.

## ТУГЪАНТЫ БАТЫРБЕГ: 150 АЗЫ

*ТУГЪАНТЫ Батырбег.* **Æгъдаумæ гæсгæ.** Радзырд. VII, 73.

## ХОДЫ КАМАЛ: 75 АЗЫ

*ХОДЫ Камал.* **Æмдзæвгæтæ, тæлмацтæ.** I, 7.

## ХОЗИТЫ ЯКОВ: 100 АЗЫ

*ХОЗИТЫ Яков.* **Æмдзæвгæтæ, тæлмац.** II, 7.

## ХОХОЙТИ ЭНВЕР: 60 АНЗИ

*ХОХОЙТИ Энвер.* **Уоди арт.** Æмдзæвгитæ. V, 73.

## ХЪАЙТМАЗТЫ АСЛÆМЫРЗÆ: 150 АЗЫ

*ХЪАЙТМАЗТЫ Аслæмырзæ.* **Уацмыстæ.** IV, 7.

## ЦÆГÆРАТЫ МАКСИМ: 100 АЗЫ

*ЦÆГÆРАТЫ Максим.* **Арты цæхæртæ.** Радзырд. VI, 7.

## ЧЕХОЙТЫ СÆРÆБИ: 100 АЗЫ

*ДЗАСОХТЫ Музафер.* **Разныхас.** Цыбыртæгондæй. XII, 7.
*ЧЕХОЙТЫ Сæрæби.* **Æмдзæвгæтæ.** XII, 9.

## ДЖЕМАЛДИН ЯНДИЕВ: 100 АЗЫ

*Джемалдин ЯНДИЕВ.* **Уалдзæджы сидт.** Æмдзæвгæтæ. VI, 63.

## ПОЭЗИ

*АБАЙТЫ Эдуард.* **Кæнын дæ разы зоныг.** Æмдзæвгæтæ. IV, 50.
*ÆЛБОРТЫ Беллæ.* **Хуры æнгæс дидинæг.** Æмдзæвгæтæ. III, 83; **Царды ныфсæй.** Æмдзæвгæтæ. XII, 97.
*ÆЛБОРТЫ Петр.* **Фæндаг мын амыдта рæстдзинад.** Æмдзæвгæтæ. XI, 90.
*БАБОЧИТИ Руслан.* **Зæрди таустæ.** Æмдзæвгитæ. VIII, 62.
*БИАЗЫРТЫ Кромвел.* **Касти мæ фæстæ хур.** Æмдзæвгæтæ. IX, 46.
*БЫРНАЦТЫ Барон.* **Мæ зынджы хай.** Æмдзæвгæтæ. I, 70; **Уарзты рубаитæ.** X, 91.
*ГАГЛОЙТЫ Толик.* **Рох амонд.** Æмдзæвгæтæ. V, 90.
*ГОДЖЫЦАТЫ Нелли.* **Мæ хурæн нæй ныгуылæн.** Æмдзæвгæтæ. III, 8; **Ивгъуыды æндæргтæ.** Æмдзæвгæтæ. V, 5.
*ДЫГЪУЫЗТЫ Тенгиз.* **Табуйаг ном.** Æмдзæвгæтæ. **II,** 59; **Мæ уды æрхæндæг.** Æмдзæвгæтæ. XII, 99.
*КОКАЙТЫ Аслан.* **Дыууæ æмдзæвгæйы.** IX, 73.

*КОКОЙТЫ Эльзæ.* **Мæ уды бæллицтæ.** Æмдзæвгæтæ. III, 32; **Æгъуыссæг æхсæвтæ.** Æмдзæвгæтæ. XI, 36.
*КЪИБИРТИ Амурхан.* **Царди игурæн.** Æмдзæвгитæ. VI, 30.
*МИНДИАШВИЛИ Серго.* **Мæ табуйæгтæ.** Æмдзæвгæтæ. XI, 22.
*РÆМОНТЫ Геор.* **Урс æлхысчъытæ.** Æмдзæвгæтæ. VIII, 20.
**Сылгоймаг. Уарзондзинад.** III, 5.
*ТЕДЕТЫ Ефим.* **Мæнæн у ерыс амонды фæрæз.** Æмдзæвгæтæ. IX, 15.
*ХЪÆЦМÆЗТЫ Азæ.* **Дыууæ æмдзæвгæйы.** I, 74; **Æртæ æмдзæвгæйы.** XII, 95.
*ХЪОДЗАТЫ Æхсар.* **Боны хорзмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ.** Æмдзæвгæтæ. I, 49; **Рагбонты зарæг.** Æмдзæвгæтæ. X, 67.

## ПРОЗÆ

*АГЪНАТЫ Гæстæн.* **Æцæг ирон кæнæ Хъусы нуазæн.** Памфлет. V, 79.
*БИЦЪОТЫ Гриш.* **Ставд-Дуртæ.** Документалон уацау. Дарддæр. V, 9; XII, 15.
*БУТАТЫ-ХЕСТАНТЫ Победæ.* **Этюдтæ.** II, 65.
*БЫЗЫККАТЫ Земфирæ.* **Новеллæтæ.** VIII, 69.
*ГАПБАТЫ Алетæ.* **Куы – худæг, куы – дудæг.** III, 14.
*ГУСАЛТЫ Барис.* **Стæмтæй иу.** Цардвæндаджы уацау. IX, 20;
*ДАУЫРАТЫ Дамир.* **Рухсы тæппытæ.** Мысинæгтæ. **II**, 11; **Фæсном.** Уацау цыбыртæгондæй. VII, 16; **Æцæг хабæрттæ.** XI, 25.
*МАМИАТЫ Таймураз.* **Номдзыд Хъарадзау.** VI, 40.
*СКИФИРОН.* **Дамбаца.** Радзырд. IX, 53.
*ТОМАЙТЫ Шамил.* **Æцæг цаутæ.** I, 18.
*ТОХСЫРТЫ Къоста.* **Æнæрæнцойæ хъуыдыгæнæг.** Сатирикон радзырд. II, 67.
*ХУЫГАТЫ Сергей.* **Лекъаг радзырдтæ.** IX, 75; Кæрон. X, 20.
*ХУЫБЕЦТЫ Олег.* **Этюдтæ.** IV, 78.
*ХЪАЗИТЫ Мелитон.* **Чырыстийы фæдзæхст.** Новеллæтæ. II, 40; Кæрон. III, 36.
*ЦГЪОЙТЫ Хазби.* **Дыууæ радзырды.** IV, 61.
*ЦОМАРТАТЫ Изæтбег.* **Дыууæ радзырды.** VIII, 23.
*ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат.* **Прозæйæ фыст æмдзæвгæтæ.** IV, 74; **Дыууæ радзырды.** X, 79.

## ПУБЛИЦИСТИКÆ

*ХЪОДАЛАТЫ Ханысиат.* **Кæд фысгæ, уæд – æргомæй.** VI, 89.

## НОГ НОМ

*АБУ ХАСАН Лайла.* **Æмдзæвгæтæ, новеллæ.** X, 87.

*ÆЛБОРТЫ Петр, ГАДЖИТЫ Барис, НОГЪАЙТЫ Хазби, САСИАТЫ Ислам, ТОХСЫРТЫ Къоста.* **Æмдзæвгæтæ.** VII, 64.
*КАСАТЫ Аслæнбег.* **Нывæй-нывмæ. I,** 61.
*ХОЗИТЫ Агуындæ.* **Мæ райгуырæн бæстæ.** *Æмдзæвгæ.* VII, 63.

## АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

**Махараты æфсымæртæ.** I, 82.

## ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

*ХЕКЪИЛАТЫ Цæразон.* **Мæнæн та арвæй зæххы 'хсæн – сымах.** Интервью. I, 87.

## УИДÆГТÆ

*БЯЗЫРТЫ Алыксандр.* **Кадæггæнджытæ Андиаты Тебæ æмæ Барис.** IX, 101.
**Выдержки из статьи Махарбека Туганова «Новое о Нартовском эпосе».** IX, 106.
*ГУСАЛТЫ Барис.* **Кусарт æмæ йе 'гъдау.** VII, 87.
*ПЛИТЫ Муссæ.* **Бæхы дзаумæтты терминологи.** Уац. XI, 96.
**Хуымæллæджы съезд (1918 аз).** VIII, 102.

## НОГ ТÆЛМАЦТÆ

*Фазиль ИСКАНДЕР.* **Уæрæсейыл хъуыдыгæнæг æмæ америкаг.** XII, 105.
*Муса АХМАДОВ.* **Радзырдтæ.** XI, 41.
**Хæдтæхгæ нау.** Украинаг аргъау. VIII, 73.

## ЦАРДЫ ЗИЛДУХÆНТЫ

*РУБАЙТЫ Барис.* **Йæ цырт йæхæдæг сæфтыдта.** XII, 110.

## ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

*АЙЛАРТЫ Измаил.* **Куыстуарзонæй – рæстаудæн. Сыхæгтæ.** Очерк æмæ æмбисонд. VIII, 116.
*ÆГЪУЫЗАРТЫ Æхсарбег.* **Ныхас дардыл цæуы, фæлæ...** Радзырд. V, 119.
*БАСИТЫ Михал.* **Дурын къæппæджы.** Радзырд. IV, 118.
*БУКУЫЛТЫ Алыкси.* **Фаризæт.** Радзырд. II, 117.
*ДЕГЪУАТЫ Соня.* **Ныгуылд хуры тын.** Радзырд. III, 118.
*ДЖУСОЙТЫ Нафи.* **Урс нымæт.** Хохаг таурæгъ. IX, 122.
*МÆРЗОЙТЫ Сергей.* **Мæ сæфт хуры хай.** Радзырд. X, 104.

*НАРТЫХТЫ Михал.* **Цыбыр радзырдтæ.** XI, 122.
*СЕЧЪЫНАТЫ Ладемыр.* **Поезд анкъуысыд.** Радзырд. VI, 114.
*ХЪАЙТТАТЫ Сергей.* **Цыбыр хабæрттæ тохы бонтæй.** I, 106.
*ХЪАЙТЫХЪТЫ Азæмæт.* **Фыдохы арт.** VII, 121.

## ÆВЗАГ – НАЦИЙЫ ФАРН

**Цæгат Кавказы фысджытæ ‘взаджы хъысмæты тыххæй.** III, 113.

## НÆ ФЫДÆЛТЫ ЦАРДÆЙ

**Лæгæй-лæгмæ тох.** Æцæг хабар. V, 94.

## РÆСТÆГ – РÆСТÆВЗАРÆН

*БЕТРОЗТЫ Майрæм.* **Хæрзгæнæг.** VII, 108.

## ИРЫ ХÆРЗГÆНДЖЫТÆ

*МÆХÆМÆТТЫ Æхсарбег.* **Даниил Чонкадзе – ирон культурæйæ кусæг.** Уац. XI, 112.

## ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

**ÆК(б)П-йы Цæгат Ирыстоны обкомы фæндзæм пленум.** IV, 107.
*БАГАТЫ Никъала.* **Ирон æвзагзонынады фарстаты тыххæй наукон конференцийы.** VII, 114.
*БРЫТЪИАТЫ Созырыхъо.* **Ирон адæмон сфæлдыстады тыххæй.** X, 95.
**Ирон æвзагзонынады фарстаты тыххæй наукон конференцийы.** VI, 107.
**Зианхæссæг чиныг.** Уац. V, 109.
**Ноджыдæр марризмы иу фæлтæрæн.** Уац. XI, 118.
**Стихи вне времени.** XII, 124.
**В. П. Сухотины уац.** VIII, 109.

## СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ

*ГАДЖИТЫ Георги.* **Дзараты мæсыг.** Таурæгъ. IX, 94.
*ДЗЕСТЫ Куыдзæг.* **Чысыл радзырдтæ.** VIII, 5.
*МАМСЫРАТЫ Дæбе.* **Ирон æвзагзонынады иуæй-иу фарстатæ.** Уац. XI, 93.

## МАХ ДУДЖЫ РАВДЫСТ

I, 99; II, 73 – *Ирон дзырдаивады дæснытæ*; III, 100 – *Еленæ Кизиловайы* куыстытæ; IV, 97 – *Лоренцо Дюраны* куыстытæ; V, 99 – *Хъуылымбегты Михалы* куыстытæ; VI, 92 – Хетæггаты Хъазыбеджы куыстытæ; VII, 96 – *Евгени Лансерейы* куыстытæ; VIII, 83 – Канадæйаг нывгæнджытæ

*Андреас Кунерт* æмæ *Наоми Зеттлы* мозаикон композицитæ; IX, 108 – Бæсты фидауц – сылгоймаг ; XI, 103 – *Дзоддзоты Аннæйы куыстытæ;* XII, 115 – *Къамтæ ист сты чиныг «Фотографы и фотографические ателье Владикавказа».*

## ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

*МАМИАТЫ Изетæ.* **Дзаболаты Хазбийы иу поэтикон фæлгонцы тыххæй.** VIII, 98.
*МЗОКТЫ Аслæнбег.* **Ахадгæ иртасæн куыст.** IX, 117.

## НÆ РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ

*АЙЛАРТЫ Измаил.* **Арсæгты Горгайы фæстаг зарæг. II,** 79.
*БАГАТЫ Аврам.* **Агысайы хæстон фæндæгтæ. II,** 109; **Фæллойы Хъæбатыр.** VII, 80.
*ГУЛЬЧЕТИ Епо.* **Арсæгти Горгай зар. II,** 93.
*ХЪУЫСАТЫ Генри.* **Заманхъуйлаг хъæбатыр. II,** 95.
*ХОЗИТЫ Петр.* **Бичерахты æфсымæртæ: Ирыстоны знæгтæ æви хæрзгæнджытæ?** III, 86; **Уалыты Владимиры æрттивгæ стъалы.** IV, 84.

## УÆЛАХИЗДЗАУТÆ

*ТАУТИАТЫ-ПСХАЦЪÆТЫ Лидæ.* **Таутиаты зынгхуыст хæстонтæ.** VI, 80.
*ХЕКЪИЛАТЫ Цæразон.* **Дард хæсты хæстæг уынæр.** VI, 71.

## АРВИСТОН

I, 133; II, 134; IV, 133; V, 131; VI, 132; VII, 133; VIII, 130; IX, 132. X,116; XI, 134; XII, 128.

## ТÆФÆРФÆС

**ХЪАЙТЫХЪТЫ Азæмæт.** VI, 142.

## УÆЛÆМХАСÆН

*Михаил СИНЕЛЬНИКОВ.* **Стихотворения и переводы.** X, 127.
*Юрий РОСТ.* **Лазарь Гадаев – друг Пушкина.** IV, 114.

* * *


*Шеф-редактор* *Ирида КОДЗАТИ*
*Корректор* *Заира КАРАЦЕВА*
*Дизайн* *Залина ГУРИЕВА*
*Компьютерный набор* *Марина КИРГУЕВА*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00107 от 10 декабря 2014 г.

Журналы цы ӕрмӕг рацӕуа, уымӕй ӕндӕр мыхуырон оргӕн куы пайда кӕна,
уӕд хъуамӕ амынд уа, «Мах дуг»-ӕй ист кӕй у, уый.

*Журналмӕ цы къухфыстытӕ цӕуы, уыдон редакци рецензи нӕ кӕны,*
*стӕй сӕ автортӕн фӕстӕмӕ нӕ дӕтты.*

Учредитель и *издатель*:
Министерство культуры РСО-Алания.
362040. г. *Владикавказ, ул. Джанаева, 20.*

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64; зам. гл. редактора, отдел прозы – 25-20-52;*
*отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.*

Подписано к печати 20.11.16. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1.
Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27.
Тираж 1100 экз. Заказ № 676. Цена свободная.
Выход из печати 30 декабря 2016 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.






Индекс 73247